15. Raja lalu pergi ke Pati. Setibanya di sana, dipanggillah para bala yang tersisa. Setelah semua menghadap raja, raja lalu berkata lembut, "Aduh. . abdiku seluruh orang Pati, mendekatlah semua,

16. siapakah gerangan nama kalian!?. Jawabnya, "Han ba Sutawanengpati, kedua Sambapradan, ketiga Rujakbeling, keempat Patih Sumerja dan seluruh tamtama". Sang Raja berkata manis:

17. "Hai. . para prajurit semua, sebaiknya kalian tunduk kepadaku, nanti aku naikkan kedudukanmu, yang sepuluh menjadi duapuluh sedangkan yang seratus aku anugerahi dua ratus". Para bala semua menolak, sebab akan mengikuti jejak rajanya.

18. Sang Raja segera menarik kerisnya. Meskipun mereka ditombak, ditikam maupun ditembak, namun tidak ada yang mempan. Agar supaya cepat mati mengikuti jejak rajanya, mereka berkata demikianlah perkataannya,

19. Sutawanengpati katanya, "Hamba dapat mati, jikalau hamba direndamkan dalam air", Wanenggita katanya, "Hamba dapat mati, bila hamba dipegang kemudian diangkat lalu dibanting",

20. Sambapradan katanya, "Hamba bisa mati, jika disruduk oleh sapi", Sambanipis katanya, "Hamba dapat mati bila dimasukkan ke tong". Sang Raja lalu memerintahkan agar membunuh mereka yang akan mengikuti jejak rajanya, sebab tak mau diperlakukan baik.

21. Demikianlah semua sudah mati, dan kematiannya bermacam-macam. Setelah pekerjaan tersebut selesai, ada seorang abdi memberitahukan bahwa di dalam mesjid masih ada orang yang sedang tafakur. Raja segera turun menuju ke mesjid. Di situ raja melihat

22. sungguh-sungguh ada orang yang sedang tafakur di dalam mesjid, sambil memukul terbangnya, sedangkan di sandingnya ada keris dan tombak. Raja bertanya, "Siapakah namamu?". Yang ditanya menghaturkan bakti,

23. "Hamba adalah Pangeran Arya Penjaringan, iparnya Dipati Pati. Adapun sebabnya hamba tafakur di sini, karena hamba tak berniat perang, melainkan hamba sungguh-sungguh bermaksud akan naik haji", Sri Raja berkata, "Mengapa engkau tidak menasihati,

24. sedangkan engkau saudara tuanya. Dan apa sebab tidak ikut perang!". Yang ditanya berkata, "Hamba tidak mengetahui niat adik hamba, sungguh-sungguh hamba berniat akan naik haji.

25. Sudah lama hamba tafakur di dalam mesjid, tak turut memerintah negara". Raja berkata manis, "Coba periksalah tubuhnya, apakah nyata dia tafakur!". Akhirnya bajunya dibuka lalu terlihat ada luka bekas senjata satu buah.

26. "Aduh. . paduka itu ada tanda di punggungnya, luka bekas panah satu buah. Itu bekasnya masih kelihatan!". Raja berseru, "Jika demikian tidak betul katamu kanda, sebab terlihat ada bekas panah. Lagipula kau menyanding keras,

27. parang, kampak dan tombak. Semua itu adalah peralatan orang berperang!". Pangeran Arya Penjaringan berkata, "Maafkanlah. . paduka, karena hamba merasa takut. Dan sebenarnya

adik paduka itu tak berniat perang, hanya melayani permintaan paduka raja”.

28. ”Bila demikian kakanda, sepeninggalnya adik Dipati maka sepatutnya padukalah yang menggantikan Adipati Pati, sedangkan Patih Sumerja yang menjadi patih ayahnya sendiri.

29. Dan lagi hamba ingin bertanya, di manakah Uwa Penjawi?”. Pangeran Arya Penjaringan berkata, (paman) ”Ayah paduka telah meninggal”. Di manakah kuburannya?”. Yang ditanya berkata: ”Dimakamkan di desa Sani”,

30. sesungguhnya Arya Penjaringan berdusta, padahal dimakamkan di Parenggatang, Oleh karena dia sudah dipesan agar supaya kuburannya jangan sampai diberitahukan kepada raja. Setelah itu raja kemudian keluar

31. dari tempat sembahyang, diiringi oleh Pangeran Arya bersama putranya, akan masuk ke keraton memeriksa keadaan di dalamnya. Di situ dijumpai saudara perempuannya telah mati kena keris. Demikian pula putra serta selir juga mati.

XXIX

1. Sang Raja lalu melihat saudaranya yaitu istri Dipati yang mati tergeletak di pembaringan bersama-sama dengan putranya. Di lambungnya terdapat luka kena keris.

2. Yang mati tersebut semuanya luka kena keris. Raja merasa terenyuh dan tidak tega melihat sang putri. Kemudian saudara perempuannya itu dipeluknya, ”Aduh. . adinda saudaraku,

3. mengapa semua mati, siapakah yang membunuh. Apakah engkau mengikuti jejak suamimu, cinta sekali kau dinda sehingga lebih baik engkau mati!!”.

4. Ketika itu ada seorang abdi perempuan yang memberitahukan kepada raja, ”Yang membunuh mereka adalah Sutawanengpati, karena mendapat perintah dari Dipati, agar supaya jangan sampai diboyong”.

5. Pada waktu mendengarkan perkataannya tersebut, Raja sangat tertegun, ”Aduh. . aduh adikku Dipati, apakah sebabnya

engkau memusnahkan anak dan istrimu, sepertinya engkau dendam sekali!!”.

6. Sang Raja segera pergi ke belakang, memeriksa dalam keraton. Raja lalu mengetahui bahwa adiknya Adipati sungguh-sungguh tidak berniat perang,

7. sebab semua pusakanya yaitu tombak dan keris masih ada di peti, tidak ada yang dibuka batang tombak dan kerisnya tersebut. Itu tandanya tak berniat perang.

8. Lagi pula adiknya belum menghitamkan giginya. Karena perkataannya Ki Gede Jambeyan dan Plangitan bohong

9. dan tidak dapat dipercaya, raja berkeyakinan mereka ingin menggeser kedudukan adiknya. Itu sungguh-sungguh dosa besar.

10. Kedua orang itu lalu dipanggil oleh Raja. Setelah Ki Jambeyan dan Plangitan berada di hadapannya segera dibunuh, ”Mengapa kelakuanmu itu rusuh,

11. adik Pati tak berniat perang namun kau katakan sudah berlatih perang. Sedangkan tombak dan kerisnya tidak dibuka, hal itu menandakan kau berdusta. Rasakanlah kalian berdua,

12. keturunanmu besok tidak ada yang enak. Orang Jambeyan tak ada yang jaya lagi dan kemulyaanmu tidak langgeng!!”. Sesudahnya raja lalu berkata perlahan,

13. agar supaya mayat istrinya Dipati, berserta selir, anak dan para bala yang turut serta mati, diperintahkan dikubur menjadi satu

14. di Sani di pemakaman Dipati. Dan kelak akan diboyong ke negeri Mataram. Setelah itu Raja kembali ke kerajaannya

15. di negeri Mataram. Semua harta-benda tak ada yang diambil, akan tetapi diberikan kepada saudaranya yaitu Pangeran Arya Penjarangan yang telah menggantikan Dipati,

16. dan Patih Raden Sumerja tadi. Mereka lalu menghaturkan sembah bakti. ”Aduh. . kakanda selamat tinggal, hamba memohon diri akan kembali ke keraton”.

17. Raja sudah berangkat bersama-sama dengan semua balanya. Para bala yang berjalan berlimpah-ruah itu sangat indah ke-

lihatannya. Alat bunyi-bunyian berbunyi ramai, menandakan bahwa menang dalam medan peperangan.

18. Tidak diceritakan kisah kembalinya raja. Mengulangi kembali cerita yang berniat akan mengungsi, yang sudah disebutkan di bagian muka. Tersebutlah putranya sang Dipati yang telah dibawa pergi jauh

19. oleh abdi Sutowanengraga, sekarang telah masuk ke gua bertapa. Gua itu adalah pertapaannya Dipati dulu. Adapun kehendaknya yang mengasuh itu

20. adalah agar yang satu ini hidup dan kelak dapat meneruskan keturunannya. Demikianlah mereka sudah masuk ke gua di dalam tanah. Setiap harinya anak itu digendong

21. dan sangat dimanjakan. Diceritakan Sang Dipati sudah mati, yang tinggal hanya putranya Raden Janaka. Raden Janaka itu bila keluar selalu gugup, keinginannya bersembunyi saja, sehingga seakan-akan menyerupai anak bodoh.

22. Dan bila berjalan semaunya tanpa tujuan, sungguh-sungguh seperti anak bodoh. Demikianlah dia sudah terlanjur bodoh, sebab sejak kecil diajak bertapa. Lama-kelamaan lalu tinggal

23. di jembatan desa Tayu namanya. Banyak tukang jualan yang memberinya bekal, sedangkan bila dagangannya laris mereka lalu bernazar memberikan sesaji kepada Jaka Bodho.

24. Bila dia ditanya, "Raden siapakah namamu?", jawabnya, "Aku Kyai Suta Bodho". Demikianlah jawabnya tidak lain, "Iya, aku embah Suta". Lama-kelamaan dia termasyur,

25. banyak orang yang mengunjungi serta bernazar ke Raden Kyai Suta Bodho di jembatan desa Tayu. Anak tersebut sangat tajam penglihatannya, sebab belum dikatakan sudah tahu.

26. Segala apapun pertanyaannya, Kyai Suta pasti mengetahui, sehingga banyak orang berdatangan memberikan makanan, uang dan kembang sampai bertumpuk-tumpuk.

27. Raden Jaka Bodho sudah termasyur di tempat-tempat lain. Setelah dua tahun lamanya, anak tersebut lalu hilang. Raden Janaka itu sesungguhnya sudah memasukkan jim dan akhirnya menjadi jim pula.

28. Kemudian dia pindah ke Clering, di sebuah gunung sepi yang didiami. Banyak para jim yang turut mengabdikan kepadanya, akhirnya dia menjadi Raja Jim.

29. Bagi yang merajakannya, banyak yang menamainya Kyai Suta Bodho. Sesungguhnya Raden ini tapa, akan tetapi kemudian salah kejadiannya.

30. Seperginya, manusia tidak ada yang mengetahui lagi, dia sudah berkeliaran seperti jim. Peri-peri, orang halus, setan Roban, dan mandalika berkumpul mengikutinya.

31. Di Jepara itulah tempat yang sering dikunjungi. Apabila ada orang yang bersedih hati, sebut saja nama Kyai Suta, maka segala yang diinginkan terwujud. Dengan memberi sesajen: buah pinang, sirih,

32. kelapa muda, tidak lupa candu, cengkaruk, tikar baru, kendi besar dan setiap hari Jumat membakar kemenyan, maka Ki Suta pasti datang.

33. Hal seperti itu tidak benar jadinya, sebab menduakan nama Tuhan. Janganlah sekali-kali engkau mengikuti perbuatan yang tidak baik itu, arena seakan-akan ingkar kepada Tuhan.

34. Akan tetapi banyak nelayan membakar kemenyan untuk Ki Suta yang berada di sebuah gunung di Clering, sebab mereka percaya yaitu bila berlayar kelak tidak akan terganggu, ombak besar jadi jauh.

35. Memang sudah menjadi kehendak Tuhan, orang-orang yang terpengaruh dengan pendapat yang tidak baik itu serta turut musrik, sungguh-sungguh tidak akan menjumpai keselamatan.

36. Tamat sudah kisah yang telah diuraikan dalam bentuk puisi tersebut, yang disusun dalam tahun 1925.

----- T A M A T -----

Serat
BABAD PATI

PURWAKA

Sampun ragi sawatawis laminipun, anggen kula gadhah sedya badhe mangun serat punika, ewadene tansah mangu-mangu kandheg ing niat kemawon, ngantos saweg samangke sedya wau saweg kaleksanan, ambabaraken serat babad punika.

Menggah yektinipun, Serat Babad Pati punika, ugi dados panunggilanipun serat kina pusakanipun bangsa kita Jawi. Dene ngantos samangke saweg dipun babar punika saking sampun awis ingkang sami ngrimat, mila saupami ngantos katalompen, boten sande yen badhe kecalan lari, ingkang ateges kapitunan ageng tumrap bangsa kita piyambak. Dene lajeng boten saged nyumerepi cecariyosaning leluhuripun, ingkang kenging kangge sarana ambuka sintruning bebuden ingkang ketalip. Punapa malih kenging kangge pepiridan utawi ancer-ancer ngiyataken raos kejawen kita ingkang taksih murni, liripun ingkang dereng kecampuran saking iketan utawi raos sanes, inggih punika saking liyan bangsa.

Mila murih sampun katiwar malih, malah sageda sumebar dados waosanipun bangsa kita, nempuh byat kula wangun dhapur serat waosan lumrah, sinawung sekar macapat.

Sedaya cecariyosan ingkang kasebut ing serat punika taksih kathah patilasanipun, sarta dipun luluri utawi dados panyadranan, kados dene ingkang kalimrah bangsa kita Jawi.

Ing wasana minangka panutuping atur pambagya kula, bok-bilih wonten kuciwanipun, para nupiksa mugi sampun kirang samodra pangaksama dhumateng kula kekalih.

Kaserat ing : Gemolong (Sragen),
Pati (Semarang)

kaping 1 Januari 1925

K.M. Sosrosumarto
S. Dibyosudiro

1. ASMARADANA

1. Kasmaran kang murweng rawi, kawahya wuryaning mangsa, duk ing Sengara jamane, ingaranan Kalajangka, anane Pulo Jawa, taksih kathah ingkang suwung, akeh wana bebondhotan.

2. Babaring kata rinawi, winangun dhapur carita, angluluri leluhure, purwaning dumadya praja, Pasantenan winarna*), mungguh kala babadipun, kadya ingkang rinancaka.

3. Panggusthining ponang rawi, ing kina sampun kinarya, samangkya winangun maneh, amba kadwi mudha-dama, Sosrosumarto muwah, Dibyosudiro sinebut, kasmaran mring laksitarja.

4. Mrih pinet ingkang palupi, lepiyan luwanging kuna, pusakaning leluhure, mrih tan limut kataliban, lajering bangsa Jawa, supadya pra anak-putu, trah tumerah bangkit wikan.

5. Wuryaning gitaya di, rinobing pudyatungkara, pahargyan punapa dene, sesanti pamintaksama, kaswaring pra nupiksa, paringa aksamanipun, yen wonten lepat kawula.

6. Mawardawa sastra lungit, galap gangsuling lukita, sawegung ingkang kawiyos, lumebering palimarma, panitra kadwinira, ing sastra pinggingipun, myang lungiding kasusastran.

7. Tangah datan amapaki, kawignyaning santyawara, miwah prakridheng sastrane, lowung kalamun tinimbang, katiwar crita tama, kenging pinrih maksudipun, pandam-pandaming tyang Jawi.

8. Kocapa ingkang winarni, nagari Paranggarudha, gunung Sedhaku yektine, nagari gemah raharja, keringan manca praja. Sang dipati asmanipun, Yujopati kang panengran.

9. Tuhu gagah dhasar sekti, digdaya amandraguna kaloka manca prajane, darbe putra mung sajuga, dahat dinamadama, sinung aran Raden Bagus, Menak Jasari winarna.

10. Den ugung sakarseneki, ginadhang gumantyang rama. Cinandra wau warnane, gulu dhengkek tangan dawa, suku gathik malengkar, cakarwa darijinipun, burike tan mawa sela.

*) Nagari Pasantenan punika, dumunung sawetanipun kitha Pati sapunika.

11. Angagem jamang tinepi, sesumping ginubah retna, ulur-ulur bebadhonge, kelat bau kebo menggah, kampuh cindhe larangan, celana jingga sutra lus, umpal-umpal gelang emas.

12. Keroncong tinatah adi, adhuwung larap topengan, rangka ladrang ukirane retna boman kinapitan. Kang myarsa samya Meram, birahine Raden bagus, Dyan Menak Jasari ika.

13. Mangkana ta Ki Dipati, Yujopati siniwaka, sru penuh wadya balane, kang putra sumiweng ngarsa, dyan tinari mring rama: "Dhuh kulup Menak sireku, karsengsun nuli kramaa".

14. Kang putra umatur: "Inggih, punapa sakarsa tuan, pun patik muhung andherek". Kang rama kalangkung suka, kang putra tan lenggana, kapengin amomong putu, benjang sira gumantya.

15. Sang dipati ngandika ris, dhumateng patihira, Singapati jejuluke, panggedhe dhukuh Karopak: "Patih sira sun duta, sebaa marang wong agung, Sang Dipati Carangsoka.

16. Gawaa wadya sireki, amiliha kang prayoga, Gununglumut gul-agule, panggedhe Wotan lan dhanyang, Pelemkawat tumuta, apadene Jakadulu, matura yen ingsun duta,

17. Dhapur ngebun-ebun enjing. Salam bektiku aturna, yen panujweng karsane, wong agung ing Carangsoka, klawan kang garwa putra, ingsun adarbe panuwun, ngabdeken sutengsun priya,

18. Rahadyan Menak Jasari, dadia pamomongira, ing putranya sang lir sinom, Retna Dewi Nawangwulan. Prabot iki aturna, dadia telesanipun, mangsa borong aturira."

19. Tur sembah rekyana Patih, lumengser saking ngayunan. Tan winarna ing lampahe, wus prapta ing Carangsoka. Semana kang winarna, nagri Carangsoka nuju, Radyan Puspa Andungjaya,

20. Pepeke ingadhep pra mantri, punggawanira samya, pariwara panganjure, ing ngarsa pepatihira, ngiras pandadya jaksa, panggedhe Nguren puniku, Singapadu aranira,

21. Kang mangka manggayeng jurit, Sondangkertiwedariku, wong tatag tur trangginase, alimpat pasang weweka, digdaya mandraguna, mila aran Sondong wau, gegendhug manca desa.

22. Keringan sesami-sami, tan ana wani mungsuha. Sondongwedari teguhe, darbe kadang nunggil toya, sami digdayanira, nama **Raden Sondang Majruk**, kekalih samya sektinya.

23. Wismanira wetan kali, Sondangwedari punika, sabrang kulonan wismane, kabawah ing Carangsoka, mila tumut aseba. Pepek andher mungging ngayun, wingkinge pra mantri desa.

24. Kawarna Rekyana Patih, panggedhe desa Kropak, tandya sumiweng ngarsane, wus matur salwir dinuta, Wong agung Carangsoka. Nuli bibaran sampun, awewarta mring garwanya.

25. Retna ayu ni mbok Sari, kalawan putra sang retna, Nawangwulan kang tinaros: "Adhuh nini putraningwang, Nawangdhuh nimas, linamar putra wong agung, Dipati Paranggrudha.

26. Putranya namung sawiji, kang aran Josari radyan, kang sedya marang sirangger." Retna ayu tan ngandika, esmu merang kemengan, mila sang dyah maksih minggu, wit wonten ingkang kacipta.

27. Kapengin arsa udani, ing wartane ana dhalang, dahat kacaryan wartane, gong wayang lumaku pyambak, niyaga sami dhalang. Ki dhalang pan langkung bagus, sang retna ayun wuninga.

28. De dhalang langkung gawok kepati, kang aran si Sapanjana, dadi tembang kekidunge, sagung para wanita. "Dhuh rama atur kawula, benjang purun krama ulun, yen nanggap pun Sapanjana.

29. wonten dhalang neh-nganehi, wartose kaliwat-liwat, gong wayang lumaku dhewe, niyaga kadang wanodya, punika yen ang-sala, kinarya sasrahanipun, pangapit yen panganten ngarak.

30. Kalamun tan nyembadani, satuhu kula tan arsa, palastra sun aturake, nggih punika lamun boya, pangiring kyai dhalang, Sayekti milahur lampus, tan arsa ulun krama."

31. Sang dipati duk miyarsi, gegetun aturing putra, dene mireng ana dhalang neka-neka, niyaga sami kadang, gong wayang bisa lumaku, tan mawi binakta janma.

32. Kang rama manebda malih: "Dhuh nini sapa sung werta, teka sira wikan dene, ana dhalang Sapanjana, pan ingsun dereng wikan?". Sang Dyah ayu alon wuwus: "Pun cethi asung pawarta."

33. Kang rama lejar ing galih, duk myarsa aturing putra. Enjangira nulya miyos, pra wadya pepak ngayunan, kang duta tinimbalan. Dipati nulya dhedhawuh: "Singapati ing Karopak.

34. Matura mring sang dipati, panglamare sun tarima, nanging

ana palangane, pamintane putraningwang, ingkang calon pangan-tyan, Nawangwulan sang retna yu, nuwun tukon tetanggapan.

35. Pangarake nganten iki, pangiringe mawi wayang, Sapanyana dhedhalange, gong wayang lumakya pyambak, niyaga samya kadang, pawartane wus misuwur, nanging tan wrin wismanira."

36. Kya patih jenger tan angling, dene dereng manggih warta, dhalang Sapanyana nggone, puwara nulya pamitan, panangsang wus tinampan, nanging poma wekasingsun, tanpa dhalang wurung panggya.

37. Tur sembah anulya pamit, wus lengser saking ngayunan. Tan winarna ing lampahe, Paranggarudha wus prapta. Matur ing gustinira, wus katur sadayanipun, pamintanireng Kusuma.

38. Wong agung ing panti, anenggih Paranggarudha, nulya ngutus pra wadyane, angupaya ingkang dhalang, kang wasta Sapanyana, den kongsi bisa ketemu. Wong agung malih utusan.

39. Minta tulung mring mitreki, Yuyurumpung Kemaguhan, punika andel yudane, wong agung ing Kemaguhan, kawentar janapriya, dhugdheng sekti tur ateguh, tan pasah sisaning grenda.

40. Singabangsa patih neki, ing Metesih dhukuhira, sungkem mring Kemaguhane, bawahira pitung desa, gul-agul manca desa, pangedhe Tlagamajeku, Gagakpait kang anama.

41. Dhandhangwiring ing Ngeraci, kapetengan andel yuda, rahadyan Sondong Majruke, Banyaklodong pinituwa, yeku andel prakara. Kawarna sang Yuyurumpung, sembada lan dedegira.

42. Bathuk banyak alis miring, netra bunder cangkem amba, marenges irungnya pesek, kang sarira andembaga, barojol pun-dhakira, weteng bekel dhadha manuk, suku kencet ingkang kanan.

43. Semana nuju siniwi, pepak kang pra wadya bala, kesaru duta praptane, utusaning sang dipatya, wong agung Paranggrudha, minta tulung Yuyurumpung, ingutus ngupaya dhalang.

44. Dhalang barang araneke, anenggih pun Sapanyana, gong wayang lumaku dhewe, baguse dhalang kalintang, niyaga sami kadang, kinarya tukon ing besuk. Ngandika kaki Kemaguhan.

45. "Heh. . . heh Pak Bangsa sireki, apa weruh rupanira, si Sapanyana dhalange?". Singabangsa aturira: "Kula dereng wu-

ninga, ing pundi ta wismanipun, wasta dhalang Sapanyana.”

46. ”Lah bocah sira glis mulih, matura si kakang Grudha, sun rewang lurus dhalange!”. Kang duta tur sembah mentar. Warnanen Kemaguhan, andangu sang Yuyurumpung: Pak Bangsa mara matura.

47. Apa kabeh wus nekani, panggedhe ing sabrang wetan, apa ana ingkang mogok?”. Singabangsa aturira: ”Sadaya sami prapta, nanging juga tan kang purun, pun panggedhe ing Jambangan.

48. Punika boten anangkil, inggih ingkang apearab, Kudasuwengi namane, salaminya boya seba, mungkir mring Kemaguhan. Sadayane sampun sujud, punika tan purun seba.”

49. Yuyurumpung asru angling: ”Pagene sira binatang, tan gelis sira galendheng, aturena maringwang, bisane ingkun labrak, ingkun dugang lan sun jagur, ingkun banting aneng wisma.

50. Heh bocah jupuka aglis, jaranku pirantenana, Suwengi ingkun cekele?”. Kang kuda sampun samekta, Yuyurumpung gya budhal, ingiring wadyanireku, wus prapta aneng Jambangan.

51. Ing wisma Kudasuwengi, kinepung binaya mangap, binarisan mipit gebel. Yuyurumpung ngundang-undang: ”Heh. . . heh Pak Wengi sira, metua seba maring sun, ingkun ajak lurus dhalang.

52. Kang aran Sapanyaneki, lah age sira metua!”. Ki Kuda mangsuli age: ”Ana apa ingkun medal, tan arsa seba ingwang, marang sira Yuyurumpung, apa gawene sun medal!”.

53. Yuyurumpung ngucap bengis: ”Ya gene sira tan seba, apa ora ngrasa kowe, Jembangan kabawah mring wang, pagene datan seba, Sayekti pan nora patut. sira mirong kampuh jingga.”

54. Rahadyan Kudasawengi, pangucap semu duka: ”Nadyan bumi brang wetane, lamun ingkun nora arsa, Sapa kang bakal meksa, apa cacade wakingsun!”. Yuyurumpung wengis nyentak.

55. Ngatag Singabangsa patih: ”Si binatang tan rumangsa, glis cekelen si Cerewet, binatang si kurang ajar, datan kedhep maring wang!”. Singabangsa asru matur: ”Sayekti kawula ajrih.

56. Sampun malih kang nangsuli, kawula lamun puruna, mandar wingenane sore, anak amba estri minggat, pinanggih angawula, ngabdi dadi juru ngangu, dhumateng Suwengi radyan.

57. Muwah kula aningali, Rabiya selir paduka, tumut dados

jujur dange, dhumateng Suwengi radyan.” Yuyurumpung duk myarsa, janggirat sarwi ambekuh: ”Apa kene selir kurang.

58. Lah payo kepungen aglis, glandhangen sira keparat?!”. Gagakpait sru wuwuse, nguwh-uwuh sira radyan, Kadusuwengi sira: ”Yen lanang sira satuhu, payo metu bandayuda.

59. Papan jembar sapa sisip, sayektine glis lumajar, padha prawira kinaot, ywa andhelik kaya sira!!”. Kudasuwengi nabda: ”Becik sira padha mlebu, papan rupak bandayuda.

60. Sapa kalah gelis mati. Den enggal malebu sira, patut padha kemben kondhe!!”. Gagakpait duk miyarsa, sumbare den Jembangan, lir sinebit karnanipun, tan nedya ngunduri yuda.

II. DURMA

1. Gya narajang Gagakpait dhupak lawang, malebeng wisma aglis, tinampanan sigra, rame rok bandawala, jeg-jinejeg dhupak sami, padha prawira, Gagakpait binanting.

2. Wus binuwang tiba aneng jaban lawang, klumah tiba kwalik. Tangi anerajang, cinandhak gya binuwang, jenggelek anarik keris, awas tumingal: ”Kudaswengi sireki.

3. Nora wurung mati dening keris ingwang!”. Glis nyudhuk Gagakpait, pandene tan pasah, Rahadyan tuhu wira, Gagakpait tinempiling, gya kelayaban, lumajar sipat kuping.

4. Dyang Patih Singabangsa awas tumingal, cawet nerajang aglis. Rame campuh yuda, ganti banting andhupak. Singabangsa glis binanting, tandya binuwang, tibanira kajungkir.

5. Maju maju Singabangsa doh binuwang, sayekti tan kuwawi. Yuyurumpung nrajang. Arame yudanira, kalihnya padha sinekti, samya digdaya. Gantya banting-binanting.

6. Gantya keris nuli suduk-sinuduk, tan ana kang kalindhih. Siang prapteng asar, tan ana ingkang pasah, dangu-dangu yudaneke, saya karasa. Suwengi kalah tandhing.

7. Milanira rahadyan kang karepotan, yen nyudhuk tan mranani, kalah gedhe lawan, Yuyurumpung prakosa, mundur-mundur den tututi, pan arsa medal, lumumpat suku kering.

8. Tungkakira kasandhung ing angkul lawang. Rahadyan Ku-

dasuwengi, tibanira klumah, tinubruk tinindhihan, den tulungi kyana patih, pun Singabangsa, tanapi Gagakpait.

9. Dhandhangwiring ing Ngeraci melu nunggang. Suwengi den dhupaki, wus sungsun tumumpang, sarwi nguwuh ing rowang: "Age tangi age tangi". Nuli binanda, Yuyurumpung den taleni.

10. "Heh binatang lah kok ingwang kang binanda, uculana sun iki, godhinen keparat, pak Suwengi tumulya, ingsun aja kok taleni, padha binatang, si babi anak kucing!!".

11. Inguculan Yuyurumpung Kemaguhan, Kudasuwengi nuli binanda astanya, cinancang buntut kuda. Sinumbaran wanti-wanti: "Lah sira bangsat, trayoli anak belis.

12. Mara payo Suwengi sira malesa, tan wurung sira mati, ingsun pala sira, cinancang buntut kuda!!". Kang kuda gya den tumpaki, nulya sinendhal, kuda nyepak nyalenthik.

13. Dyan Kudasuwengi sinepak kalumah, tangi gineret, yen cedhak sinepak, yen adoh den galandhang. Dyan Suwengi sambat nangis: "Dhuh Kemaguhan, patenana sun iki!".

14. Yuyurumpung mangkana pangucapira: "Lah dalah iku genjik, nora betah lara, kaya wadon sesambat. Asdubilah si pak Wengi, dimen palastra", sarwi den cumethini.

15. Radyan Suwengi sesambat melas arsa: "Dhuh yayi ingsun mati, dhimas Singanyidra, kadange den siasat, kulaka pawarta, daganga kabar, mikata jejanturing.

16. Yen rakanta siniksa dipun pilara, apa ta nora ngimpi, kadange mlas arsa, angur baya matia!!". Yuyurumpung anahuri, sarwi anyentak: "Asdubilah si anjing.

17. Teka mewek cocotira kadi bocah, gebugen pak Bangsa glis!!". Raden pinilara, sesambat turut margi. Sigegen ingkang lumaris. Ganti kocapa, ya ta ingkang winarni.

18. Sira Dewi Manonsari ngarsa-arsa, wus lami boya prapti, raka Singanyidra, ngulandra ngalambrang, adu jago dhadhu nipis, sambu ambegal, pitung candra tan prapti.

19. Manonsari rerasan lan embanira: "Lah sira embok nyai, tan eca tyas ingwang, pan ingsun ngimpi ala, baya bendaranmu nyai, amanggih papa, kangmas Singanyidreki".

20. Lagya eca guneman sambu rerasan, kasarung ingkang prapti,

Singanyidra radyan. Dhasar gerapyak ladak, petrek-petrek saking tebih, angundang-undang: "Dhuh nimas ingsun prapti.

21. Manonsari metua kakange prapta, wong kuning anjekining, dhenok ayu gancang. Dhuh ajeng adhuw nimas, sawangen kakange prapti, pagene sira, tan methuk aneng jawi!!".

22. Nulya mlajeng Manonsari gegancangan, ambekta bakor kendhi, methuk marang raka. Ri sampunira sang dyah, pinondhong binekta linggih, sarwi ingaras, sang dewi datan angling.

23. Singanyidra andhedhes pitakonira: "Pagene nimas runtik, tan ngandika sira, apa dosa pun kakang, nora gangsul nora sisip, datan sinapa, baya elik mring mami.

24. Yen mangkana sira nimas datan arsa, darbe raka mring mami. Sun senggguh mantepa, prandene wus kagiwang, baya sira oleh tandhing, wong bagus liya, pan ingsun nora rugi.

25. Buwang sira benjang ingsun oleh lima, kang ngungkuli sireki?!". Manonsari nabda: "Kula samonten uga, nadyan randha datan ajrih. Lamun wus randha, esuk-esuk malipsis.

26. Lamun sore wedhak pupur aneng latar, sinambi anyaponi, nganggo tapih jingga, kekemben sutra jenar, bengkungira minting-minting. Mangsa wurunga, si modin liwat mampiri!!"

27. Singanyidra janggirat ngunus curiga: "Lah glis ngayoni, sapa wani nyedhak, sun kethok murdanira, thok thel thok thel tigas pancing, sapa wania, tan wurung sun pateni!!".

28. Manonsari gumujeng sarwi tur sembah: "Dhuh kangmas mung upami, sinten kang puruna, dhumateng jengandika, baya boten kulak warti, yen Singanyidra, digdaya tanpa tandhing".

29. Pan kasaru dhatengira ni Rubiyah, selir Radyan Suwengi, anjujug neng ngarsa, pepangkon ingebyukan, kang rayi dipun tangisi-Dhuh yayi emas, kadangira bilahi.

30. Rakandika Raden Kuda katiwasan, cinepeng den tangsuli, ingerut lan kuda, binekta den gelandhang, dhateng Yuyurumpung yayi, arsa binekta, Paranggarudha nagri---".

31. Singanyidra tan sranta anyandhak tumbak, lawungnya dipun tarik: "Kakang katiwasan, antenana kawula. Ya talah si Yuyuprithil, mangsa wurunga, sun prumpungi sireki.

32. Mejanani Yuyurumpung Kemaguhan, Singanyidra tan siwi,

mlajeng murang marga, arsa nyegat dedalan, grapyak jethot tan tinoli, kapalang tirta, pan nulya den lumpati.

33. Lamun wiyar ngambil wreksa rinebahna, kinarya uwot aglis, tan mikir bondhotan, glagah rayung tinrajang, tan antara sampun prapti. Raka katingal, binanda den tangsuli.

34. Apan sarwi cinancang ing buntut kuda, ingiring para abdi. Yuyurumpung nunggang, ing kuda surak-surak, tinitir nggennya gebugi. Suwengi sambat, Singanyidra udani.

35. Krodha mangkrak buntut kuda gya tinatas. Dhawah Kudasuwengi, jarane lumajar. Yuyurumpung gragapan, kuda milar jondhal-jondhil, anglumba-lumba, Yuyurumpung kajungkir.

36. Kuda milar lumayu saparan-paran, Suwengi den uculi, sampung kinen kesah. Singanyidra gya mapag, Singabangsa den taboki, tanpa saranta, binanting: "Si trayoli.

37. Mara payo Yuyurumpung glis majua, amuk-amuk suwawi, ywa samsya ngucira, sun dulu ting berangkang, banthongane ana ngendi, pating gedandap, kaya kampak mamaling!!".

38. Singabangsa mangsuli sarwi nyentak: "Kebangetan sireki, lir lanang priyanga, nentheng sira naboka!!". Singanyidra majar malih: "Nadyan naboka, kaping sanga tan kithing.

39. Jajal malih yen arsa karaseng asta, sanadyan nabok malih, mangsa ingsun sambat, ping tiga nora ulap!!". Singabangsa mojar wengis: "Heh kanca rowang, tulung jupuka tali".

40. Singabangsa mapag yuda anerajang, maju-maju katitik, cinandhak tandya prang. Rame kukuh mangangkah, ting balulung yudaneki, samya kaplajar. Banyaklodang nulungi.

41. "Thole-thole marenea, cekelen kuda iki, ingsun arsa aprang!". Singanyidra tan jamak, ngayoni wong tuwa masthi, karasa tangan, mangsa wurunga mati.

42. Dereng aprang napasira karenggosan, janggutnya moglak-maglik, lambene wel-welan, karingete drodosan, sabuk udhar tan udani, isi salepa, jero isi cekakik.

43. Lagya jangkah tumulya tiba kalumah, sapenginang tan eling, janggutira goyang, pinijet dinudutan, wus mayar watuknya prapti, pan nora suda, samana meh ngemasi.

44. Banyaklodang rinubung dadi gotongan, den gendhong nuli

bali. Salira marlupa, dhasar priyayi tuwa, taksih nantang nye-nyampahi: "Udhuna ingwang, Singanyidra si anjing!!".

45. Kawarnaa praptaning' Kemaguhan, kang tiba kajumpalik, lumajar kudanya, dhawah tebah lan rowang, wangsulira sampun panggi, lan Singanyidra, ayun-ayunan tandhing.

46. Singanyidra tan saranta nulya dhupak. Yuyurumpung nabda ris: "Dhuh adhiku dhimas, Singanyidra ta sira, satekanmu padha becik, kadangku lawas, ngong eling duk inguni.

47. Nalikane sira lan ngong ngabotohan, adu jago lan mami, lama tan katingal, samangke pan kapanggya, dene teka andhupaki, tan dadi ngapa, sok uga isih becik."

48. Singanyidra anabok sarwi anyentak: "Binatang si trayoli, pagene ta sira milara kadang ingwang, Rahadyan Kudasuwengi, gineret jaran, apa dosaneki.

49. Apa salah nyolong kakek moyangira!!", pan sarwi anempiling, Yuyurumpung sabar: "Dhuh dhimas Singanyidra, ingsun nora analeni, mring kadangira, sun ajak angulati.

50. angupaya dhalang aran Sapanyana. Kadangmu ngong aturi, melua ngupaya, sun ajak numpak kuda, goncengan ing wuri mami, nanging tan bisa, dadi mlorot mring buri."

51. Singanyidra anyahuri sarwi nyentak: "Lelamisan sireki, nora wurung sira, sun gawe ijolira, sun tendhang ing sun taboki!!". Dahat bramantya, Yuyurumpung mandhelik.

52. "Singanyidra pan sireku gal-ugalan, apa ngong kira wedi, ingwang lawan sira, padha trahing kusuma!!". Singanyidra napuk pipi, tinubruk tuna, dadya yuda wong kalih.

53. Ramene prang kalih sami prakosanya, tan ana kang kalin-dhih, kalihira samya prawira mandraguna. Aprang tandhing genti keris, ubeng-ubengan. Yuyurumpung sru bekik.

54. "Edan taun sira iku Singanyidra, nyuduk sambu anggendring, nrajang krakalan!!". Yuyurumpung angesah, bekah-bekuh amacengis, bubule lara. Wuwusira sru wengis.

55. "Singanyidra sireku dudu wong lanang, perang lumaku silip, lumayu ing krakal. Jamak wong ngayuda, aja nganggo angoncati!". Pun Singanyidra, bali sarwi nyawuri.

56. Kenging mripat Yuyurumpung sinudukan, tan nganggo

den wangen. Dangu-dangu sira, Yuyurumpung kaperjaya, mripat ingkang kering, nulya kang kanan, tan pasah ngemu getih.

57. Karepotan Yuyurumpung nunjang-nunjang, lumayu banjur mulih. Kocapa Singanyidra, pinanggya lan kang raka, rahadyan Kudasuwengi: "Dhuh kangmas mangga, suwawi sami ngili.

58. Sampun kangmas lumawan ing Kemaguhan, kawon bala sayekti, nadyan kangmas rosa, tyang juga gandra pira, otot kawat balung wesi, sungsum gagala, lebur tumpur sayekti.

59. Lah sumangga suwawi sami ngungsia, minta tulung mitreki, nenggih dhateng Radyan, Majasem Sukmayana, punika manawi benjing, saged malesa, dhumateng Yuyuprithil".

60. Raden Kudasuwengi nurut arinya, nulya boyongan nuli. Kocapa kang mlajar, Yuyurumpung samana, wus prapta ing dalem neki, ing Kemaguhan, ngupaya mitreneki.

61. Pitung dina sakitnya sampun waluya, lajeng nimbali abdi, Sondong namanira, pepatih kang pilenggah: "Mrenea patih sun tuding sira, malinga tropong kaki.

62. Pan jupuken kuluke si Sukmayana, Majasem lan krisneki, pinutug dhapurnya, sabab dening punika, binadhe sapa darbeni, ing tembe nulya, bisa dadi bupati.

63. Benjeng ana nagara Pasantenan, kang jumeneng dipati wirayat wong tuwa, pandhita kang wus nyata, lawan malih warta-neki, Suwengi lunga, mring Majasem andhelik.

64. Bokmanawa benjang ana prang nagara, nadyana durung yekti, yen keris kuluknya wus katekan dening wang, nora nana kang matiri. Dhuh Sondong sira, ywa kadi lare alit!!".

65. Radyan Sondong Majeruk matur sandika: "Sampun mawi kuwatir, kang ayem kewala, karsanya sami lena, benjang kula kang nyanggupi, kenging pusaka, sampun tuan kuwatir.

66. Nadyan dereng kenging kuluk lan curiga, nanging sampun kuwatir, saksat kang curiga, kuluk sampun kaasta, mangsa wande kenging mami!". Yen sampun terang, pun dhandhang minta pamit.

III. DHANDHANGGULA

1. Pan sinigeg kang sumedya juti. Kawarnaa Majasem kang praja, gemah ripah raharjane, subur sarwa tinandur, kanan-kering dhedhukuh dadi, kang wana dadi desa. Majasem wong agung, sira Raden Sukmayana, bebengkoke satus dhusun kang sumiwi, dadya panggedhe muka.

2. Pan wong agung Majasem winarni, citranira bagus lan utama, lurus alus pambekane, berbudi manah sarju, anging radi kaduk kawanin, wantune priya mudha, sakarsa anutug, karya taman pasiraman, pan rinengga sekar-sekar nagasari, cepaka lan kenanga.

3. Argula bang soka menur mlathi, tamanira dahat sri kawuryan, kang miyat arep galihe. Samana ta wong agung, lan kang rayi tindak ing beji, asrinira kawuryan, emut kadangipun, kadang jalu ingkang nama, Kembangjaya rahadyan ingkang wewangi, dhedhukuh ing Banthengan.

4. Sampun lama datan arsa tuwi. Sri ngandika radyan Sukmayana, dhumateng wau garwane: "Dhuh nimas ariningsun, ni Suciya dene wus lami, arinira tan prapta, si Kembangjayeku, pagene nora muliha, apa baya manggih rubeda myang sakit, arimu Kembangjaya."

5. Ni Suciya aturira manis: "Adhuh kangmas saking kinten kula, yayi Kembangjaya mangke, mila lami tan mantuk, bok saestu manggih sakit, prayogine kawula, tuwi maring dhukuh." Sukmayana ngandika: "Iya becik sira tilikana yayi, yen gelem kon muliha.

6. Dene banget kangeningsun iki." Dyah Suciya dahat suka tyasnya, dene bakal lega tyase, tontonen bagusipun, yayi ipe ingkang jelanthir, riningsun Kembangjaya, mangkana ing kalbu. Sira wau Dyah Suciya, nulya dandan nata sekul aneng cething, ulame winadhahan.

7. Tenong alit ginendhong pra nyai, nyai Sepat iku aranira, kang ngiring marang lakune. Suciya tindakipun, nguntre-untrek amarak ati, kacipta sajroning tyas: "Ipeku wong bagus, Kembangjaya ariningwang, tambanana ipene anandhang branti, kesambet ing kasmala."

8. Tan winarna lampahnya ing margi. Pan kocapa dhukuh

Banthengan, Nayagenggong lan putrane, Sabdapalon ranipun, eca-samya abukti uwi, ing ngarsane Rahadyan, Kembangjaya lungguh. Dyan Kembangjaya ngandika: "Nayagenggong aku mau bengi ngimpi, mangkana tingalingwang. . . ,

9. Ana ula buntutira methit, malebeng pondhok marak marang wang, sun gebug nyakot ulane, tan kena ingsun tuju, baya apa iku pinanggih?." Nayagenggong aturnya: "Niku raden bagus, darbe ujar tan tinekan, lamun arsa ngliwet wuduk manggang pitik, satemah niku luwar."

10. Sabdapalon maju anambungi, "Iya bapak pandhita anggla-thak, murih kalimis wadhuke, beneh lan pambatengsun, mengko ana wong sade glali, yen aku pinaringan, amasthi dak emut." Kembangjaya ngandika: "Karo pisan ora kena den takoni, mesthi karepe padha."

11. Tan antara pangandikaneki, pan kasaru dhatengnya kang raka. Centheng-centheng suwarane: "Dhuh lae ariningsun, Kembangjaya wong anjelanthir, pagene tan mantuka, kawula yun-ayun, teka tega darbe kadang, nora ngira nora gelem angemuti, kadange lara brangta."

12. Nulya mlebu aneng bangsal aglis: "Lah adhiku kaki Kembangjaya, kadange nusul marene, de banget kangeningsun, rina katon dalu kaeksi, riningsun Kembangjaya, wong bagus atulus." Kembangjaya muwus sigra, atur sembah pranata mring kadangneki, mbok ipe anggelandhang.

13. "Nora susah sira nembah mami, sun apura sembah karya apa, sok uga tinemu wonge. Lah iki bektaningsun, sega pulen jangane menir, ulame panggang ayam, sambele kecabuk. Wong bagus sira dhahara, sun tunggoni saking banget kangen mami, lamen maring sira."

14: Ni mbok emban ngesahi tumuli, Nayagenggong lawan putranira wus tebih wau kesahe, neng gubug mangkruk-mangkruk. Sabdapalon angucap ririh: "Iku geneya rama, dene aku weruh, bendara wadon nel-nelan, sedhat-sedhat mripate karo anglirik, apa arsa tukaran."

15. Nayagenggong saurira: "Lah menenga kowe weruh apa, isih bocah wingi sore." Sabdapalon gumuyu: "Iya bapak semune nglikir." Nayagenggong anyentak: "Pancen sira iku, delenganmu

kadya bocah, nanging iku brengosmu kumili-kili, akal kaya wong tuwa.”

16. Kawarnaa wau sang Sudewi, angandika dhateng Kembangjaya: ”Lah age dhahara raden.” Kembangjaya tur nuwun: ”Inggih kula pan sampun bukti, maksih tuwuk kawula, mangke lamun dalu, ulun bukti paringira.” Dyah Suciya ngadeg nyat sarwi ngowahi, kekemben gelungira.

17. Sarwi nabda tembungira manis: ”Dhuh riningsun Kembangjaya sira, mrenea yayi den age, sun petani sirahmu, menek akeh tumane yayi.” Kembangjaya turira: ”Sampun kramas ulun, miwah sampun seseritan.” Dyah Suciya kalangkung pegel-ing galih, radyan nulya cinandhak.

18. Paningsetnya dipun cepeng aglis, Kembangjaya datan arsa kesah, den gondheli paningsite, ”Dhuh yayi ariningsun, tambanana brangtaku iki, marine saking sira, dene kumacelu.” Rahadyan matur ngrerepa: ”Adhuh kangbok sampun-sampun ulun ajrih, paduka kadang tuwa.”

19. Ni Suciya saurira manis: ”Nora-nora lamun dadi duka, ingsun kang nanggung ing tembe.” Kembangjaya tur nuwun, ”Dhuh kakang mbok datan prayogi, lampah cidra wong tuwa, dosa mring Hyang Agung.” Sang dyah wus datan saranta, ingkang rayi den tarik ing tilamsari. Kembangjaya prayitna.

20. Gya sinendhal paningsetnya aglis, nulya mentar Raden Kembangjaya. Suciya kukuh astane, dadya katut lumayu, pan kesandhung sukunya kalih, sang dyah dhawah ing kisma. Radian nulya nusul, dhateng nggening abdinira. Pan warnanen sang dewi anjelih-jelih, ngaruara tangisnya.

21. Nguman-uman dhateng ingkang rayi: ”Lah ta mengko Kembangjaya sira, tan wurung bilahi kowe, dene tan uning dulur, karsanira ambilaheni, tan wande sun aturna, maring ing rakamu, kuntul sun unekke dhandhang. Lah mbok Sepat sira besuk kang ngawruhi, Kembangjaya laku cidra.

22. Iya ingsun pineksa aguling, nora arsa ingsun den gelandhang, sun lumayu tiba kene, tapih suwek puniku, emban sira ingkang ngawruhi, yen mengko Kembangjaya, bisa tanpa bendu, sira sun paringi reyala. Sanadyan sumpah dilakonana bibi, wuwuh sira sun ganjar.”

23. Nulya budhal sang retna lan abdi, gegancangan myang manca udrasa, samarga-marga tangise, tan winarna ing ngenu, sampun prapta ing dalem wingking, kang raka nuju lenggah, tanpa rowangipun. Dyah Suciya prapteng ngarsa, nulya dhawah agulungan aneng siti, apan sarwi karuna.

24. Lari-lara sambatireng tangis: "Kangmas ulun mugi pejahana, tan saged nahan wirange, puluh-puluh wakersun, nora ana regane iki, dene kadang taruna, wani ngrusak ayu, mendahneya loking jaman, nora patut pinireng samining janmi, lelakoningsun mangkya."

25. Sukmayana enggal anulungi: "Kena ngapa nimas sajarwaa, kalara-lara sambate, lah tutura satuhu, apa baya darunaneki, apa sira tukaran, lawan sadulurmu?". Dyah Suciya aturira: "Mendahneya tetukaran dadya ati, mangsa ulun nangisa."

26. Sukmanyana pandangunya aris: "Paran baya de sira karuna?". Kang rayi alon ature: "Dhuh kangmas sampun-sampun, ya-yinira pan datan yekti, pangangkahe tan lumrah, kawula rinangkul." Sukmayana lon ngandika: "Yayi banget kangenira mring sireki, masthine rinangkulan."

27. "Boten-boten yen kangen puniki, pangangkahnya pan sampun katara, larangan den emek-emek." Sukmayana lingnya rum: "Iku enget duk maksih alit, amenthil ibunira, mangsa darbe kayun, pan sadulur sampun limrah, ageguyon lawan kadangira estri." Sucilah nuli niba.

28. Sru karuna sarwi jilih-jilih: "Dhuh mbok emban tak sengguh tan ngana, wong agung rusuh adate, tan darbe waler iku, iya raka iya rayining, datan anganggo tata, jenenge sadulur, yen mangkono raganingwang, tanpa karya ngeladeni siang ratri, abot sadulur lanang."

29. Sukmayana dukanya tan sipi: "Apa nyata aturira nimas?". Sang retna alon ature: "Yen tan pitados ulun, lah suwawi dangua maring, yeku wonten ni emban, ingkang saged matur, mangsa pilih ngilanana, dhateng ulun mapan ulun tiyang estri, matura tan praja."

30. "Lah mbok Sepat tutura kang yekti, paran baya ndaramu karuna!?". Emban majeng ris ature: "Ulun matur saestu, rayi tuwan akarya sisip, rahadyan Kembangjaya tansah angreriti, nyampingnya ngantos bedhah."

31. Dipun lirik nyampingira yekti, ingkang ngarsa bedhahe sakilan." Sakala asru dukane, dyan Sukma narik dhuwung, angadeg nyat sing lenggah neki, limut yen kadang priya, tega pejahipun, pan sarwi ngucap mangkana: "Kembangjaya becik temen sira iki, ngungkurke kadang tuwa."

IV. PANGKUR

1. Bramantya dyan Sukmayana, gya lumaris sarwi angliga keris, kang dhuwung rambut pinutung, mlampah ring padhukuh-an, ing Banthengan wismanira arinipun, Kembangjaya kang sine-dya, pan arsa kinarya lalis.

2. Ing margi sinarungena, dhuwungira kang dados karsaning galih, kang rayi arsa pinupuh, pinilara kewala, nanging lamun lumawan, arsa linampus, mangkana osiking driya, Sukmayana jroning galih.

3. Wus prapta ing padhukuhan, Kembangjaya eca nggenira linggih, Nayagenggong aneng gubug. Kang rayi gya cinandhak, sarwi ngucap "Becik temen sira iku, Kembangjaya lah sambata, sandhangan dosanireki."

4. Kang rayi sinendhal dhawah, gya tinendhang pan sarwi den idaki, dyan dhinupak myang jinagur, tinabok sinepakan. Kembangjaya matur "Kangmas nuwun nuwun." Dukane sangsaya dadya, binucal cinandhak malih.

5. Wus dangu nggenya milara. Nayagenggong samana aningali, Sukmayana narik dhuwung, kang arsa tinamakna, Kembangjaya pan ingukel rikmanipun. Nayagenggong nulya enggal, nyandhak kemul nyangking dhingklik.

6. Murugi dyan Sukmayana: "Lah ta raden lereha dipun alis, lerehe dangu rumuhun, paran darunanira, dene dhaplok kaplok-kaplok pasthi weruh, paduka tan mawi tanya, niku raden dika sisip!".

7. Sukmayana duk miyarsa, ing ature Nayagenggong tan becik, saya dadya dukanipun, kang rayi dipun tilar, mara marang Nayagenggong bengis wuwus: "Iki gerang kurang ajar, pantese den juwing-juwing.

8. Pan sira mangsa wurunga, mati sirna dening keris mami!". Rahadyan nulya anyuduk, jumebles kencing dhadha. Nayageng-

gong matek aji manthuk-manthuk, sebute teka mangkana. "Kyai Jati kang ngalingi.

9. Nyuduka malih rahadyan", lempeng kiwa ingkang dipun dhawahi. Nayagenggong malih muwus, "rak bener iku radyan", Sukmajati sinurung pan dadi kudhung. Bendu radyan Sukmayana, panyuduke wala-wali.

10. Nayagenggong guyu latah: "Lah ta raden pilihan kulit mami, mangsah nyuduk saking pungkur", dhingklik ingubengena, sinudukan Sukmayana nganti mruntus. Rumangsa tan nora ngira, ing teguhe ingkang abdi.

11. Rahadyan alon ngandika: "Nayagenggong prenahna kang mami, ingsun wus rumangsa luput, mungsuh marang wong tuwa, sedyanira dadya arsa anggeguru. Dhuh kakang ingsun wus kalah, asrah jiwa raga mami.

12. Dene sira tan tumama, marang braja iku aji punapi, brekahana katengsun." Nayagenggong lingira: "Dadak ngoten tiyang arsa anggeguru, lungguh jajar lan gurunya!". Sukmayana ndeprok aglis.

13. "Lah kakang gelis tutura, aji apa iku aku kapengin." Nayagenggong lingnya sendhu: "Duh raden tan mangkana, mengke kula tutur-tutur beneripun, rayi dika Kembangjaya, punika atine becik.

14. Rayi dika ni Suciya, lah punika ingkang culika sisip. rayi dipun rerimuk, den jak ulah asmara, suprandene Kembangjaya datan purun, dipun candhak sabukira, den ajak manjing ing panti.

15. Kembangjaya pan lumajar, rayi ndika Suciya anggendholi, binekta lumajeng metu. Suciya nulya tiba, lajeng nangis tapihe sinuwek sampun, sarwi ngucap-Iya dhandhang, sun warah kunthul sayekti--."

16. Sukmayana duk miyarsa, ing ature Nayagenggong sayekti, gegetunira kelangkung, pan sarwi rawat waspa: "Adhuh yayi Kembangjaya ariningsun, matia pan kaya apa, nora dosa sun pateni?"

17. Sawusnya angluh mangkana, nulya tanya dhumateng ingkang abdi: "Lah uwa tutura tuhu, apa ajimu kakang, teka kuwat katiban Rambut Pinutung, muga ingsun wenehana?!" Nayagenggong anggaligik.

18. "Prandene pinter wong tuwa, niku wau jatine sanes aji, nenggih jati dhingklik kayu, kang kula tamengena, jroning kemul mila kula wau matur, iya jati alingana, prandene ndika suduki.

19. Sawindu mangsa butula, dhingklik jati punika den suduki, mesthine niku gumandul." Sukmayana ngandika: "Edan taun sira iku karya apus, wong gerang kurang ajar!". Naya genggong angelik.

20. "Prandene ora wuninga, ngono bae nepsune memedeni." Sabdapalon gya sumambung: "Si bapak angelathak, bendarane den ajak geguyon iku!". Nayagenggong sru anyentak: "Trayoli sira pak melik!".

21. Sukmayana angandika: "Adhuh uwa anakmu ana ngendi. Adhiku sira wong bagus, Kembangjaya ta sira, apuranen si kakang salah satuhu, alane tuna mariksa, aja dadi tyasireki."

22. Kang rayi anulya mara, Kembangjaya tur sembah angabekti: "Dhuh kangmas bekti ngong katur, dhumateng ing paduka". Sukmayana ananggapi sarwi ngrangkul: "Lah yayi apuranira, yek-ti salah wak mami.

23. Anggugua wadulira, kadangira ingkang asung pawarti, nanging inghun nora nggugu, puwara aturira, nini Sepat karya saksi ing luputmu, sajarwa sira nyidra, marma ngandel inghun iki.

24. Mulane kang para sangar, ing satindak datan bisa nalisip." Kang rayi umatur nuwun. "Payo dhimas muliha, inghun kangen ing sira pan sampun dangu." Wasana tandya lumampah, abdi kalih samya ngiring.

25. Tan winarna lampahira, sampun prapta ing dalemira aglis, pan lajeng kasukan sampun, tantara nulya prapta, dutanira dipati Carangsokeku, sung udani marang radyan, Sukmayana Majasemi.

26. Minta tulung mring rahadyan, Sukmayana ngupaya dhalang luwih, Sapanyana namanipun, egong miwah wayangnya, bisa mlampah tan mawi wonten kang mikul, kang dadya niyaganira, kadang estri yu linuwih.

27. Kinarya ngarak pangantyan, sutanira dipati anenggih, kang dhaup lan putranipun, dipatya Paranggrudha, antuk putranira jalu parabipun, rahadyan Jasari ika, dhaup lan Dyah Nawangsasi.

28. Wit sang putri ambebana, karsa dhaup kalawan dyan Jasari, lamun pamundhutanipun, saged kasembadana, pangiringnya

pangantyan kang arsa dhaup, ingapit dhalang lan wayang, Sapanyana karya kingkin.”

V. ASMARADANA

1. Sukmayana ngandika ris, dhumateng kang wadya bala, kinen tulung angupados, ki dhalang ran Sapanyana, sadaya tur sandika. Kang wadya bidhal gumuruh, samya ngupaya ki dhalang.

2. Kocapa rahadyan pekik, sira Radyan **Kembangjaya**, nulya kondur mring dhukuhe, panepen dhukuh Banthengan, gentur sutapanira, sinambi tegalan jagung, mertapa amatiraga.

3. Kang cinipta jroning galih, mugi-mugi sang Hyang Sukma, paringa kamulyan tembe, antukira nugrahanira, marentah ing sama, mila sanget tapanipun, supe dhahar lawan nendra.

4. Saben ari gung semedi, ngeningken kang pancadriya, sinambi ulah tegale, nandur pohung miwah tela, wi gembili lan kacang, semangka lawan timun, jwawut wijen miwah jarak.

5. Langkung asri dhukuhneki, wonten talaga sajuga, sekar pudhak ing pinggire, tinanduran wringin kembar, dinulu sri kawur-yan. Nayagenggong sutanipun, sukanya tan mawa kira.

6. ”Payo melik aniliki, wi gembili lawan kacang, wetengku banget ngelihe!”. Sabdapalon wuwusira: ”Si bapak aku tapa, nora mangan nora turu, lumuh kari lan bendera.”

7. Nayagenggong anahuri: ”Rupamu kok arep tapa, matiraga lir ndarane, dene mau goreng kacang, lawan benem katela, sinambi anggodhog kimpul, sakendhil pinangan bablas!.”

8. Enengna kang matiragi. Kocapa ing Kemaguhan, Yuyurumpung sasampune mentas yuda sing Jembangan, manggih tiwas mripatnya, sinuduk mungsuhe bawur, samangkya sampun waluya.

9. Dahat runtik ing panggalih, wurung tan ngupaya dhalang, dene kang cinipteng tyase: ”Lah binatang wong Jembangan, si genjik anak bangsat, anak kucing anak kuwuk, keparat si Singanyidra.

10. Nora lega ati mami, yen durung bangkit ambanda, marang Suwengi si bedhes, tanapi si Singanyidra, si gujil anak setan!”. Singabangsa lon umatur, tur udani ”Singanyidra.

11. Kalawan Kudasuwengi, ing samangkya sampun kesah, sam-

ya ngungsi mring mitrane, wong agung dyan Sukmayana, Majasemkang nagara, sedyane minta pitulung, sayekti awrat sangginya.

12. Sukmayana dahat sekti, digdaya amandraguna, kadang bagus rupane, ingkang nama Kembangjaya, punika mandraguna, pramila awrat pinupuli." Yuyurumpung sru ngandika.

13. Tantara kacipteng ati: "Yen mangkana lah pak Bangsa, glis undangan kadanginingong, si Balancer bocah bregas, adhiku bocah mentar, si benthet Sondong Majeruk, biyen ingsun utus dustha.

14. Wus lama tan ana prapti." Lagya rinasan samana, kasaru wau praptane, sru pepak kang wadyabala, bawahe Kemaguhan. Sondong Majeruk wus arawuh, "Dhuh pak Sondong padha bagya."

15. Sondong Majeruk tur neki: "Saklangkung pamundhi amba, dhuh kadang kula kinaot, punapa gatinig karya, nimbali dhateg teng amba?". Yuyurumpung wuwusipun: "Adhuh yayi kadiparan.

16. Nguni sireku sun tuding, mentar dhustha dhuwungira, lan kuluk iku kang darbe, wong agung dyan Sukmayana, apa wus kena sira, wineca tembe pinunjul, mandhiri mrentah nagara.

17. Pasantenan ingkang nami, benjang sira ambawahna Carang-soka Pranggrudhane, Majasem lan Kemaguhan, bok temen ujar ika, lan maneh samangke iku, Suwengi lan Singanyidra.

18. Samangkya samya angungsi, maring Majasem punika, ing tembe andadekaken, daruna ponang nagara, marmanta sira dyenggal, malebua dhustha dhuwung, ing Majasem dipun enggal.

19. Aja suwe sira yayi, kalawan makuthanira, yen wis keni gampang tembe, Majasem arsa ngong bedhah, kinarya karang abang, Kudasuwengi sun pruthul, Singanyidra ingsun tigas."

20. Sandika Sondong gya pamit, tur sembah lawan pranata, ingidenan salakune. Datan winarna ing marga, Majasem sampun prapta. Wancinira sampun surup, gya malbeng jroning nagara.

21. Dupi sampun sirep janmi, tidhem pramanem jro kitha. Sondong awas panjejepe, gya tumamen jro kadhatyan, tyang kemit maksih gumyah, suprandene nora weruh, sektine maling aguna.

22. Endrajala Sondong nguni, ambuka kandhutanira, ngambil sesaji sarate, sing ponjen wewadhahira, lamun mandung mangkana, binalangken siti sampun, kumrutug lir pendah jawah.

23. Tiyang kemit sampun uning: "Heh kanca padha prayitna, mau ana suarane, kumreteg aneng paseban, manawa ana dhustha, ambuwang sesirepipun, tyas amba amelang-melang."

24. Kancane juga nahuri: "Maling apa boya ana, wus padha prayitna dhewe, kiraku pan dudu dhustha, manawa kalong ninja, kumreteg suaranipun, yekti tan ana apa-apa."

25. Wonten kang dongeng ngrerepi, ana kang lurus tegesan: "cangkemku pait rasane," gumrayang antuk tegesan, ingakep si-gra-sigra, nanging anggenira udud, dereng telas sampun nendra.

26. Kang ngrerepi saya ririh, glayem-glayem gya nendra, kang dongeng meneng swarane, kang kemit turu sadaya. Warnanen dalam pura, para nyai ting peranthuk, monthak-manthuk tandya nendra.

27. Sukmayana lan kang rayi, gyanya guling neng tilam mas, kalangkung eca sarene, pan kadi mina tinuba, sagunging para jalma. Rahadyan Sondong Majeruk, satuhu maling aguna.

28. Wus manjing ing dalem puri, gapura ingusap menga, amberangkang malebune, sampun caket unggyanira, sareyan Sukmayana. Kagyat wonten sardula gung, sru anggros nubruk sarosa.

29. Dyan Sondong awas ningali, lumumpat gya mundur enggal, saksana wangsul simane. Majeruk yatna tyasira, ila-ilaning dhustha, yen ana rubeda agung, dening pangaribawanya.

30. Kang sare yekti linuwih, puwara nulya glis mara, cecebolan laku jengkeng, prapteng ngarsa atur sembah, wali-wali ping tiga, sardula nora kadulu. Sondong kang dhustha ngadeg nyat.

31. Mulat nganan mulat ngering, waspada paningalira, kang dhuwung sinelehake, sinandhing caket panendran, de makutha tumumpang, sanginggil gendhaga agung, saksana sinambut enggal.

32. Kuluk dhuwung wus ingambil, sigra medal ponang dhustha, prapteng jawi nguuh age: "Lah wong Majasem sira, samya enggal wungua, rebuten Sondong Majeruk, ingsun maling mandraguna!!".

33. Sondong Majeruk lumaris, wus lepas lampahira. Tyang Majasem tangi kabeh, kagyat raden Sukmayana, wungu lawan kang garwa, umiyat kuluk lan dhuwung, wus cinidra dhustha.

34. Gya medal ngupaya maling, ponang dhustha sampun men-

tar. Kang wadya ingutus kabeh, ngupaya pandung tan panggya, Dahat ngungun kang nala, anjenger datanpa muwus, wong agung angluh ing cipta.

35. Karana kuluk myang keris, wus ilang pinet ing dhustha, kang mangka pusaka kabeh, tilarane luhurira, wus wineca ing benjang, sapa darbe kuluk dhuwung, mangreh nagri Pasantenan.

36. Ginagas saya ngranuhi, marma raden Sukmayana, nulya nimbali mitrane, Sondongkertiwedarika, kang peparab rahadyan, digdaya limpat ing kewuh, kaloka ing manca desa.

37. Ponang duta sampun prapti, warnanen Sondong wus prapta. Sukmayana lon delinge: "Adhuh yayi katiwasan, tulungen raganingwang, manggih tiwas wau dalu, pun raka kalebon dhustha.

38. Kang keni ginawa maling, mung kuluk lawan curiga, tan anggawa liya maneh, babahan metu ing lawang, kancinge wesi bubar, sirepe mandi kelangkung." Sondongkerti wis nggrahita-

39. "Mesthine kang laku juti, tan liya yekti mitrengwang, si kakang Majeruk kiye," nulya ngetang neptu dina, pan tinemu pitulas, ngetan mesthi purugipun, boya wani mlajar liya.

40. Sondongkerti atur neki: "Dhuh kakang sampun karuna, arinta pan sagah dereng, boten sagah dereng kinar, manawi boten cidra, sasat pandung wus kawengku, dhumateng asta kawula."

41. Nulya lejar ingkang galih, sira Raden Sukmayana: "Dhuh yayi sokur ta kowe, saguhmu marang wakingwang, nadyan durung pinanggya, sasat barang wus tinemu, kurangane apa sira."

42. Sondongkerti nulya pamit, anembah angestu pada: "Kli-lana kula lumengser." Sukmayana ngandika: "Lah iya dhimas sira, antuka pitulungipun, Hyang Sukma kang murheng titah.

43. Kapapaga sekar mlathi, ginubah lawan kenanga, bangkita antuk karya ge, sun pinta marang Hyang Sukma, glis sira bisa prapta." Raden Sondong mentar sampun. Wantune satriya tama.

44. Wus sumanggah angulari, tan etang pringganing baya, sarta trus lumampah dhewe, anging enget jroning driya: "Tinimbang sun lumampah, prayoga sun nunggang iku, sapi ngong Gumarang ika.

45. Lelakon sadina iki, den lampahi mung saejam, prayoga sun tunggangane." Cangelak wangsul rahadyan, mampir wisma, anjujug neng kandhangipun, Gumarang nglikir kewala.

46. Sarta jetung nora bukti, jatine sapi gumarang, datan eca jro manahe, kaya wus wrin badhe tiwas, krana wus telung dina, sapi Gumarang anjetung, nora bukti nora nendra.

47. Lamun bisa tata jalmi, sayekti matur mangkana: "Dhuh raden sampun ge age, manah kula tan sakeca, bok mangke manggih tiwas", nanging sapi tanpa muwus, dyan Sondong angambil sigra.

48. Sampunira den lapaki, cinengklak cinongklangena, gumarang lesu badane, sarira krasa marlupa, tigang ari tan nedha, tigang dalu nora turu, mila congklangira tamban.

49. Geleyoran lampah neki, kinaweng kaweng wetengnya, sangsaya bingung manahe, dadya salah luru margo, murang margo kasasar, dumugi pabeyan dhusun, maju mundur lampahira.

VI. DURMA

1. Sondongkertiwedari nulya anyentak: "Keparat sira sapi, kinen malakyenggal, amandheg mundur sira, paran baya wedi mati, tan pantes sira, ri ari den pakani.

2. Dupi ana karya sira tan pitaya." Sinabet ponang sapi, kinaweng wetengnya, tinungkakan sarosa, kenging poking konthol-neki, mlajar jenggir, lumumpat tanpa pikir.

3. Sendhang amba linumpatan boya dungkap, kacegur tengah warih, maju datan bisa, mundur makaten uga. Saya kurda Sondongdari: "Teka mangkana, Gumarang bilaheni.

4. Malah sira ngajak mati marang ingwang, mara rasakna mangkin." Krasa tangan sira, sebrak narik curiga, sinogok lempe-neki, tatu neratas, usus wadhuk kang kiris.

5. Kapiśanan kang lembu tumulya pejah. Malumpat Sondongdari, apan sarwi ngucap: "Iku kang sira pinta", Gumarang iki wus mati, nulya ana swara: "Dhuh sira Sondongdari.

6. Eling-eling ing tembe nak putunira, yen ana sapi muni, ing wengi gumarang, mesthi saturunira, mutah getih kadya mami, mati tan dosa, sandhangan wales mami."

7. Sondongkerti gegetun manahira, sapi dahat kinasih, ngungun sarwi mlampah. Wanci enjing punika, bangbang wetan aningali, ana ing sawah; "apa iku kang maling."

8. Wus dilalah rubedane Sondong ika, tyang dhaut den larihi, dadya uling nulya, lumebu ing endhutan, sarwi ngucap "Eling eling, benjang turunya, den samya ngati-ati.

9. Yen kacandhak nora wurung ingsun mangsa, sajroning endhut iki!". Pan sumahur sugal: "Lah apa ujarira, sirarsa angan-cam maring nak putuningwang, tembe mangke pan wani!".

10. Sampun lepas lampahe Sondong punika, ingkang sinedyeng galih, tan liyan kadangnya, punika ingkang guna, dyan Majeruk kang ginalih, malebeng dhutha, marma gya den purugi.

11. Praptanira ing Majeruk surup arka, pan lagya rimis-rimis, ririsnya tan kendhat, Sondongdari gya mapan, singidan dhadhah aremit, ngantya sirepnya, janma kang samya kemit.

12. Kawarnaa Sondong Majeruk alenggah, ajar lawan kang rayi, madyaning pandhapa, kang raka lon angucap: "Dhuh nimas wruhanta nini, kuluk punika olehingsun maling.

13. Kuluk iku pawartane kang riwayat, sapa kang ngangge benjing, jumeneng narendra, praja ing Pasantenan, mandhiri dadya dipati, mrentah Garudha, Carangsoka tanapi.

14. Apa maneh Majasem lan Kemaguhan, samya sumiwi nangkil, milane punika, ingsun kinen dhustha, pinundhut ing kadang mami, Sri Kemaguhan, benjang ingsun kinanthi.

15. Melu mukti ing nagari Pasantenan, tumut mangreh nagari." Kang rayi aturnya: "Kalamun makatena, sac den agem pribadi, boten kaliya, dadi mukti pribadi."

16. Sondong Majruk miyarsa aturing garwa, rinasa iku becik: "Karepku pan iya, nora ingsun aturna, becik sun agem pribadi, mangsa wikana, gampang sun matur sisip."

17. Kulukira cinoba inganggo nulya, dhuwung sigrā winangking, pantes rupanira, kang rayi latah-latah. Sondong Majruk nuli angling: "Lah yayi sira, singgahna ingkang rempit.

18. Arsa ngaso sayahe ora kajamak, telung ari tan guling, aripku kalintang, sira aja anendra." Kang rayi aglis anjiwit, sarwi ngujiwat: "tan wurung benjang nyelir."

19. Raden Sondong gumujeng lajeng sareyan, pandhapa mung-geng kanthil, rayi manjing tilam, bekta dhuwung makutha, kang korj dipun kancingi, nulya sareyan, tan dangu nulya guling.

20. Winuwuhan sirepe maling aguna, Sondongkertiwedari, samya ampuhira, kang raka sampun nendra, lumebet Sondong a-maling, kancing binuka, rinogoh saking jawi.

21. Sampun menga paturone linebonan, kuluk dhuwung ingambil, wus binekta medal, lumayu maring jaba, dhuwungipun dipun kempit, sarwi anggugah: "Dhuh kangmas kadang mami.

22. Kakang Sondong jengandika glis wungua, rayinta atetuwi," anggugah gya medal. "Tututana kawula, ingkang rayi Sondongdari, ingkang andhustha, makutha lawan keris!!".

23. Kagyat wungu Sondong Majruk nulya medal, mireng suwaraneke, kang rayi punika, Sondongdari sesumbar. Sondong Majruk anututi, sarwi angundang: "Dhuh yayi Sondongdari.

24. Lah mandhega sakedhap ingsun ttanya, haywa gawa kang keris, kalawan makutha, pan ingsun ingkang ngalap, benjang sira tumut mukti, karya punapa, Sukmayana ginusthi.

25. Dudu sanak dudu kadang lawan sira, sun kadangmu sayekti, kadang tunggil toya, sasat tunggil bu rama, gya balekna dhuw yayi!!!". Wedhari majar: "Adhuh kangmas kang sisip.

26. Boten kenging culika maring ing mitra, puwara kangmas maling, marma males kula, kuluk dhuwung antukna, dhumateng ing mitra mami, dyan Sukmayana." Majeruk duk miyarsi.

27. Ing ature kang rayi Sondong punika, karna kadya sinebit: "Ya talah ta sira, Sondongkerti balia, yen kena sun eman yayi, bilahi sira." Sumahur Sondongkerti.

28. "Nadyan ingsun datan kalah lawan sira, padha prawireng jurit, sakarsanta mara!!". Majeruk aglis nrajang, kang rayi nulya binithi, asru binuwang, jenggelek mungkur wani.

VII. PANGKUR

1. Saking pungkur panrajangnya, ingkang raka cinandhak gya binanting, tiba krungkeb tangi sampun, jenggelek nulya nrajang, aprang rame kadwinya sudireng pupuh, salin banting-ganti dhupak, tabok tinabok ambithi.

2. Pan gantya sendhal sinendhal, rok bandawalapati silih unghik, tan ana ingkang kapupu, nuli tumbak-tinumbak, gyasa-

lin keris ganti suduk sinuduk, suprandene tan tumama, samya sura angsal tandhing.

3. "Yen ingsun ora lumajar, nora wurung bakal kerinan mami." Nulya mlajeng sarya nyuduk, sinuduk saking wuntat, wangsul ngeplak tinempiling saking pungkur, aglis malajeng tininggal, cengkelak wangsul ambithi.

4. Mlajeng malih sarwi nyawat, taksih samya sudukan turut margi, wantune Sondong Majeruk, kari nggagas payunya, krana nyeret candu tadhah pitung suku, saya nglempreh plajengira, kang rayi nora kaeksi.

5. Binuru datan kacandhak, mung den awasaken tinut lumaris. Samana pan sampun surup, dyan Sondongdari prapta, ing pabeyan dhusun Ngebrug namanipun, enget darbe tiyang wreda, sesanakan mulang aji.

6. Ingkang nama Kaki Bandar, bakul gedhe sugihira kepati, lurahe nambang punika. Dyan Sondong mampir enggal: "Adhuh paman Sebandar kawula nuwun." "Saka ngendi sira nakmas, dene sira gluprut siti."

7. Dyan Sondong sampung wewarta, ing wiwitan tumekeng amungkasi. Ki Bandar getun angungun: "Paran baya sedyanta." Raden Sondong umatur aris anuwun: "Badhe lereh ngriki kula", sarwa mbekan mėmis-mėmis.

8. "Yen pareng kawula minta, nyuwun sipeng ing saratri puniki, manawi taksih binuru, dhumateng kakang emas." Kyai Bandar pangandikanira gupuh: "Mara sira andhelika, jro gedhong panggonan pari.

9. Kang sisih isine lenga, winadhahan ing tong lawan guci, impese pating gerandhul, sadaya meh si lenga." Raden Sondongwedari anulya mlebu, singidan aneng kana, tan dangu ana wong prapti.

10. Ambekane karenggosan, Sondong Majruk sarwi anoncong keris: "Amit-amit kula nuwun." Ki Bandar kagyat mulat, ing warnane Sondong Majruk uga gluprut: "Lah sireku iku sapa, tekamu anggawa keris?"

11. Dyan Sondong sumahur "Kula, putrandika Sondong Majeruk mami, pundi paman buroningsun, Sondongwedari bangsat,

wani maling curiga kula jinupuk, lah ta paman ulungena, sun trajange Sondongdari?."

12. Ki Bandar ulate biyas, dene iki nepsune memedeni. "lah sirangger sun satuhu, kene tan ana janma, amung aku kalawan iku bibekmu!". Sondong Majruk muwus sugal: "Boten kenging sira mukir.

13. Labete maksih ketara, kula buru mlajenge mlebet mriki!". Ki Bandar atinya bingung: "Dhuh raden ora ana, tekeng kene adhimu Sondong Majeruk, anggugua marang ingwang." Sondong Majruk aglis manjing.

14. Ing gedhong panggenanira. Sondongdari singidan jroning pari, cinandhak sukune sampun, gineret sing tumpukan. Wus prayitna Sondongdari dhupak suku, Sondong Majruk tiba klumah, jenggelek gelutan malih.

15. Arame udreg-udregan, nyai Bandar uninga nulya nangis, "Padha lerena sireku, aja sira gelutan!", kang pinenging andadra kadya ingugung." thole-thole glis lerena, iku rak sadulur sami.

16. Yen salah padha ngapura, aja gelut aneng panggonan pari, iku nggon dagangan ingsun, manawa karusakan!". Nyai Bandar kaki Bandar duk andulu, dhunak wutah karung bedhah, impes lenga morat-marit.

17. Tong guci kadhupak pecah, lenga wutah ambelabar wor pari, kacang gula lenga kumpul. Anjelih nyai Bandar: "Adhuh thole patenana raganingsun, dagangan wor suh lan lenga, kere dadakan wak mami."

18. Rahaden Sondong miyarsa, tangise nyai Bandar gulung koming, Sondong mlajeng medal nubruk, gedheg kadedel rantas, plas lumajar Sondongdari mlayu ngidul, Sondong Majruk atat wuntat. Tan kocap kang padha nangis.

19. Plajenge dugi jeng pura, menggok ngilen pan sarwi den tutui. Sondong kandheg aneng ngriku, ana dhukuh katingal, ngrubyuk kali Sondongdari nulya ambyur, neng kali padha sudukan, nglangi bethang den tut wuri.

20. Sondong Majruk ketagihan, saya lesu kari denira nglangi, dumugi sabrang ler sampun, Sondongmedari mentas, Sondong Majruk yen mentas-mentas sinuduk, kongsi gundhul remanira: "Heh binatang Sondongdari.

21. Perangmu pan kadya raywa, arsa mentas dene sira suduki!". Kang rayi pan nora muwus, eca nosoh kewala. Sondong Majruk ameksa ngerekel sampun, wus mentas aneng dharatan. Sondongdari mlayu gendring.

22. Majeruk nurut sing wuntat, ketagihanira saya andadi, pijer angop nuli watuk, narocos mripatira, karingete suraweyan mambu pengus, wahinge pan nora kendhat, nitik tapak anututi.

23. "Heh Wedari maling sira, menyang ngendi palayumu sa-yekti, sun buru pan ingsun turut, manjinga ing lak-lakan, mesthi ingsun atut wuntat saparanmu, apan ingsun nora wegah, sadalan-dalam musuhu!".

24. Kocapa sira rahadyan, Sondongdari palayune wus prapti, ing dhukuh Jantra puniku, sayahira kaliwat, wus rong ari unggya-nira aprang pupuh, semana emut rahadyan, darbe selir ayu manis.

VIII. DHANDHANGGULA

1. "Adhuh nini adhiku wong kuning, ni Welanjar tulungana ingwang, kakangne anemu gawe." Dyan Sondong sampun rawuh, aneng Jantra arsa pinanggih, kalawan nini randha, ibu marasepuh, embahira ni Wulanjar, yoganira sinelir Sondongwedari, wit endah warnanira.

2. "Bibi-bibi kula ingkang prapti, putrandika Sondongdari kula, nedha lawang dipun age, kawula andon pupuh, lawan kawangingsun pribadi, Sondong Majeruk kakang, dhapur rebutan kuluk!". Wis tinuturken sadaya, nyai randha ing Jantra enggal mengani: "Gendhuk kakangmu prapta.

3. Kebat wusuhana nyai nuli, lawan sira anggawaa damar." Ni Welanjar medal age, dyan Sondong nulya muwus: "Lah ta yayi paminteng mami, yen kakang Majruk prapta, sungana ayumu, la-mun dijak turu sira, leganana sapisan puniki yayi, dimen bisa sareyan.

4. Yen wis sare arsa sun pateni, sun andhelik aneng longanira." Welanjar nurut karsane, nulya kori tinutup, Sondongdari umanjing aglis ngelosot aneng longan. Tan antara rawuh, Sondong Majruk minta lawang: "Bibi-bibi randha, Jantra ingsun prapti, kang kori winengkna!".

5. Randha Jantra wuwusira aris: "Gendhuk Lanjar sira glis tangia, ipemu iku kang mrene, kakangmu Sondong Majruk, lah bukaken lawange nuli!". Welanjar anggawa damar, lan ambukak pintu, pupurira lelamatan, gelung lukar campur bawur ganda amrik, sumedhot noli wuntat.

6. Kagyat ing tyas pyar-pyaran kang prapti, sarwi tanya mangkana delingnya: "Dhuh ni Lanjar ingsun takon, aneng endi bojomu, Sondongdari ingsun ulati, lah mara tuturena, marang raganingsun?". Ni Wulanjar mesem ngucap: "Boten wonten si kakang Sondongwedari, prapteng ngriki tan ana."

7. Sondong Majruk takon amarani: "Nora kena nini sira, tan wurung sira sun tageh!". Ni Wulanjar umatur: "Nyambut punapa kula tinagih, dalu-dalu aprapta, nagih napa niku?". Sondong Majruk sru kasmaran, lali mungsuh mung eling kang asung manis, enggal asta cinandhak.

8. Wus ingajak manjing jinem mrik, ni Wulanjar tyase maksih ewa, dene ngandhap wonten tyange, Sondong Majruk anguthuh, wus kalakyan akarongron sih, semune sanget saya, kapindhone kambuh, tan dangu nuli anendra. Eca-eca nggenira nendra neng panti, kepati sesengoran.

9. Gennya nendra datan angulisik. Pan warnanen kang aneng ing longan, den ampet ika napsune, Sondongwedari bendu, dene tinggi padha nglarapi, krengketing galar obah, tan betah karungu, nulya medal alon-alon, prapteng jawi Sondong Majruk sampun guling, eca nggennya anendra.

10. Sondongdari jumeneng ningali, sarwi nyawang marang kang anendra, ajejer lawan garwane, sinepi dukanipun, nulya narik curiga aglis, kang rambut gya ingasta: "Saiki patimu, wekasing guru tan kena, anyidrani mring sadulur tunggal aji, prandene sira arsa.

11. Angrusuhi marang selir mami. Adhuh kakang Majeruk wungua!". Pan sarwi sinuduk age, kencing jaja pan terus ing wali-

katira kang kering. Sondong Majruk tan sambat, nora jaluk banyu, sayektine sampun pejah. Sondongdari sumbarira entek enting: "Padha mangsa padhaa.

12. Lah rebuten sun Sondongwedari, tumbuh sira ngong jatin-ning lanang, padha yen padhaa kowe, nimbangi datan patut, driji jenthik mangsa madhani, yen kuranga percaya, nyambatna merdhukun. Samengko sira karasa, lah sangganen sira wus anggengdhong bumi, suk emben telung dinanya.

13. Tan wurung randha bojomu yekti, sira dadi pakanira gagak, pinasek aneng kubure, bosok koklok sireku, mangsa sira dadia takir, sirna peparabira, gegek kumandhangmu, wong brang wetan akulaka, mikata janturing nekaning pawarti, lan daganga pawarta.

14. Sondong Majruk mati dening mami, nora nana loro telu papat, sun Wedari ya banthenge, kang mateni marga gung, iya ingwang Sondongwedari. Dhuh nini ariningwang, karia sireku, ing-sun arsa lunga marang, mring Majasem sowan maring kakang mami, wong Agung Stukmayana!!".

15. Sakesahe dyan Sondongwedari, randha Jantra lan nini Wulanjar, gugup gumeter badane, pejahe Sondong Majruk, gelang-gelang aneng siti. Nini randha lan Lanjar rembug kalihipun: "Gendhuk-gendhuk paran baya, polahira yen weruh kang darbe waris, pesthi mati sun sira."

16. Ni Wulanjar matur sarwi nangis: "Mangga ibu sami dipun bucal, kula lawan ibu dhewe, yen wonten ingkang weruh, mindhak rembug: "Nini bener karepira." Pandirangan wong roro anolah-nolih, kapoyuh dhela-dhela.

17. Nimbok randha cincing-cincing tapih, ni Wulanjar ningset-ken kembennya, anyandhak suku karone, gineret medal gupuh, den gelandhang mangetan aglis, binuang jaban desa, tapel watesipun, bumi Jantra ingkang wetan, lawan wates dhusun Kedalon puniki, bawahe sabrang wetan.

18. Wus tininggal ngara-ara nuli, ni Wulanjar kalawan ni randha, sipat kuping palayune, rumangsa binuru, atut wingking aneng ing wuri, ni randha kathetheran, tapihe marucut, tan krasa runtuh neng marga, aneng wisma amajar mring putraneki: "Gendhuk iki ngapaa.

19. Anyep-anyep pupuku sumriwing," ginrayangan tapihe wus ilang, galuntung dheprok neng bale, ambekane kumrusuk, ni Wu-lanjar nora anahuri, Mung grayangi suweknya, perihe kalangkung, dene mau nasak-nasak, bokmanawa pinggire kabaruting ri, perihe wus katara.

20. Tan cinatur ingkang keneng eri, uwus prapta tumameng jro wisma, mangkya ingkang winiraos, kala ambuwang Majruk, babak-bunyak dhengkul sami, niba tangi plajengnya, sarwi numbuk bentus, kembennya kacanthel carang, tan rinasa mung carange keneng eri, erine keneng carang.

21. Kawarnaa dyan Kudasuwengi, lawan Singanyidra uwus prapta, ing Majasem karatone, sowan ngarseng tyang agung, Sukmayana nuju siniwi, sineba ing punggawa, ing ngayun supenuh, tur sembah radyan kalihnnya, angandika Sukmayana arum manis: "Dhuh yayi padha harja."

22. Kang sinabdan aturira aris: "Bekti amba katur jengandika, minta aksama wiyose, dhapur ulun anuwun, sagung rengating panggali, saking gung cumanthaka, labet mangkya ulun, lagya anggung nandhang papa, marma enggal sumiwi suwiteng patik, amba aminta gesang.

23. Darunaning ulun gung kaswasih, margi amba siniksa siniya-siya, dhumateng Yuyuprithil, pinilara kablenggu, kinen seba amba apti, cinancang buntut kuda. Mangkya amba minta tulung, ing ngarsa paduka raka, Yuyurumpung maneter anyumethe-ni, linarak lawan kuda.

24. Turut marga amba den gebugi, mangkya mugi wonten sih paduka, malesaken ing tembene, sarta amba kinrubut, sagung wadya balane sami. Mangke ulun srah jiwa, dhumateng wong Agung, minta gesang pasrah jiwa, pajampua winalesna ulun benjing, dhumateng Kemaguhan."

25. Sukmayana wuwusira aris: "Lah iya yayi Suwengi sira, aywa kuwatir ing tyase, ing benjang ingsun tulung, lamun sida mantu puniki, wong agung Pranggarudha, lan Carangsokeku, lamun ngarak sayektinya, Yuyurumpung Kemaguhan melu ngiring, besuk padha malesa.

26. Nanging iki ingsun den pundhuti, pitulungan mring sri Carangsoka, Puspa Andungjaya dene, wakingsun kinen luru, ku-

dangane badhe pangiring, dhalang ran Sapanyana, niyaga sadulur, gong wayang mlaku priyanga, dene iku tan karuan wismaneki, marma ingwang aminta.

27. Muga sira aglis angulati, sokur lamun bisa pinanggiha, tan pinanggih wus begjane, sok uga samya lurus." Nulya pamit saking ing ngarsa. Datan kacrita mangkya, kesaru kang rawuh, Sondong-dari atur sembah, kuluk dhuwung kang ical sampun pinundhi, katur dyan Sukmayana.

28. Maksih tebih pinapaken aglis: "Dhuh dhuh adhuh adhiku wong lanang, dene sira oleh gawe." Radyan Sondong umatur, lampahira denya tinuding, yuda lan kakangira, tinutur anggalur, pancakara telung dina, Sondong Majruk mati ing Jantra puniki, Sukmayana pan suka.

29. Sinegeg ingkang antuk kardi, wus binajakrama andrawina. Kocapa wau layone, Sondongkerti Majeruk, kadenangan wong desa prapti, lajeng sami tengara, titirnya gumrumbyung, manca desa sami prapta, wonten kenthong pratandhane janma mati, pejah kinaniaya.

30. Pra panggedhe lurah lan petinggi, samya prapta ing panggonanira, bangke sinepadakake. Satuhu Sondong Majruk, kang pralaya pan sarwi kanin, nuli atur uninga, dhateng Yuyurumpung, wong agung ing Kemaguhan, saha bala Singabangsa Gagakpait, Dhandhangwiring Ki Banyak.

31. Tan antara Sukmayana prapti, lawan wadya panggedhe pepakan, umiyat ponang bangkene, Yuyurumpung amuwus: "As-dubilah si anak genjik, binatang si keparat, sapa wani iku, mateni adhiku lanang, kang balancer Sondong Majruk sira mati, sayektyangwang tan trima.

32. Dene iku patine si adhi, tapel wates brang kulon lan wetan, ananging iku sirahe, sabrang kulon nggenipun, lawan tatu dhadhanya siki, klebu bumi kulonan, masthi nyata iku, kang mateni kadang ingwang, wong brang kulon tan wurung ngong pundhut ganti, walese kadang ingwang."

33. Pra panggedhe brang wetan ngastuti, bener iku pangandikanira, Yuyurumpung ing dhawuhe, sadaya minta ukum, wong brang kulon dipun suruhi, sakehing panggengnya, iku ukumipun, jinarah sandhang myang boga. Sukmayana nora ngucap nora anging, ngrasa pabene kalah.

34. Datan dangu pan ingkang kaeksi, radyan Singapadu, ingkang prapta, puniku jaksa lungguhne, jaksanira wong agung, Carangsoka melu nekani, tur pambagya sadaya, nuli kinen lungguh. Yuyurumpung glis angucap: "Heh pak Padu mara benerana nuli, sapa ingkang menanga.

35. Kadang ingkun si Majruk kang lalis, mati ana bumi brang kulonan, sirahe neng kulon manggen, masthi iku kang nyuduk, wong brang kulon ingkang mateni, adhiku bocah lanang, amba minta ukum, sapa salah pan jinarah, nadyan amba yen kalah yekti nglakoni, yen menang ingwang jarak."

36. Sukmayana angandika aris: "Adhuh kakang Singapadu sira, mara rampungana age." Singapadu lon muwus: "Sapa bener mesthi nglakoni, dene iku tandhanya, kang mati Majeruk, sabrang wetan asalira, wus masthine wong brang wetan kang mateni, kula pinta ukumnya."

37. Singapadu nulya naliti, labetira tan ana katara, dene mentas udan gedhe, marma emeng tyasipun, dangu gennya arsa mancasi, puwara emut ing tyas, Singapadu matur, mring wong agung kalihira: "Pan puniku gampil tandha karya bukti, bangke kang bisa ngucap.

38. Pejah aneng tapel wates siti, ingkang ambekta inggih tan nana, amung sukunira dhewe, tartamtunira iku, wong brang wetan ingkang mateni, dene suku neng wetan, masthinira mlayu, saking wetan palajengnya, dugi wates kejrungup nulya ngemasi, saking maling konangan.

39. Lawan malih titike pinanggih, bangke niki mangkureb neng lemah, sirah ing kulon enggone, suku neng wetan iku, masthi wetan ingkang mateni." Panggedhe surak samya, dahat tri gumuruh, melu surak anetepna, putusane Singapadu bener titis, kang kalah gya rinayah.

40. Tanpa kandha lajeng anetheli, Yuyurumpung Kemaguhan kalah, wus rinampas sandhangane, kantun sruwal lan dhuwung, ingkang boten kenging ingambil, krana iku larangan, pranataning kukun. Yuyurumpung kadumelan, lajeng mantuk pisuhe pan turut margi, dharindhil tan tanpa kendhat.

41. Lajeng mentar sowan mring dipati, Paranggrudha matur sesolahnya, pados dhalang datan oleh, manggih wirang kalangkung, kadang Sondong Majeruk lalis, gecedhugira yuda, mene

manggih lampus, miwah malih pinatrapan, ukum thethel sandhang-an dipun jarahi, minta tulung srinata.

IX. SINOM

1. Ngandika sang Paranggrudha, marang kang dahat kaswasih: "Dhuh adhi pamintanira, benjang ingsun kang nulungi, yuda lawan Suwengi, Singanyidra kalhipun, aja kuwatir sira, malesa kadangmu iki, Sondong Majruk matine kinaniaya.

2. Yen ingwang sida besanan, lan Carangsoka dipati, sun jaluk pati uripnya, abdine pasthi nuruti, nanging tyasku puniki, tan lega rasaningsun, lamun dereng antuka, dhalang wayang ingkang nami, Sapanyana wayangnya mlaku priyangga.

3. Wus lami ingsun utusan, nanging dereng wonten prapti, sadiyanya kanggo ngarak, sadaya sampun cumawis, namung kanton ngentosi, pun dhalang pan dereng antuk." Eca denira ngandikan, kasar dhatengnya patih, Singapati panggedhe dhusun Karopak.

4. Wus dhateng ambekta dhalang, baguse kaluwih-luwih, gong wayang prapta priyangga, niyaga kadange estri. Tur sembah kyana pati: "Bekti kula mug i katur, ulun dinuta prapta, antuk dhalang ingkang nami, Sapanyana bagus tur maksih taruna."

5. Angandika sang dipatya, Paranggrudha ngancarani: "Adhuh bagus raden dhalang, bageya praptanta kaki. Sapa namamu kaki, lawan kadangira iku, wanodya ayu endah?". Kang tinanya matur yekti: "Inggih kula ingkang nama Sapanyana. .

6. Kadang kula ingkang tuwa, puniku namanireki, Ambar-sari apearab, Ambarwati kang wuragil, panengah ulun niki, dantan darbe wisma ulun, alit mila lelana, tan uninga yayah wibi, gangsa ringgit punika paringnya dewa.

7. Duk ulun kesah martapa, lawan kadang kula kalih, aneng ngandhap arga kembang, Marbabu gununggireki, wonten dewa maringi, purwane punika wau." Yuyurumpung duk miyat, andongong panduhuneki, mila lajeng pinaraban namanira.

8. Ki Belongoh Kemaguhan, dhedhukuh Balongoh ugi, panggedhe ing Kemaguhan. Yuyurumpung kang sayekti, kejarah nama dadi, kapencut niyaga ayu, nging ajrih sang dipatya, dene dereng dugi kardi, benjang lamun pangantyan sampun pinanggya.

9. Niyaga arsa ingalap. Solah tingkah den owahi, jatmika kadya jejaka, tanapi radyan Jasari, ugi kasmaran uning, kapengin marang wong ayu, batin samya remennya, kaki dhalang kadang-neki, kalihira endahe datanpa sama.

10. Tan winarna kang kasmaran. Samana kinen lumaris, kinarya ngarak pangantyan, pangiring sampun sumandhing, ingiring para mantri, demang lawan agul-agul, raden Kertiwerdana, kang mrantasi sagung kardi, nggih punika wong agung ing Kemaguhan.

11. Angirid pepatihira, mangka kang dadya pangirid, Dhandhangwiring Tlagamaja, Gagakpait nora kari, Banyaklodong neng wuri, penuh sesak ngurung-urung, dipatya Paranggrudha, kang kantun ing dalem puri, sagung karya wus pasrah sri Kemaguhan.

12. Tan winarna aneng marga, kocapa pan sampun prapti, ing nagari Carangsoka, samana ingkang winarni, Carangsoka dipati, wus samekta tata suguh, wandu wandawa prapta, pramitra sami sumiwi, pramugari Majasem dyan Sukmayana.

13. Sondongwedari wus prapta, ngiras jagi aneng jawi, pake-wuh sampun waweka, dene sampun amateni, Sondong Majeruk nguni, sanadyan nora tinuduh, wong dosa wus katara, dhuwunge pinipit pipit. Nganten ngarak panggih wus meh surup surya.

14. Samarga marga winarna, kang mulat samya ngrasani: "He he de pangantenira, rupanira memper pithing." Ana ingkang nahuri: "Yen aku ngarani iku, rupane kaya luwak." Ana malih anahuri: "Dudu luwak mempere kaya wanara."

15. Ana kaki-kaki ngucap: "Heh wong apa sira kuwi, ora pan-tes ngupamakna, yen sira durung udani, yaiku warnaneki, jerang-kong kang lagi metu, ambune belarongan, kacek iku nora bacin." Ger gumujeng sadaya kang samya myarsa.

16. Sampun prapta ing paseban, gangsa jawi ingkang muni, gangsa jero sesauran, tabuhan maneka warni, raras suwara ngra-ngin, saking gunging pambojagung. Wus panggya kang temantyan, kinepang sagung pawestri, nganten priya theleng metu ngiringan.

17. Kagagas sajroning driya: "Nyata ayu bojo mami, mendah lamun wus wanuha, sun sunggi ingsun lelithing." Dupi sang dyah anglirik, anglir merem mripatipun, priksa badhe kang raka. "Pa-nganten kadya kepithing, pantes iku ngrabenana marang lingsang.

18. Kalamun ingsun pineksa, milalu ingsun ngemasi", pang-

galih kadya mangkana. Warnanen kang dhalang wiwit, nata wayang gong neki, niyaga pan sampun lungguh, dhalang mungging pang-gungan, wiwit manggung anyuluki, nganten estri pandelenge tan ambegan.

19. Kang netra kumedhep tesmak, mung dhalang dipun tingali, mangkana panggagasira: "Nyata iku kang anami, Sapanyana sayekti, pancen bagus warnanipun, layak kajanapriya, baguse dadyajat janmi, kadangira estri kekalih yu endah."

20. Sampun manggung Sapanyana, suluknya andudut ati, suwara lir ngerik manah, carita langen ing puri, gangsa munya ngrusuh, bok nganten asenggruk-senggruk, "angur mati wak ingwang, yen nora bisa pinanggih, lawan sira kakang dhalang Sapanyana.

21. Sesendhone manjing limpa, carita manjering ati, janture anusuk manah, swara gandhang arum manis, panyandra merayangi, ing usus manjing rempelu, jantung kadya rinajah, ngrerepi duduti ati, mati ngarang ngong tan panggih Sapanyana."

22. Dupi wanci tabuh sanga, kadipaten kebak janmi, kang dulu sangsaya kathah, yel uyelan sungsun tindhih, sumuke anglangkungi, ki dhalang keringetnya nruntus, gerah panas ngerayang, karasa-rasa ing ati. Nawangwulan sumaput keneng sawungan.

23. Dadya limut kautaman, kasmaran raosing galih, balenconge mumpyar-mumpyar, ngadeg nyat panganten estri, nyangking setanganeki, dinalih arsa anguyuh, wusana lajeng mlumpat, panggungan dipun langkahi, sarta nyabet balencong mati sakala.

24. Panganten ngebruhi dhalang, petengira ngliwati, geger ingkang samya mulat, damar alit padha mati, alok "dhalang bilahi, dhalang bangsat dadya pandung." Yuyurumpung grayangan, ngulati panganten estri, tan pinanggih nepsu tan ngunduri yuda.

X. DURMA

1. Asru mojar: "Heh heh dhalang Sapanyana, tan wurung mati sira. Lah kepungen kanca, cekelen Sapanyana, ngong tigas endhase pasthi!!". Warnanen sira, dyan dhalang lan sang dewi.

2. Nawangwulan mangkana aturira: "Kangmas kula ngur lalis, lamun tan sageda, kula krama andika." Sapanyana ngandikaris: "Dhuh sira nimas, aywa sira kuwatir.

3. Benjang sira sun rebut lan bandayuda, nanging ing wengi iki, aku durung bisa, ngukuhi marang sira, sabab iku kadang mami, estri kalihnya tan wurung den rusuhi.

4. Milanira nimas sira aglis balia", sarwi dipun arasi, "benjang yekti sira sun rebut lara pejah." Samana konangan nuli, dhateng Dyan Bangsa: "Siraku dhalang maling!!".

5. Singabangsa lawan dhalang bandayuda, rame asilih ungkih. Singabangsa nendhang, dhalang males ambuwang, wus pisah lajeng lumaris, nututi sigra, mangaler playuneki.

6. Kawarnaa Suwengi lan Singanyidra, pan arsa males pati, dhateng musuhira, Yuyurumpung samana, den padosi tan pinangih. Peteng anggap, Yuyurumpung nututi.

7. "Apa iki binatang si Sapanyana," den adhang ing ngarsa, kadange wanita, ingkang den takokena, "Lah endi dulurmu, aturna ingwang, sira tan sun pateni!!".

8. Sapanyana andhupak sarwi anyentak: "Binatang sira anjing, rupamu tan mandra, cangkemira ngger mangap!". Yuyurumpung tinempiling, tiba kalumah, tumulya tangi jurit.

9. Aprang rame petengnya kagila-gila, kadang estri rumiyin, sri Yuyu binuwang, Sapanyana lumajar, nututi kadang kadwestri, mlayu mangetan, cinegat ingkang baris.

10. Mengkok ngidul plajenge katiganira, binuru tinut wuri, wus lepas lampahnya, kadange sepuh ngucap: "Dhuh dhuh nimas sira nini, kabaya-baya, dhuh dhuh iki den rani.

11. Benjangira dadya dhukuh ingaranan, Lubaya aranekei." Trus mangidul radyan, Sapanyana angucap: "Dhuh dhuh kangmbok kontang-kanting, kadi punapa?". Ambarsari nahuri.

12. "Dhukuh iki ing besuk sinungan aran, desa Runting sayekti." "Kangmbok niku napa, ngarsa suwara sima, mangga wangsul ngaler malih!". Kang rayi ngucap: "Ran Siman dhukuh benjing."

13. Lajeng wangsul katrinira ngaler ngetan, nurut ing pinggir rawi, kapethuk kalawan, dyan patih Singabangsa, yuda rame silih ungkih, pun Sapanyana, kathetheran ing jurit.

14. Ambarsari matek aji palemunan, sarwi ngundang kang rayi, den ajak lumajar. Sapanyana miyarsa, lumayu dipun tututi. Datang kocapa, mangilen plajeng neki.

15. Inggang ngadhing wus pisah lan Sapanyana, rahadyan ngandika ris: "Tinulak sing wetan, mangilen manjing wana." Inggang rayi minta warih: "Kawula ngelak, ing pundi wonten warih.

16. Petengira datan wuninga ing paran, dhuh kangmas ngajeng niki, ana padhang-padhang, kadi nika padesan, Suwawi dipun pareki", wusana tegal, tan wonten wismeng janmi.

17. Wonten sumur timbane pan nora ana, skang rayi saya nngis. Ya ta radyan dhalang, ngantep kadibyanira, kang sumur cinandhak sisih, sisih ingidak, sumurira angguling.

18. Marmanira kang sumur wau ingaran, Sumurgumuling nami, lajeng nginum samya, katiga wangsul ngetan, mangetan inggang sinuprih, medal sing wana, wus pajar wayah neki.

19. Sapanyana mangkana ing aturira: "Kang mbok wus pajar niki, prayogi menggoka, mangaler ngilen padhang, sampun ebyar wancineki." Pan rada raja, nuli lumaris malih.

20. Ngaler ngilen plajengira tyang tetiga. Mangkana sampun enjing, wanci bang bang wetan, prapta dhukuh Banthengan, saya ngaler lampah neki, samana mulat, tinon tegalan asri.

21. Ambarsari mangkana pangucapira: "Heh dhimas tegal iki, dene langkung amba." Kang rayi matur sigra: "Yen makaten kangmbok niki, benjang ingaran, Tegalama prayogi."

22. Prapteng ngriku Ambarsari kang kasatan: "Dhuh yayi ngorong mami, bok sira jaluka, dhumateng inggang tengga, semangka saka sawiji, de katonira, agung-agung ngluwihi."

23. Sapanyana sumahur dhateng inggang raka: "Dhuh kangmbok tan prayogi, nembung inggang tengga, yekti mangsa antuka, yen tan oleh dadi ati, mendhak tukaran, luwung mundhuto siji.

24. Boya priksa sayekti boten dedawa." Sapanyana nglumpati, ngambil kang semangka, satunggal inguncalna, gumebrug suwaraneke, kang tengga myarsa: "Thole asmara kingkin.

XI. ASMARADANA

1. Thole thole dipun aglis, delengen suwaranira, apa kang gumebrug kae, apa kae Sarabendha, ambadhogi semangka!". Sabdapon sahuripun: "Sarabendha iku apa.

2. Bodho banget sira iki, durung weruh sarabendha, gembeleng arane. Sireku pan nora tata, gendhengmu tan kejamak." Sabdapalon sahuripun: "Yen celeng aku wus priksa.

3. Yen gembeleng iku pasthi, gembili aneng leng gonnya, bapak iku ya arane!!". Anyentak Ki Naya sugal: "Mara glis tilikana, menek weruh bendaramu, sayektine mengko duka."

4. Sabdapalon anahuri: "Bapak wedi aku lunga." "Wis kowe kariya kene, aku dhewe ingkang lunga!". Sabdapalon tan arsa: "Emoh bapak wedi aku, aku melu marang sira!".

5. "Ken lumaris dhisik wedi, neng buri tan wani sira, kapriye ta wekasane." Nayagenggong lajeng nyandhak, ponang tali dudutan, kapernah ing enggenipun, Sapanyana arsa mlumpat.

6. Ancule dinudut aglis, pucuke anjeplak ngetan, anyabet ing pok kupinge. Sapanyana kagyat mulat, kesampluk ing dudutan, sumapat ing panonipun, bramantya dyan Sapanyana.

7. Tinon datan ana janmi, lajeng nyandhak wit semangka, den babadi sadayane, sebat sebut saya nengah. Nayagenggong tumingal, kinira celeng, waspada lamun manungsa.

8. Semangka dipun geredi, Nayagenggong nguwuh suta: "Payo padha mlayu age, iku sapa iku sapa, wani ngrusak semangka, aturna mring bendaramu." Sabdapalon gugup ngucap.

9. "Ge age sira lumaris, wong iku anggawa rowang, rowang loro wadon kabeh!!". Nayagenggong asru majar: "Enggal atura priksa, dhumateng rahadyan bagus, Kembangjaya kang atapa!".

10. Mlayu anjujug ing ngarsi: "Dhuh raden amanggih tiwas, semangka pan rusak kabeh, den babadi tyang neneka, enggal paduka mrika, katela semangka katimun, nggalasah keh kang rusak."

11. Kembangjaya duk miyarsi, bramantya duka kalintang: "Sapa wani-wani kiye, sugih kendel adol ladak, kadya priya priyanga." Sigra-sigra lampahipun, wus prapta ing tegalannya.

12. Gya cinandhak astaneki, rahadyan sarwi tetanya: "Lah ta sapa sira kuwe, ngrusaki tanduraningwang, kaya lanang priyanga, ladak temen sira iku?!". Gya sinendhal krungkeb tiba.

13. Sapanyana gupuh tangi, pan sarwi ngucap mangkana: "Sapa kowe wani mring ngong, baya sira ngemping lara." Dadya yuda kalihnnya, jinagur genti anjagur, sami dhupak dhinupak.

14. Acengkah banting binanting, genti buwang binuwangan, sami sudibya prang rempon. Satriya padha bagusnya, rahadyan Sapanyana, cinekel astane kukult, budi sarosa tan bisa.

15. Rumangsa asor kang jurit, pan nuli teluk sakala: "Dhuh nuwun kawula raden, satuhu kasor yudamba, datan mangga puliha, datan purun malih ulun, ngaturken pejah kawula."

16. Tangan inguculken aglis, rahadyan sigra tur sembah. Sapanyana neng ngarsane, tinakonan pinangkannya: "Lah sapa aranira, wani-wani ta sireku, ngrerusak tanduraningwang?"

17. Sapanyana gya tur bekti: "Dhuh radyan badan kawula, kang sudi asung namane, ulun wasta Sapanyana, dhalang tan darbe wisma, mila kula kamipurun, nuruti kadang wanodya.

18. Suwau amba puniki, tinanggap dipati Grudha, kinen ngiring ing panganten, dhumateng ing Sarangsoka, wusana amba mayang, panganten estri anubruk, dhumateng badan kawula.

19. Mila lajeng geger nuli, kawula ajrih lumajar, dinujung bujung wong akeh, bandayuda lan lumajar, kalayan kadang amba, pawestri kalih puniku. Ambarsari pembayunnya.

20. Panengah ulun puniki, Ambarwati warujunya, ragi sae ing citrane, manawi pinujweng karsa, katura jeng paduka, lowung dadya juru ngangsung." "Iya yayi sun tarima."

21. Sapanyana matur malih: "Dhuh kangmas tanya kawula, yen parenga ing karsane, mugi amba sinung wikan, dhuh sinten jeng paduka, asma paduka saestu, mugi tuwan paring priksa."

22. Rahadyan alon nahur: "Lah yayi lamun sudiya, kang ngarani marang ingong, ingsun aran Kembangjiaya, dhedhukuh ing Banthengan, kadang ingsun ya wong agung, Sukmayana julukira.

23. Ing Majasem kang nagari, kaipe lan Carangsoka, dipati Andungjayane, kang nanggap marang sira, mulane karsaningwang, becik padha maratamu, sira katri sun jak seba.

24. Dhumateng ing kadang mami, Majasem Sukmayana, kapriye mengko karsane, prakara ing kadangira, kalih estri punika, marga ingsun ingkang suwawu, kinen luru marang sira.

25. Wusana sira samangkin, uwis saka Carangsoka, iku ingsun sokur bage." Sapanyana langkung suka, ngundang kadang wanodya, tandya dhateng kalihipun, pindha widadari kembar.

26. Dyan Kembangjaya ngelirik, umiyat ing warnanira, kalih samya yu rupane, kang tuwa sedhet respatya, luruh lindri semba-da, dhemes sarira lurus, kang mulat yekti kasmaran.

27. Kagagas sajroning galih, wuragil kang karyasmara, dene tumancep ciptane, kadya kraos jro wardaya, kelut anganta-anta: "Benjangira nora wurung, sun alap dadia garwa."

28. Kagagas sajroning ati. Kembangjaya ris ngandika: "Payo yayi katigane, sowan samangkya kewala, dhumateng kadang ing-wang, Sri Sukmayana dimen wruh, ing Majasem ingkang praja."

29. Samana nulya lumaris, sowan marang ingkang raka, wong agung ing Majaseme. Tan winarna aneng marga, wus prapta katiga-nya, sumiwi ing kadang sepuh, saksana lungguh satata.

30. Radyan Sukmayana angling: "Lah bage kang lagya prapta. Sapa rewangira kiye?". Kembangjaya atur sembah, wus katur sadayanya, Sru dahat ngungun wong agung, mau bengi ingupaya.

31. Binuru binujeng dening, wong agung ing Kemaguhan, Yu-yurumpung sabalane, cinekel pan nora kena, dene samangkya gam-pang, teluk marang ariningsun, yayi mas si Kembangjaya.

32. Anggarjita jroning galih, sira rahadyan Sukmayana: "Yen mangkana ariningong, sanyata prawira tama, asekti mandraguna, kaya bisa iku besuk, prang tandhing sri Kemaguhan.

33. Kalawan sang adipati, iya ing Paranggarudha." Saksana ngandika alon: "Lah yayi ing karepira, kadange Sapanyana, lah garwanen siji iku, sira ingkang amiliha.

34. Mapan sira ingkang olih, kang siji sun pundhut garwa, kang sajuga sira dhewe." Kembangjaya tur "Sumangga, sakarsa jeng paduka, mugi katura pukulun, kawula darmi kewala."

35. "Pantese kang tuwa mami, ingkang mudha iku sira, mang-kono yayi becike." Sapanyana atur sembah, medhar sukung war-daya, antuk ipe bagus-bagus, apantes kinanthi kadang.

XII. KINANTHI

1. Kawarna pinanggihipun, Kembangjaya Ambarwati, dyan Sukmayana kalawan, nini dewi Ambarsari, pan sarwi binojakrama, panggih kadwinya pangantin.

2. Tan winarna kalihipun, kapadhaningsih, karongron jiwa asmara, datansah dennya karon sih. Wonten malih kang winarna, mangsuli carita nguni.

3. Panggedhe Nguren puniku, Singapadu kang winarni, sa-klangkung sungkawanira, sapejahe Sondong nguni, patine kina-ningaya, rubeda lajeng dhatengi.

4. Larang udan sakelanglung, mangsa rendheng tan garimis, pan wonten sampun sacandra, terang datanpa garimis, sagung sabin samya asat. Singapadu langkung sedhih.

5. Mariksana sabinipun, garing arang asat sami, sagung kali lan sumberan, asat gereng nora mili, telane satengah asta, paman tani brebes mili.

6. Sami seba ahenuwun, mring Singapadu minta sih, mugi ngupayaa tirta, mrih keni kinarya sabin. Singapadu angandika: "Lah kanca menenga sami.

7. Mengko ingsun munggah gunung, arsa sowan mring sang yogi, pandhita ing Kandhuruwan, meminta mulyaning sabin." Wus mentar sira rahadyan, Singapadu maring wukir.

8. Tan winarna lampahipun, wus prapta ing ngarseng yogi, sang wiku ing Kandhuruwan, cumundhuk arsa ngabekti, wus pranata lungguhira. Ngandika sang maha yogi.

9. "Dhuh bageya anak ingsun, Singapadu sira prapti, paran baya karsanira, sun dulu semu wigati?". Singapadu atur sembah: "Dhuh dhuh eyang sangeyogi.

10. Sadereng ulun matur, kados boten kilap malih, kirang punapa paduka", ngandika wau sang yogi," iya bener ujarira. Apa perlune sun teki.

11. Mertapa luhuring gunung, cegah dhahar lawan guling, me- minta marang jawata, pinunjul samaning janmi, kalamun, ora wi- kana, maring sedyanira kaki.

12. De ing mengko sira kulup, minta warih karya sabin, iya ingsun wehi sira, nanging ana wekas mami, lamun mulih mengko sira, aywa ngantya noleh wuri."

13. Sandika ing aturipun, "suwawi muliha kaki, poma aja nolihi sira." Singapadu minta pamit, nembah bekti ngaras pada, lengser ngabyantara resi.

14. Warnanen ing lampahipun, medal wana agung sepi, murang marga bebondhotan, saksana ana kapyarsi, suwara kumrusuk wuntat, lir janma guneman sami.

15. Saya parek swaranipun. Singapadu nora noli, emut mring salwiring wekas, maha yogi ing nguni. Saya tebih lampahira, suwara saya nyaketi.

16. Dupi prapteng wana Swadhuk, wus caket dhukuh puniki, Singapadu anggarjita: "Apa rupane sayekti, sabawa wingking punika, sangsaya sru angajrihi."

17. Dadya noli Singapadu, cengkelak umiyat wuri, suwara sirna sakala. Getun ngungun dahat sipi, kagagas kalamun toya, suwara kang aneng wuri.

18. Labete wana Suwadhuk, wus teles nanging tan mili, nulya wangsul nggal-enggalan, sowan mring sang maha resi, tur uninga katiwasan. Pandhita ngandika aris.

19. "Mau mula ingsun tutur, aywa noli sira kaki, puwara ngelirken wekas, samangkya toyane enting, manjing bumi Suwadhuknya, tembe umob neng Wedari."

20. Singapadu amlas ayun: "Mugi eyang paring malih, sru dahat turideng amba, tan wande pejah tyang tani." Ngandika rum sang pandhita: "Wis kebat muliha nuli.

21. Nanging poma wekasingsun, aywa kongsi noli wuri." Singapadu tur sandika, manembah lengser wus pamit, ginelak ing lampahira, suwara datan tinoli.

22. Wus prapta ing wismanipun, keksi sabin maksih garing, bramantyanira kalintang, "pandhita ingkang gorohi, tan wurung karasa tangan, masthi mati lawan mami!!".

23. Kesah malih marang gunung, ing Wedari wus kaeksi, kali Wanyar tanpa tirta, tinurut labeting warih. Dupi prapta ngara-ara, kang kali dipun tambaki.

24. Mring panggedhe Masong niku, lawan Rames nambak ugi. Duk miyat sira rahadyan, bramantya duka sinipi: "Layak-layak de punika, toya datan bangkit mili.

25. Karana tan bisa laju, dening Singamerta maling, Mertagati rewangira, kalih samya nambak kali, toya saking Kandhuruwan, iku ingsun kang darbeni.

26. Deni teka wani bendung, karasa tangan saiki.” Dupi uwus prapta cedhak, Singamerta den tempiling, jinejeg sarwi den dhu-pak, udhengnya malesat tebih.

27. Jenggirat nulya amacul, Mertagati melu ngudhi, wali-wali nora pasah, Singapadu tuhu sekti, pinacul nora karasa, tiyang kalih tinempiling.

28. Andhupak nabok myang nyikut, kalih pisan samya wani, dadya gelut katrinira, gulung gemak silih ungkih, tambak bendung sampun bubar, lesah leseh banyu mili.

29. Gulung gemak cakot bulus, sadalu dumugi enjing, katiga lumur blethokan, kantun mripat kethip-kethip, ambekane kareng-gosan, tan ana nedya ngunduri.

30. Singapadu tibeng luhur, den walik si Mertagati, Mertagati dipun dhupak, Singamarta den tindhihi, nulya kalihira uwal. Singa-marta dipun tarik.

31. Gelut malih tyang tetelu, Singamerta kang nindhihi, Mer-tagati melu nunggang, sedya ngamuk soroh pati, nora ana ngun-durana, tiyang tandang padha wedi.

32. Wus priksa sang maha wiku, Singapadu kaduk wani, tan durung amanggih tiwas, nulya tedhak sang ayogi: ”Dhuh dhuh kulup lah lerena, salah gawe sira iki.

33. Padha sira leren gupuh, mesthi iku datan keni, ing Rames kareh sumbernya, nanging kulup Nguren benjing, lan Masong mangkono uga, gemah harja dhukuh neki.

34. Ing Rames salaminipun, tan mundhak desanireki, wis pa-dha sira muliha, sun murahi toya benjing, temah dadi gemah ripah, muliha seba dipati.”

35. Panembahan nulya kondur, tur sembah katiga sami, samya mantuk sowang-sowang. Ponang toya sampun mili, yen katiga toya pejah, wus dilalah karseng Widi.

36. Kang lepen Kedhung Suwadhuk, ilang toya Nguren mijil, yen mangsa katiga nela, wus mangkana kang pinasthi, Suwadhuk katiga asat, smung rendheng gambuhe mili.

XIII. GAMBUDH

1. Sigegen kang dum banyu. Kawarnaa sira ta wong agung, Paranggrudha kang nganti-anti wus lami, dhumateng pepatihipun, tan dangu anulya rawoh.

2. Ingkang katingal ngayun, patih wangsul lawan putranipun, Raden Menak Jasari kang lagya prapti, atur sembah sarwi muwus, sumungkem pada gelolo.

3. Nangis sarwi angguguk: "Adhuh rama pejahana ulun, kinen rabi nora dadi karep mami, bojo ayu sida mlayu, Sapanyana ingkang nyolong.

4. Angur matiya ulun, boten betah dulu ayunipun, Nawang Wulan ayu kuning lagi brahi, sampun remen dhateng ulun, lungguh jejer uwong loro.

5. Lajeng dhalang kang manggung, masang guna desthi lan pengerub, gya si gendhuk ngebyuki dhalang si anjing, lajeng geger ting balulung, kawula tinunjang uwong.

6. Mlajeng ngetan katumbuk, mlayu ngilen dipun tendhang ulun, sadayanya tan ana ingkang ngrumati, pijer perang padha gelut, mantu tatanira rusoh.

7. Bojoku sida mlayu, dhalang buruh ingkang jupuk niku. Boten patut maratuwa den urmati, meneng bae ora tulung, benere kalamun uwong.

8. Anake estri mlayu, anake mantu enggal rinangkul, apadene dirawati becik-becik, pangirengwang niku tuhu, manawi sampun den edol.

9. Anake wadon niku, tandhanira tan melu tetulung." Dyan Jasari kendel ngucap nulya nangis. Kang ramandika asru: "Dhuh angger putraku babo.

10. Aja nangis sireku, mengko ingsun walesken satuhu. Lah ta patih paran darunane iki." Singapati aturipun: "Unjuknya putra sayektos.

11. Carangsoka pukulun, manahira pan boten satuhu, mun-dhut mantu dhumateng Raden Jasari, kinarya pawadanipun, yekti dhalang kang den pados."

12. Gereng-gereng wong agung, Paranggrudha sru angandi-

kanipun: "Yen mangkono sira patih dipun aglis, parentaha wadya gupuh sedhiya perang rerempon.

13. Lan matura sireku, kadangingwang dhimas Yuyurumpung, gedheghe Kemaguhan dipun aglis, sun ajak anglurug pupuh, Carangsoka dipun obong.

14. Gawe segera latu, sirnakena wadya balanipun, garwa putra sadaya dipun boyongi, lan Kudasuwengi iku, bandanen ingkang akukoh.

15. Singanyidra katlikung, myang Andungjaya Carangsokeku. Enggal sira patih patenana aglis, apadene ipenipun, aywa nganti mrojol.

16. De Singanyidra iku, yen kacandhak aglis sira tlikung, yen wis kena aturna inggun tumuli, winehken mring Yuyurumpung, ingkang darbe satru batos."

17. Rampung andikanipun, kyana patih nembah pamit mundur, lajeng mepak wadya balanira sami, mirantos supenuh, balabar lwir samodra rob.

18. Kocapa ta wong agung, Kemaguhan wus tampi kang dhawuh, kinen mepak wadya balanira sami, arsa tumut perang ngglug, anggepur perang parempon.

19. Wus samékta sadarum, sikep gaman tumbak lawan dhuwung, panah pedhang cempuling sadaya mandi, sigra prentah wadyanipun, sadaya kinen abodhol.

20. Seba marang wong agung, Paranggrudha sampunnya kaping, dhateng sira Singapati, gul-aguling, tata lungguh samya kumpul, neng paseban sami caos.

21. Ngenteni dhawhipun. Tengara sapisan sampun kumpul, kaping kalih sami dandanan pra sami, kaping tiga budhalipun. Gumuruh wadya kang bodhol.

22. Masanggrah tepinipun, kali gedhe ingkang wadya kumpul, sampun acung panantang marang dipati. Carangsoka ya wong agung, nawala panantang tinon.

23. "Lah iki nawalengsun, Yujopati ayo perang pupuh, padha perang tandhing lan inggun neng ngriki, tan wurung sireku besuk, sun tugel gulumu pothol."

24. Tamat pamaosipun, Puspondungjaya Carangsokeku, nulya

prentah kinen sigra animbali, patihipun Singapadu, mirantiya nempuh kewoh.

25. "Lah kakang Singapadu, enggal sira parentah wadya gung, tata-tata lumawan aperang tandhing, metonana perang pupuh, Paranggrudha ngajak rempon."

XIV. S I N O M

1. Sinome ingkang winarna, wadya bala den dhawuhi, dhumateng pun patih jaksa, Singapadu kinen nuli, ngumpul lawan pra mantri, tanapi para tumenggung, panggedhe lawan demang, gul agul Sondongwedari, Singamerta Singapati sawadyanya.

2. Panggedhe Masong punika, panggedhe Rames tan keru, panggedhe Ngepung pondhohan, kumpul aneng saler kali, caket dhusun Gringesing, punika namaning dhusun, tumuli nantang yuda: "Lah endi rupane iki, pra prajurit Paranggrudha metonana.

3. Kalamun tuhu prawira, wani nglurug wani mati, lah mara sira nyabranga, perang aneng elor kali, yen tan wani sireki, luwih becik sira wangsul, pa gawene nglurug prang, balia yen wedi mati, Paranggrudha prajuritira tan nyabrang!!".

4. Mengko neku panantangnya, Panggedhe Nguren puniki, iya ugi jaksa, angandika nglara ati, sagung kang samya myarsi. "Heh heh patih Singapadu, tandhane sira lanang, nyabranga mring kidul kali, yen tan wani dudu Singapadu sira!!".

5. Singapadu saurira: "Iku dudu karep mami, yen wong agung Carangsoka, putra wadon palakrama, de Pranggrudha dipati, ngramaken putranya kakung, tinampik lara tyasnya, ngajak perang wedi kali, lah ta uwis balia ywa nglurug sira!!".

6. Wantune wong Kemaguan, Yuyurumpung duk miyarsi, jaja bang mawinga-winga, kumedut padoning lathi, sru saurira wengis, mangkana ta wuwusipun: "Keparat wong Garudha, padha wadon sira sami, nora watak lunga prang tan wani nyabrang.

7. Lah pak Bangsa dipun enggal, bocahmu sabrangna nuli!!". Sandika kang dhinawuhan. Wadya mbaga nyabrang aglis, anambang prau ugi, nglangi nganggo ramon agung, palestha wadya nyabrang, wus kumpul ing dharat sami, ewadene wingking kathah dereng prapta.

8. Lawan malih wadyanira, Singapati kyai patih, Parang-

grudha melu nyabrang, tata masanggrahan nuli, ayun-ayunan baris, tabuhan tinabuh ngungkung, gong bendhe mawurahan, slomporet suling kendhang muni, kang rumuhun yuda nganggo bandhulan.

9. Nulup nyawat lawan nyampang, tanapi ingkang ambandhil, nyodor saweneh bengkolang, maju rapet mungsuh neki, langkung rame tan sipi. Genti kasor genti unggul, keh mati kenging panah, ana mati kenging bandhil, sambatira kang kanin kadya garantang.

10. Sondongkertiwedari, umiyat perange sami, gregeten tan sabar manah, nulya medal mangun jurit: "Lah endi rupaneki, dipati Paranggrudha gung, papagna yudaningwang, iki raden Sondongdari, agul-agul wadya bala Carangsoka!!".

11. Dhandhangwiring Ngraci ngucap: "Sira lir priya pribadi, ngira tan ana kang nglawan, brang wetan keh kang prajurit." Nulya amapag aglis, tumbakira kang pinanggul, wus perak anggenira, Sondongdari tan nanggapi, eca-eca anjoged lan sumbar-sumbar.

12. Kang tumbak sebut binuwang, mak srepet anarik keris. Sondongdari gya lumajar, binuru abola-bali, sinuduk datan keni, cengkelak anulya napuk, nabda sarwi anantang: "Lah mara nyuduka maning, pilihana igaku, kang rada arang.

13. Yen tan wani saking ngarsa, nyudukana saking wuri!!". Dhandhanwiring asru mojar: "Tan watak nyuduk sing wuri, mara madhepa aglis!!". dhadha mungal sarwi muwus: "Lah mara glis nyuduka, aywa nyuduk tangan kalih, malah nyambata mring kake moyangira!!".

14. Dhandhangwiring nyuduk enggal, jumebles tan tatu busik, Sondongdari pan digdaya, tan pasah kulit lir wesi, anggoco wali-wali, suprandene nora tatu. Dhandhangwiring cinandhak, binanting gineret nuli, tinunggan ora lali tinabokan.

15. Dhandhangwiring glis binuwang, tibane asru kuwalik, tangine sarwi rumangkang, ambekani mampis-mampis. Gagakpait nulungi, gya maju lumawan mungsuh, dupi perak tumandang, Sondongdari anadhahi, perang rame kalihnya buwang binuwang.

16. Aburu binuru mlajar, Gagakpait kalah kesit, dipun ajak palayonan, munggah mudhun galeng inggil. Gagakpait nututi, kasandhung tiba gumebrug, nulya rambut cinandhak, ingukel Son-

dongwedari, sarwi ngidak walikat rikma sinendhal.

17. Jumethut kang ula-ula, putung iganya sawiji, Gagakpait gya binuwang, dhawah lenggah nora eling. Singabangsa nulya glis, tumandang maju tetulung, wus samya yun ayunan, atanya tinanya nami, nuli yuda kalihnya padha didaya.

18. Rame prang dugang-dinugang, ganti amburu pra sami. Singabangsa gal-ugalan, Sondongwedari prajurit, luwes nging awak cilik, prakosa Singabangseku, mila kalihe samya, kantar bahu silih ungkih, kalah Sondongdari karepotan.

19. Sondongdari gya cinandhak, binuwang kasingsal tebih. Sesumbar dyan Singabangsa: "Padha yen padhaa yekti, nimbangi datan sami, ingsun prajurit gegedhug, lah mara rasakena, suk mben den telung dinani, nora wurung dadi randha bojonira!!".

20. Sondong sru dahat bramantya, arsa males nyandhak aglis, nanging nuli dhinisikan, cinandhak binuwang malih, kathetheran sayekti. Samana pan selak surup, lereh kang bandayuda, wangsul masanggrahan sami, asedalu anggung boja andrawina.

21. Dhahar nginum inuman, warna-warna wus sumaji, brendhi jenewer lan arak, sekul ulam bestik kering. Satata dhahar aglis, gangsa tinabuh angungkung, ana kang langen swara, muji jaya wijayanti. Wonten malih ingkang mateksjapamantra.

22. Dupi prapta wanci enjang, wadya bala tata baris, ang-genggeng musuh lan rowang, wus pepet ing kanan kering. Sagung kang bandera lit, daludag lan umbul-umbul, pinasang sri katingal, ana ingkang ngapit kering, mratandhani kang mungsuh kinen teluka.

23. Ya ta wus ayun-ayunan, nulya wiwit perang malih. Sondongwedari tan medal. Wadya Carangsoka ngisis, gegedhug keh kang kalindhih, kang medali aprang pupuh, Rames kalawan Jantra, ananging datan ngundhili, wus cinandhak binanting lan Singabangsa.

24. Panggedhe Rames binuwang, wong Masong arsa nulungi. Dupi maju gya cinandhak, binuwang wus nora bali, keh samya mlayu gendring, perang tandhing dadi brubuh, wadya kathah kang pejah, wong Carangsoka ting glinting, mlayu ngisis wadya bala Carangsoka.

25. Kasaput ing dalu nulya, samya lereh pondhok neki, Prang-

grudha sami kasukan, Carangsoka animbangi, nanging swara tintrim. Dupi prapta enjingipun, wonten malih wadyanya, wong agung Majasem prapti, lawan abdi kekalih pun Singanyidra.

26. Klawan arinya rahadyan, Kudasuwengi umiring, dhuma-teng dyan Sukmayana, wus panggih lawan ki patih, Singapadu tetindhing, wus samya satata lungguh, Singapadu sajarwa, sadaya kasor ing jurit, wadya bala Carangsoka keh pralaya.

27. Sru ngungun sang Sukmayana: "Dhuh Singanyidra tur "Inggihi, sumangga karsa pukulun, pancen kawula ajap, sageda mangsah rumiyin." Atur sembah Singanyidra nuli sumbar.

28. "Heh heh wong Paranggarudha, aywa tambuh marang mami, iya ingsun Singanyidra. Sapa ingkang bosen urip, mara metua tandhing. Sira pisan Yuyurumpung, beyes ing Kemaguhan, sun ajak tandhing ngajurit, ngadu jaya pirang bengi pirang dina!!".

29. Kekes wong Paranggarudha, duk miyarsa sumbar neki, Singanyidra krodha mangkrak, pancen pugal dhasar sekti, misuwur liyan nagri, Singanyidra wudhu mungsuh. Wadya atur pariksa, Yuyurumpung den aturi, mapag yuda mangkana paturanira.

30. "Dhuh wong agung Kemaguhan, jandika tinantang jurit, kalawan pun Singanyidra, sumbar ladak ngisin-isin, tan liya kang den anti, mung paduka Yuyurumpung, paduka mungsuh lama, dahat nggennya mejanani, coba kula tinantang nora saranta."

31. Yuyurumpung saurira: "Asdubillah sira genjik, binatang si Singanyidra, pancen wis unine kirik, biyen ingsun kalahi, jalaran mung tukar padu, nanging dheweke cidra, tan weruh kinarya becik, ganggu gawe nantang nganggo ala-ala!!".

32. Singabangsa nora ngucap, Gagakpait tanpa uni, Dhan-dhangwiring unjal napas, mring Singanyidra dahat jrihi. Singapati turnya ris: "Ingsun dhewe ingkang mungsuh, padha sira menenga, ingsun dhewe ingkang tumandhing, angembari Singanyidra padha lanang.

33. Mapan ingsun nora ulap, mangsah Singanyidra iki, lamun sadaya ajriha, benjang katur sang dipati." Yuyurumpung nahuri: "Banget luput ndika niku, ingwang mangsa ulapa, gulung gemak cakot gangsir, lawan Singanyidra mungsuh ingwang lawas!!".

34. Singapati aturira: "Suwawi kalamun wani, kula kang ambotohana, sarehne paduka sekti, pantese den suraki, lir pen-

dah tyang ngaben sawung". "Inggih leres pun kakang, dhasar niku seneng mami, surakana keplokana saking wuntat."

XV. PANGKUR

1. Yuyurumpung Kemaguhan, mijil perang pan sarwi den suraki, ambekta tetiga dhuwung, kang kalih sinengkelang, kang satunggil den anggar, neng pupunipun, nyangking pedhang mun-dhi tumbak, lucu lamun den tingali.

2. Singanyidra wus uninga, kang mapag prang Yuyurumpung pribadi, miranti pedhang lan dhuwung. Singanyidra met tumbak, nantang Yuyurumpung ngajak prang pupuh: "Lah endi ta rupa-nira", Singanyidra mejanani.

3. "Ya iki pramugarinya, wong brang wetan, tan ana kang madhani, ya ingwang sang Yuyurumpung, wong agung Kemaguhan. Teguh timbul tinatah mendat marucut, sapa arsa dadi bathang, amapagna tandang mami!!".

4. Kejigruhan lampahira, Yuyurumpung sukune kang sisih, bubule pan sangalikul, kang sasisih patbelas, tangan bengkung pundhaknya brojol puniku, tansah ngowoh cangkemira, kencing panas nuli wahing.

5. "Endi bangsat Singanyidra, gya majua perang tandhing lan mami, neng kene padha prang pupuh, ngadu kuwating badan, ngadu kulit getih lawan balung sungsum, janji sira nora oncat!!". Singanyidra anempiling.

6. Pan sarwi ngucap mangkana: "Biyen mula sira kang sun ulati, neng ngendi janji katemu, darbe nadar yun ngeplak." Yuyurumpung bekah-bekuh langkung bendu, arsa males kadhisikan, Singanyidra wus nempiling.

7. Nganyag tumbak Singanyidra, meh kajengakang marga dipun inggati, nuli malih numbak asru, tumbak kapenet ngiwa, tinangkis tumbak pucukira balengkuk, blusuk neng siti sinendhal, binarengan dipun cukil,

8. Tumbakipun Singanyidra, nyampuk uwang Yuyurumpung anggobig, kang waos binuwang gupuh, sigra narik curiga, Singanyidra enggal sebrak narik dhuwung, adu dhadha rep-arepan. Yuyurumpung muwus aglis.

9. "Lah mara sira nyuduka, pilihana kulitku ingkang tipis!". Singanyidra nyogok sampun, ingarah cangkemira, nora pasah Yuyurumpung males nyuduk, Singanyidra wus lumajar, Yuyurumpung anututi.

10. Gya sinuduk Singanyidra, saking wingking kenging geger tan bunyik, datan pasah mung gumadul, sipat kuping lumajar, Yuyurumpung gajigruhan playunipun, kenging krikil ginjal-ginjal: "Si keparat anak kucing.

11. Perang rusuh kanthi mlajar, baya sira wedi kalawan mami, aja mlayu sira kecu!". Singanyidra andhupak, tiba kluh Yuyurumpung den karutug, sinudukan mukanira, tineter tan den kendhati.

12. Jenggelek anyudhuk sigra, tuna dungkap keris tumancep siti. Singanyidra nulya mlayu, nantang kinen balia: "Dudu lanang sira perang olah mlayu, ayo padha tanggon yuda, aja sira nganggo miris.

13. Payo perang ngadu jaya, aja nganggo tumbak kalawan keris!". Singanyidra nulya wangsul, kang dhuwung sinarungna, kalih pisan samya ruket dadi gelut, arame udreg-udregean, ganti nyikut ganti bithi.

14. Dangu-dangu wel-uwelan, kalihira sami digdaya yekti, gulung gemak cakot bulus, tan ana kang kasoran. Singapadu lajeng prentah perang brubuh, sadaya samya tumandang, perang rusuh sedyaneki.

15. Tambuh mungsuh lawan rowang, Yuyurumpung pan mak-sih cakot gangsir, kalawan Singanyidreku. Kocapa sira radyan, Kudasuwengi tan supe mungsuhipun, Yuyurumpung duk milara, nalikane den taleni.

16. Yuyurumpung utang dosa. Radyan dhateng sarwi ambekta tali, Yuyurumpung tinalikung, binanda den galandhang, wus binekta mring pasanggihan wong agung, Sukmayana angandika: "Lah bandanen ingkang becik."

17. Kasaput dalu kang yuda, samya lereh Yuyurumpung mi-suhi: "Ah binatang sira asu, perang nganggo culika, wong gelutan sira banda pasthi tutut, lah ta mara uculana, ngetog krosan perang tandhing!!".

18. Sukmayana lon ngandika: "Iku bener ukum adil sayekti." Suwengi sakit tyasipun, nuwun kinen ngabena. Sukmayana mangkana andikanipun: "Aja yayi sira kalah, becik iku den taleni.

19. Dimene karasa lara, nyaur utang kalawan sira yayi, maune sira den ukum, mengko sira malesa." Yuyurumpung den taboki dipun penthung, suprandene tan rinasa, yekti teguh sureng westhi.

20. Tan pasah dening curiga, pramilanya lajeng dipun tindhihi, tumbak keris lawan wadung, pan sarwi inguyuhan, jinejegan dinulang tinja galuprut, Yuyurumpung tobat-tobat, Singanyidra tan ngunduri.

21. Sadalu dipun pilara, Yuyurumpung kinrubut den gebagi, ana ingkang mbalang watu, ana kang mara ndhupak, abuh kabeh awake si Yuyurumpung, gereng-gereng pinilara, siniyasat nora manis.

XVI. DHANDHANGGULA

1. Wadya Paranggrudha samya miris, duk andulu dhateng Singanyidra, wedi samya ngisis kabeh. Singanyidra mapunggun, Yuyurumpung sampun kajodhi, tan ana kang nanggulang, kantung patihipun, Singapati mung priyangga, Carangsoka sadaya taksih basuki, digdaya mandraguna.

2. Pan sadalu guneman pra sami, benjang enjang tan wani mungsun prang. Rekyana patih karsane, tur priksa gustinipun, Paranggrudha sang adipati, wadya keh kang kasoran, radyan Yuyurumpung, kasambut ing ngadilāga, wus cinidra dening Singanyidra kenging. "Lah sira Singabangsa.

3. Sira dhewe lumakua nuli, tur pariksa mring Sri Paranggrudha, sira ingkang wruh tandange, solahing mangun pupuh, ing paprangan rame kepati, marma sigra nuwuna, sanjata pitulung, dene keh bala kabranan." Singabangsa tur sendika nulya pamit, ing dalu sigra budal.

4. Enjingira Singapati nuding, kang caraka gya asung wuninga, tigang ari ngajak leren, tan miyos perang pupuh, lagya atur pariksa maring, wong agung Paranggrudha, paran karsanipun. Sukmayana wus uninga, pamintaning pra mungsuh tan mangun jurit, lereh nungtum kadayan.

5. Tan winarna ingkang samya baris. Kawarnaa wau ki dipati, Paranggrudha karsane, amepék wadyanipun, ingkang badhe andel ing jurit, supenuh neng ngayunan. Sagung agul-agul, panggedhe Gundhala wetan, Pelemagung dhanyang Dringobothok prapti, sadaya pepeking ngarsa.

6. Gya kasarū dhatengira patih, Kemaguhan radyan Singabangsa. uwus merek ing ngarsane, tur sembah mring wong agung, sang dipati Paranggrudheki. "Heh sira Singabangsa, bage satekanmu, ana apa sira prapta!". Singabangsa tur tiwas lampahing baris, kang wadya kathah kang pejah.

7. Rayi tuwan pan sampun kajodhi, Yuyurumpung Kemaguhan tiwas, kabandhang dhateng mungsuh, mungsuh Singanyidreku, pan binakta dipun tangsuli, pinala siya-siya, sadalu amuput. Duk miyarsa nateng Grudha, gereng-gereng lir sima kecalan bukti: "Duh yayi kadang ingwang.

8. Nora nyana yen sira kajodhi, ing payudan ing sun tan nggrahita, nora wurung sun prang dhewe, tan marem atiningsun, lamun dereng bisa mateni, dipati Carangsoka, lawan kadangipun, Sukmayana Singanyidra, lawan maneh binatang Kudasuwengi, tan wurung mati sira.

9. Lah ta padha kumpulna tumuli, pra wadya kinen siyageng karya. ing sun arsa tindak dhewe, lawan bala sadarum, pra panggedhe gegedhug sami, tetindhing putraningwang, sira kang kasumbung, Menak Jasari rahadyan!!". Sampun kumpul para wadya ageng alit, neng alun-alun kebak.

10. Blabar lir pasang ing jaladri. Wus samekta anembang tengara, nulya bidhal age-age. Tan kawarnaa ing ngenu, sampun prapta pinggiring kali, pra wadya sami nyabrang, aselur supenuh, sampun prapta pasanggrahan, tandya panggya lawan patih Singapati, pun patih tur pariksa.

11. Sampun katur solahing ngajurit, sadayanya uwus den aturna. Wong agung Paranggrudhane, gegetun ing tyasipun, derayine sampun kajodhi, gul-agul Kemaguhan, binanda ing mungsuh. Enjangnya gya tata bala, ambelabar binarung tabuhan muni, umyung suwaranira.

12. Wiwit perang sagung wadya alit, Paranggrudha lawan Carangsoka, sanget rame ing yudane, pepulih ngamuk punggung,

gong beri thongthong grit tinitir, swara ambata rebah, wadya samya liwung. Ing samangsa ingkang medal, putra Grudha, rahaden Menak Jasari, keh mungsuh kapelajar.

13. Teguh timbul rahaden Jasari, nulya malih ana ingkang medal, Dhandhangwiring Ngeracine, samya rok andon pupuh, perang rame asilih unghik, kathah long ingelongan, Dhandhangwiring lampus, mungsuh lawan Singanyidra, pan sinuduk jaja trus walikat kering. Gagakpait pralaya.

14. Tandhing yuda lan Kudasuwengi, mati dening kataman curiga. Singapati nulya miyos, pinapag Singapadu, perang rame arsa pepulih, Singapadu kabranan, enggal dipun rebut. Panggedhe Masong punika, Mertagati ing Rames uga ngemasi, sinuduk Singapata.

15. Saya kathah gegedhug ngedali, ing brang wetan keh wadya digdaya, nanging lena ing prange. Samana wadyanipun, Carangsoka kathah kalindhih, lawan mati ing rana, den angseg ing mungsuh, Carangsoka karepotan, karsanira wong agung, Paranggrudheki, aneseg perangira.

16. Tan winarna ingkang mangun jurit. Kawarnaa Raden Kembangjaya, kang kantun dhedhukuh mangke, kalawan abdinipun, ingkang sami anggodhog uwi, katela lawan kacang, Srikawuryan dhukuh. Nayagenggong lan sutanya, Sabdapalon enak mangan wi gembili, sinambi ura-ura.

17. Nayagenggong ngandika mring siwi: "Ayo thole matura bandara, kinen anusula age, ingwang myarsa prangipun, Carangsoka samya kalindhih, manawa manggih tiwas, sapa ingkang tulung, yen nora bandaranira, liya maning tan ana ingkang nulungi, enggal matura bandara!!".

18. Sabdapalon saurira "Isih, mangan uwi gembili ca eca, ora butuh mirmakake, janji awake mlenuk." Nayagenggong sahure wengis: "Anak tan nywargakna, madoni wong sepuh, yen sira nora nuruta, sira yekti sun aturken gusti mami." Sabdapalon congklangan.

19. "Bapak ayo padha seba aglis!". Kalihnya sampun lumampah, lagyarsa matur gawene, samanaswus kasaru, dhawuhira Kembangjaya ris: "Lah sira umiringa, nglurug padha nusul, lawan dhi-mas Sapanyana, ana kabar kangmas yudane kalindhih, perang lan Paranggrudha."

20. Nayagenggong aturira "Inggihi, amba yun matur wis kadhinginan." Sabdapalon ngece-ece:S"Dene iku kok weruh, bandaraku wuninga dhingin, teka arep matura, temah iku kungsul." Nayagenggong ulas-ulas, sarwi gujeng suwarane anggaligik: "Dhuh awak tuwa tuwas."

21. Nulya dandan wau tiyang kalih, wus samekta kapraboning perang, den iring panakawane, sinengikut lampahipun. Tan winarna lampahing margi, kocapa sampun prapta, ing barisan agung, cumundhuk ngarsa dipatya, binagekke binojakrama kang prapti, gya mundur mring pondhokan.

XVII. DURMA

1. Enjingira tengara amagut yuda, genggeng baris miranti, gong maguru gangsa, teteg giri sauran, rame jroning mangun jurit, kadya ampuhan, umyung tabuhaneki.

2. Wadya bala sadaya pan sami mangsah, agelut perangneki, tan nedya mundura, nirbaya tan wrin laya, Carangsoka sami ugi, mangrempak yuda, perange silih ungkih.

3. Pan samana dipati Paranggarudha, arsa ngawaki jurit, ngambil pedhangira, tandya ngrasuk busana, ageng inggil angajrihi, wok simbar dhadha, sakepel ponang rawis.

4. Dahat pantes sinawang gagah prakosa, sru sesambar ngajrihi: "Endi rupanira, dipati Carangsoka, Puspa Andungjaya kucing, mara metua, papagna yuda mami.

5. Nora wurung sira mati dening ingwang, sabab sira nyidrani, sanggup dadi besan, wekasan pasang krenah, anjaluk dhalang si anjing, wusana sira tan tulus marang jangji.

6. Payo sira mapagna ing yudaningwang!". Sondongwedari aglis, pamit mapag yuda, wus prapta yun-ayunan: "Sira apa si dipati, ing Carangsoka, kok mapag marang mami!".

7. Radyan Sondongmedari nulya angucap: "Ingsun Sondongmedari, gul-aguling yuda!". Dipati angandika: "Aja sira mapag mami, mangsa kelara, lah endi sang dipati!".

8. Radyan Sondongmedari enggal denira, numbak nging tan nedhasi, ping kalih ping tiga, prandene nora pasah, winales sinabet aglis, binithi sigra, malesat Sondongdari.

9. Wangsul malih sinabet tumiba kontal, Singapadu nulungi, sinabet malesat, tiba kasingsal tebah, Suwengi datan ngundhili, geger barisan, wong Carangsoka ngisis.

10. Singanyidra saksana, metoni yuda, sarwi anyangking keris, sinogog dipatya, nanging datan tumama. Dyan Singa pinendhang aglis, dhawah kalenggak, emut gya mlajar aglis.

11. Mungsuhiira Yujopati Paranggrudha, dahat guna sinekti, lawan putranira, Jasari mandraguna. kaya munyuk warnaneki, anging digdaya, bupati sami ajrih.

12. Gya tumandang raden Sapanyana, arame perang neki, Jasari tinendhang, Sapanyana dinugang, saari asilih ungkih, dalu tan perang, enjangnya yuda malih.

13. Sapanyana lan Jasari memungsuhan, rame bindi-bindi. Sampun tigang dina, suduk pedhang-pinedhang. anirbaya niring westhi, samya prawira digdaya sura sekti.

14. Sapanyanas perangira kanthi mlajar, Jasari amburu glis, saking sakiting tyas, karana duk pinanggya, panganten wadon ngebruhi, si kaki dhalang, mila den ungkih pati.

15. Saplajengnya Sapanyana den tut wuntat, tan nedya den unduri, sarwi sinudukan, gya males Sapanyana, nyuduk pisan malayu glis, saya atebah, praptengdhusun Kemiri.

16. Mlebet dhusun Sapanyana den tut wuntat, tan ana rowang neki, nuli beng-ubengan, neng sumur lan balumbang, ingkang weruh padha wedi. Samana radyan, anututi ing wuri.

17. Suku kanan kapleset tiba kalumah, nulya dipun wangsuli, kang asta cinandhak, gulunya dipun idak, mandelik radyan Jasari, tangan sinendhal, Jasari ngemasi.

18. Sampun pejah Jasari den idak-idak, binuwang blumbang aglis. Sapanyana enggal, wangsul mring pabarisan. Warnanen sang adipati, Paranggrudha, mapag yuda ngajrihi.

19. Sang dipati Carangsoka arsa medal, Sukmayana ngadhangi: "Dhuh kangmas lereha, sampun paduka lawan, lamun amba taksih urip, pantesnya amba, ingkang mangsah rumiyin."

20. Sang dipati Andungjaya angandika: "Apa karepmu yayi, ingsun ameminta, unggula ingkang yuda, den kapara ngati-ati, aywa sembrana, mungsuhamu tuhu sekti."

21. Sampun mangsah sira raden Sukmayana, ayun-ayunan jurit, takon-tinakonan: "Sapa iki lumawan", sumahur "Majasem mami, sang Sukmayana, kaipe lan dipati."

22. "Apa sira kang nulungi Singanyidra, lawan Kudasuwengi", Sukamayana mojar: "Pancen dhasar sanyata." Bramantya sang Yujopati, anarik pedhang, sinabetaken aglis.

23. Kaparjaya Sukmayana dhawah klenggak, tan pasah nging tan eling, saking serunira. Singapadu duk mulat, mlayu arsa nyan-dhak aglis, sinabet pedhang, Singapadu ngemasi.

24. Singanyidra duk mulat sang Sukmayana, nulya lumajar aglis, dipati cinandhak. Yujopati wus mulat, nulya ngunus pedhang neki, dyan Singanyidra, pinedhang wus ngemasi.

25. Sondongdari wariguten nyandhak pedhang, Jopati den larihi, nanging datan pasah. Sondongdari den pedhang, dhawah klenggak wus ngemasi. Geger puyengan, keh gedegdhug kang mati.

26. Kembangjaya anulungi ingkang raka, sinabet Yujopati, kenging gegerira, nanging datan tumama, gya tinitir wola-wali, dyan Kembangjaya, mubeng dipun pedhang.

27. Yujopati medhang dyan Sukmayana, saya nggenya tan eling, welas Kembangjaya, anggendorong ingkang raka, ginawa lumajeng aglis. Dyan Sapanyana, teka anyuduk aglis.

28. Dipun wales dening Yujopati enggal, niba wus angemasi. Radyan Kembangjaya, wangsul ngunus curiga, Yujopati den larihi, nanging tan pasah. Yujopati anarik.

29. Pedhangira den sabetken Kembangjaya, Kembangjaya katitih, enget mangsah yuda, den pedhang sang dipatya, dhawah malih kaping kalih, sakit sadaya, badannya den pijeti.

30. Andungjaya uninga nulya umangsah, saweg andudut keris, sampun dipun pedhang, dados dhawah kalenggak. Kembangjaya anulungi, nulya pinendhang, sangsaya sakit malih.

31. Andungjaya pinedhang sang Paranggrudha, datan dipun uwisi, nanging datan pasah, sanadyan mangkonoa, sakitira saya dadi, dyan Kembangjaya, maju-maju kajodhi.

32. Nayagenggong duk mulat bandaranira, welas sanget ningali, matur Sukmayana ingkang taksih agerah, makaten aturireki: "Adhuh bandara, adhi tuwan kajodhi.

33. Lawan raka paduka sang Andungjaya, dipun pisakit Jopati, ngantos megap-megap, ananging tan palastra, yen dhahar atur mami, prayoganira, kyai Rambut puniki.

34. Piningraken rayi tuwan Kembangjaya, yekti tan mindho kardi." Sukmayana enggal, ngulungken dhuwungira. Nayageng-gong nulya pamit, matur rahadyan Kembangjaya nampeni.

35. "Heh heh apa kang kogawa Kembangjaya, apa yun nyuduk mami, yen kurang pracaya, tangan loro nyuduka, nyambata tangga tepalih, lan dudha randha, kerigen ywa na kari!!".

36. Kembangjaya saurira pan mangkana: "Den para ngati-ati, sambata tyang wredha, tumengaa ing tawang, tumungkula ing pratiwi, mangsa mindhoa katiban keris mami!!".

37. Kaperjaya Yujopati aneratas, jaja terus ing gisir. Gugup pamalesnya, narik dhuwungnya enggal, pamalese tan mranani, wus tanpa daya, kadya wus prapteng janji.

38. Sampun rupek jagade sang dipatya, nulya niba ing siti, gulung gelangsan, sarira kuthah erah, andaledeg getih mili, sarwi sesambat: "Dhuh bapa aku mati!!".

39. Sampun pejah dipati Paranggarudha, kang bala teluk sami. Patih Singapatya, kalawan Singabangsa, samya teluk melu ngabdi, nulya ginanjar, lajeng kinen boyongi.

40. Wadya bala mentar mring Paranggarudha, kang dadya pramugari, Suwengi rahadyan, lawan dyan Singabangsa, Singapati tiganeki. Sang adipatya, Carangsoka gya mijil.

XVIII. MIJIL

1. Tinangkil mungging pasanggrahaning, ginarebeg kang wong, andalidir wadya pangayabe, miwah para telukannya sami, sadaya angiring, kondure wong agung.

2. Yuyurumpung binanda ginodhi, cangkeme malongoh, wus binekta mring Carangsokane, karsanira arsa den pateni, nanging taksih nganti, ing sapraptanipun.

3. Dyan Suwengi kang kinen, umanjing kadhaton, Parang-grudha pan lami praptane, pendhak ari durung ana prapti, jarak branartadi, inganti wong agung.

4. Ri sampunnya wong agung aprapti, Carangsoka andon, magelaran siniwi balane, tatap andher mungging byantara ji, ngarsa miwah wuri, sadaya supenuh.

5. Yuyurumpung gya binekta mijil, binanda akukoh, gya dinangu apa ta margane, dene sira wani mlara maring, dyan Kudasuwengi. Matur Yuyurumpung.

6. "Dhuh gusti lepat ulun puniki, dening tampi dhawoh, sing dipati Paranggrudha dene, ken ngupaya Sapanyana gusti, sawegung nekani, pra pangedhe kumpul.

7. Namung raden Suwengi tan prapti, mila ulun gupoh, amba ajak datan purun dherek, lawan malih semah amba selir, kelu samya ngili, kathah dadya batur.

8. Marma amba limut ngantos runtik, raden iku rusoh." Sukmayana duk mireng ature, Yuyurumpung anggagas jro ngati, wus jamak prajurit, kang kalah linabuh.

9. Manawa Kudasuwengi iki, kang dosa sayektos, wit dhe-wekne angambil rabine, durung perang uwus den boyongi, nulya manabda ris: "Dhuh kakang wong agung.

10. Yen parenga karsa sang dipati, jinanji kemawon, lamun purun teluk salamine, dhateng rayi pun Kudasuwengi, ngaku kakang yekti, sampun dipun lampus."

11. Sang dipati Andungjaya nuili, ngandikanya alon, dhateng rayi Majasem dhawuhe: "Yen mangkono sun tarine dhingin, Yuyurumpung iki, apa gelem manut."

12. "Lah teluka sira iku benjing, marang raden Anom, lamun purun salami-lamine, lawan radyan Suwengi iki, ngaku kadang yekti, bisa dadi dular."

13. Yuyurumpung aturira: "Inggih, ywa samya kuwatos, nadyan amba kinen ngabdi mangke, dhateng yayi Kudasuwengi, amba anglampahi, janji tan linampus.

14. Sampun malih badan ulun siji, nadyan turun ingong, nedya rukun salami-lamine, lamun gadhah cipta ala benjing, sampun manggih yukti", mangkana aturipun.

15. Kawarnaa dhatengira sami, ingkang kinen boyong, antuk putri raja-brana akeh, dyan Suwengi Singapati prapti, Singabangsa patih, Kemaguhan nungkul.

16. Sampun katur dhateng sang dipati, binage ingkang wong, gegotongan pepikulan kabeh, raja-brana lawan putri adi. Wrata pra wadya lit, katampi pangedum.

17. Tan cinatur pambage wus radin. Warnanen kang rawoh, dhinawuhan Suwengi rahaden. "Yuyurumpung mangkya minta urip, supatane dadi tobat run-tumurun.

18. Arsa ngadang lawan sira benjing, lamun salah batos, amang-giha sangsara badane. saturute turunira sami sedyanira becik, apa sira sarju?"

19. Raden Kudasuwengi turnya ris: "Yen tuhu sayektos, saha pareng mungguh ing karsane, wong agung Carangsoka puniki, lan paduka ugi, marengna pukulun.

20. Amba inggih bingah andarbeni, kadang kang kinaot, kadya kakang Yuyurumpung kiye, awit kula inggih gadhah sisip, bojo selir ngili, andherek mring ulun."

21. Ger gumujeng kang samya miyarsi, mireng atur tinon, dene blaka apa sadosane, ngalap bojo tetangganireki, tan nganggo ling-aling, blaka suta terus.

22. Resep ingkang samya amiyarsi, sinambi geguyon. Linuwaran Yuyurumpung age atur bekti marang sang dipati, Carangsoka nuli, Majasem wong agung.

23. Genti ujung marang dyan Suwengi, Yuyurumpung nglesot. Ri sampunnya atur bekti kabeh, lajeng lungguh mabukuh neng ngarsi, gujenge mranani weh resep kang dulu.

24. Dadya gummyeg gujenge pra sami, dumadya geguyon. Yuyurumpung rumangsa atine, abote iku wong kalah jurit, suka jroning ati, pancen dahat lucu.

25. Boten ngimpi ing sun masih uning, gendhuk adang bathok, linampusa ingwang nora suwe, masthi mati ing dina puniki, manah kula alit, samangkya sagunung.

26. Nulya samya andrawina bukti, siyang dalu andon, suka suka kang menang yudane, dadya pangalemaning pra janmi, kembang kidung yekti, kang digdaya-pupuh.

27. Sampun tutug nggenira manggihi, pra kadang kang kawon, beboyongan pan sineba kabeh, lan telukan samya den urmati, wus warata sami, sadaya sumuyud.

28. Anutug ingkang binojokrami. Mangkya kang kawiyos, Kembangjaya ginanjar karsane, den dhaupken lawan sang sudewi, Nawangwulan putri, rinengga winangun.

29. Tetabuhan sesauran ngrangin, sagung santana wor, wus apanggih wau pangantene. lelangening puri sri kaeksi, weh lam-laming ati, kasmaran kang weruh.

30. Sampun runtut panganten kakalih, kascaryan karongron, siyang dalu tan ana pisahe, dipun ugung lawan ramaneki, marma siyang ratri, kanthen among lulut.

XIV. KINANTHI

1. Kapadhan sih kang wus pangguh, Kembangjaya lan sang dewi, Retna Dewi Nawangwulan, wantune katemben resmi, pamoring putri lan putra, langkung resep ing panggalih.

2. Kang priya satuhu bagus, lurus jatmikesmu wingit, ngagem sumping puspawarna, jejungkat penyu ingukir, myang pinatik ing sesotya, tinepi inten widuri.

3. Kalung tundha kelat bau, lur ulur kebo menggahi, paning-set sutra dipangga, pinatik retna rinujit, kekampuh jingga parada, sondherira sutra kuning.

4. Acalana sutra dadu, palipit tirta retna di, sesupe mutyara retna, rangka ladrang dhuwungneki, ukiran patra sinamya, mendhak mas pinatik rukmi.

5. Tetropongan pendhokipun, dahat respati kaeksi, anglir sang Hyang Kamajaya, yayah tedhak aneng bumi, sakembaran lawan garwa, Nawangwulan sang retna di.

6. Wiraga karana patut, jatmika sulistya manis, lelewa nora katara, ayune mulek ing ati, basengut manise tambah, yen dhoso sangsaya manis.

7. Liyep lindri maweh semu, semune andudut ati, atine lurus alaras, larase mimbuihi brangti, brangti miyat mring sang retna, singa mulat dadya kingkin.

8. Dahat mungguh lamun ngrasuk, retna badhong sekar sungging, sesekar panata brangta, panunggul inten retna di, kalung lapis tundha tiga, kasemekan jingga kuning.

9. Kelat bau grudha mabur, gelang mas tinatah awig, bebinggel nawadi retna, sinjang sutra pelangi, akampuh jingga parada, sesupe manik cendhani.

10. Lir Ratih lamun kadulu, ayune angluwihi, rinengga dening busana, kalihe samya mantesi, luluting andon asmara, karya as-caryeng sudarmi.

11. Sang prawira Yuyurumpung, kalilan mantuk samangkin, kang sarta jinunjung lenggah, bupati Paranggrudheki. Kudasuwengi ingangkat, wong agung Jembangan nagri.

12. Satus madanani dhusun. Singapati den paringi, tetep aneng Kemaguhan, Singabangsa amatihi. Sadaya matur sandika, suka kang jinunjung linggih.

13. Dyan Kembangjaya dhedhukuh, ing Kemiri karsaneki, Kyai geng jejulukira. Samana bubaran sami, sang dipatya angadhatyan, Majasem kondur mring puri.

14. Kocapa sasampunipun, sadaya kalilan mulih, de prantining Sapanyana, ilang musna tan winarni, ilangnya pinet ing dewa, de kelire thukul dadi.

15. Uwit Sakabaya awuh, blencong dadi pakis aji, dumunung ing kilen Jantra, srendhong gender samya urip, pring tembilang dadinira, gangsa dadi sela sami.

16. Sumpingira kang rumudhun, dhawah wetan Rames neng-gih, dadya saka keh sapasang, panggungira iku dadi, tuwuh madyeng ara-ara, dadi wit kenanga adi.

17. Samya tuwuh kalhipun, agung alit amepeki, dadi desa ing-aranan, desa Panggung sapuniki, linuri dadya panyadran, dadya kubur pinggir desi.

18. Samana pan sampun lulus, jenengira adipati, Carangsoka amibawa, pangandelira prang tandhing, prawira Majasem ingkang, pramugari tyang gung katri.

19. Nggenya bawah kang kawengku, datan ana walang ati, mengku bawah sowang-sowang. Carangsoka sang dipati, saya wiyar jajahannya, keh wana kinarya desi.

20. Wana gung binabad sampun, dadya dhukuh dhusun sami, samana caritanira, wiwit kang karya nagari, kawarta ing manca desa, kadya dhandhang kang gumanti.

XV. DHANDHANGGULA

1. Tata titi carita ing nguni, kang winarna wong agung Carangsoka, wus lami ing kamuktene. Warnanen putra mantu, sira raden Kembangjayeki, ing Kemiri dalemnya, sakalangkung bagus, dhusunnya saya raharja, kathah janma ingkang samya andhatengi, tumut ngabdi ngawula.

2. Saya agung jajahanireki, kineringan ing sasama-sama, sampun gantos jejuluke raden Kembangjayeku, angalih nama sesilih, raden Jayakusuma, mengku bawah agung, para lurah manca desa, pamecane iku badhe anggentosi, kang rama Carangsoka.

3. Tan alami kadang tuwa lalis, apralaya raden Sukmayana, tan darbe putra wiyose, tilaran dipun usung, ing Kemiri ingkang gadhahi, ya kuluk Kanigara, kalawan dhuwung, Rambut Pinutug binekta. Tan antara rama Carangsoka sakit, gerah sepuh alama.

4. Dadya seda wau sang dipati, yeku ri sang Puspa Andungjaya, puput yuswa gerah sepoh, sinareken neng Panggung, layon rinengga den urmati, tan darbe putra priya, muhung putra mantu. Sira raden Kembangjaya, kang wus ngalih Jayakusuma wewangi, gumantya maratuwa.

5. Gantya rama dadya adipati, ing Kemiri mandhegani bawah, nagari sinung namane, Pasantenan puniku, ya Kemiri desanireki, wus dadya gemah harja, manca desa suyud, Paranggrudha Kema-guhan, Nguren miwah Metesih Jembangan sami, sumiwi Pasantenan.

6. Sampun lulus jenengnya dipati, neng Pasantenan mukti mibawa, sampun karya kadhatone, asri dahat winangun, miwah yasa ponang sitinggil, paseban kekembaran. Patih aranipun, Singasari Sadubudya, pan digdaya agul-aguling ajurit, tan ana kang lumawan.

7. Duk samana nenggih tanah Jawi, kratonira maksih Pajajaran, Siyung Wanara sang katong, bawah kathah tan suyud, pra dipati ngratu pribadi, datan seba sang nata, Pajajaran prabu, Majapahit lagya babad, Jakasuruh dhedhukuh ing Majapahit, dereng agung kratonnya.

8. Duk samana nyarengi babading, Pasantenan uga datan seba, marang ratu ingkang mangreh, Pajajaran puniku, ingkang

madeg dadya narpati, raden Siyung Wanara, pamekasing prabu. Saben taun taksih perang, marmanira pra bupati kathah balik, mungkur kraton Jajaran.

9. Jejuluk sri Brawijaya aji. kang pamekas aneng Pajajaran, mila datan suyud kabeh, perang lan ramanipun. Mundhingsari linabuh kali, dadya kathah rubeda, mengsah ramanipun, mila wau sang dipatya, Pasantenan Jayakusuma puniki, tan seba Pajajaran.

10. Sampun lama madegira aji, datan perang suyud sabawahnya, dene ajrih digdayane, Kembangjaya puniku, Singasari ingkang pepatih, marma suyud sadaya. Kocapa wus sepuh, dyan Jayakusuma seda, sinareken neng dhukuh Kemiri ugi, awor lan patihira.

11. Putranira jalu mung satunggil, ingkang gumantya jumeneng nata. Kadipatene wus ngaleh, angalih kuthanipun, prenah ngilen karatoneki neng dhukuh Kaborongan, kang kutha winangun, kinarya yasa kadatyan, kang nagara ingelih namanireki, wasta Pathi nagara.

12. Tan alami Pajajaran kendhih, karatonnya ing satanah Jawa, angalih Majapahite, ingkang jumeneng ratu, Brawijaya ingkang kaping kalih, ya Kasa Pekik wasta, putra Jaka Suruh. Kyai ageng Pathi nama, raden Tandhanagara sumewa maring, karaton Majalengka.

13. Tulus jenenging dipati Pathi, seda sepuh nuli kang gumantya, kapenakan jejuluke, dyan Tandhanagaraku, mapan lulus jeneng dipati, kawentar Kyageng nama, ing Pathi bek sadu, wus lami mengku nagara, nora ana rubeda sakalir-kalir, seda tan darbe putra.

14. Duk samana nagari ing Pathi, lajeng pusa tan ana nagara, kang ana bebel bae, kang mangreh lajengipun. Majapahit ingkang gumanti, kraton ngalih ing Demak, ngalih Pajang sampun, Pathi kanton nama desa. sasampuning karaton Demak puniki, gumanti marang Pajang.

15. Duk Sultan Pajang nanem sesulih, maksih santananira sang nata, aneng desa Pathi nggene, Penjawi araniipun, nak sanak lawan Kiyai. Ki Gede Pamanahan, dhukuh neng Matarum. Duk samana kacarita. Ki Penjawi lulus nggennya mengku desi, Kyageng Pathi parabnya.

16. Putranira nenggih amung kalih, ingkang sepuh wanudya yu

endah, kang anom kakung putrane, gumantya ramanipun, aneng Pathi nama dipati, aran Jayakusuma, digdaya pinunjul, sumiwi marang Matarum, karatone ing Pajang sampun gumanti, Mataram senopatya.

17. Binathara jumeneng narpati, putranira Kyageng Pamanahan, Kyai juru pamomonge, samana kang winuwus, raden Jayakusuma Pathi, pinundhut mantu lawan, sira sang aprabu, Senapati ing Mataram, krana dening kalok ing digdayaneki, dipun paringi garwa.

18. Kadang estri pinanggihken nuli, lawan dipati Jayakusuma. Tan cinatur pambojane, dadya ipe sang prabu, Senapati Ngalaga nenggih, kadangira sang nata, sampun krama antuk, putranya Sultan Madura ingkang nama Pangeran Arya linuwih, Rahadyan Panjaringan.

19. Angembani kadang ipe Pathi, sira dipati Jayakusuma, kaloka kadigdayane. Penjawi ramanipun, ambegawan dhukuh pribadi, yasa dalem ing Gantang, yasa mesjidipun, amomong putra kalihnya, sampun tulus jenengira sang dipati, raden Jayakusuma.

20. Tan cinatur lelakon ing Pathi saturun-turun gemah raharja, nanging ana sempalane, carita kang tumutur, tanah sabrang ingkang winarna, nagara ing Walanda, Amsterdam iku, kang jumeneng dadi raja, nenggih sira Baron Sukmul namaneki. Kadangira sakan-
wan.

21. Panggulune nenggih ingkang nami, Pangran Baron Sekeder punika, sampun madeg ratu gedhe, Sepanye kang kedhatun, ambawahken Inggris puniki. Panengah aranira, Setember puniku, waruju Sekeber nama. Sakawannya maksih trah Baron sayekti, samana cinarita.

22. Sira Raden Baron Sekebering, wus sumewa dhateng ingkang raka, Dyan Baron Sukmul kadange: "Dhuh yayi ariningsun, becik sira jumeneng patih, mrangkani marang ingwang, dene ta kadangmu, Setember sampun marangka, amatihi marang Baron Sekedhering, wus mukti awibawa.

23. Sira ingsun angkat dadya patih ministeri sajroning kadatyan." Sekeber kemengan tyase, enget ing dhawuhipun, sang pandhita Antuna nguni ngandika mring kang raka, sira Raden

Sukmul, Benjang iku pulo Jawa, loh jinawi murah sandhang murah bukti, turunira masesa.

24. Mila wau Sakeber tan angling, kang ginagas sajroning wardaya: "Becik iku aku dhewe, masesa Jawanipun, mapan ing sun nora kuwatir, wus kathah pamulangnya, sang Antuna wiku, ing jaya myang kawijayan, wus winulang ajur ajar ajer agal rempit, angambah jumantara.

25. Sedyaningwang raja tanah Jawi, yen tan suka nagara sun alap, sun perangi andon rempon, angadu jayeng pupuh. Mangsa ing sun wedia tandhing, kalawan raja Jawa, padha trah pinunjul, kadang kalih dadi nata, lamun ing sun tan cakar-cakar pribadi, tan wande pinarentah."

26. Pan mangkono panglociteng galih. Dyan Sekeber datan angandika, kang raka alon delinge: "Lah yayi sira iku, anuruta ing tutur mami, karsa ngembani praja, amengku kadhatun", akathah pituturira. Sira raden Sekeber datan angling, mung nuwun aturira.

27. Sampun lengser nggenipun sumiwi, Raden Sakeber medal pasilan, tan manut marang kadange, dadya kesah ing dalu, anggegana ngambah wiyati, sinedya tanah Jawa, kang kacipteng kalbu. Kawarnaa lampahira, sampun prapta luhuring kang pulo Jawi, gya niyup ngarcapada.

28. Kang jinujug Palembang nagari, puruhita sajuga pandhita, minta wuruk bebasane, manungsa Jawa iku, apan lami nggenira ngabdi Palembang guru Jawa, ngantos kalih tuan. Sinegeg Baron lampahnya. Kawarnaa sira adipati Pathi Raden Jayakusuma.

29. Langkung agung bupatinireki, de ingemong ipe sri narendra, emban pangeran ipene, Arya Penjarangan wus, darbe putra sawiji, jejuluk Dyan Sumarja, dadya patihipun, amatihi rama paman, saking sang adipati nagari Pathi, nenem gegedhug yuda.

30. Andeling prang teguh timbul jurit, kang satunggal Suta-wanenggita, Sutagati kakalihe, Sutaawaneng puniku, katigane ponang prajurit sakawan Sombapradan, kaping limanipun, Sombapilis namanira, kaping neme Rujakbeling ingkang nami, sadaya pan digdaya.

31. Gegedhug agul-aguling jurit, datan tedhas sisane gurendra, sadaya punjul yudane, ajrih janma kang mungsuh, arsa nglawan tan congga tandhing, kaloka manca desa, samya wudhu mungsuh, sri

nata kang neng Mataram. lamun yuda cukup lawan ingkang rayi,
Raden Jayakusuma.

32. Kawarnaa abdinira kalih, nenggih wau Kyai Ragawangsa, Jiwanala satunggale. Kyageng ingkang winuwus, Jambeyan lan Plangitaneki, kang pinarcayeng prang, pinasrahan kewuh, mung ki Ageng Ragawangsa, darbe putra wanodya ayu linuwih, tan ana kang mapaka.

33. Dening rama sinungan wewangi, Rara Mendut ayune kaliwat. Sampun diwasa sedhenge, apan wus krama antuk, Dyan Kumuda namanireki putranya Jiwanala. Kaloka misuwur, Rara Mendut endahira, Dyan Kumuda bagusira ngleluwihi, kasmaran palakrama.

XVI. ASMARADANA

1. Singa mulat nahen kingkin, mring Rara Mendut yu endah, lir parada sarirane, dedegira lencir raras, pundhak mas bau wijang, ringin sungsang dedegipun, idepnya tumengeng tawang.

2. Larapan nyela cendhani, remanira ngandhan-andhan, pipi anduren juwinge, lathinya manggis karengat, grana ngrungih respatya, uwangipun nyangkal putung, jangganira ngolan-olan.

3. Dariji amucuk eri, gambaran gadhing sukunya, lampahira macan luwe, lembeannya blarak sempal. Kathah priya kasmaran, dhateng sang Dyah Rara Mendut, dadya kembang kekidhungan.

4. Rara Mendut yu linuwih, mendah dadya putra nata, sajagad tan na tandhinge, dene muhung putranira, Ki Ageng Ragawangsa, dadyojat sampun misuwur, ayunya tan ana madha.

5. Samangkya ingkang winarni kocapa ana satriya, lelana jajah desane. milangkori jalak tingal, putra saking Madura, kang wredha jejulukipun, Kudapanolih Rahadyan.

6. Kuda Santeran kang rayi. Kalihnya samya baruwah, angumbar maring kuwanen, tekeng Pathi Panjaringan, lami mangan jro kutha, kascaryan suka tyasipun, lamun sore aleledhang.

7. Wantune putraning aji. Dupi lumampah wuninga, Rara Mendut ing warnane, kapencut putra kalihnya, saben ari ingadhang, bineda dipun rerimuk, Rara Mendut datan arsa.

8. Nuju sawijining ari, Rara Mendut maring pasar, bekta rencang taksih lare, kapapag aglis cinandhak, dhateng wau rahadyan, Kudapanolih puniku, karsanya ginawa lunga.

9. Mbok Rara Mendut anangis, pineksa den ajak lunga, palayunira mangaler, dyan Santeran ngiring wuntat. Cinatur bocah lanang, tangise turut marga gung, tur priksa Raden Kumuda.

10. Kalawan ing ramaneki, pan Kyai Ragawangsa: "Dhuh dhuh rama parandene, Rara Mendut binekta tyang, pinaksa kalih putra, ginujeng madyeng marga gung." Bramantya Raden Kumuda.

11. Ngambil lowung glis nututi, de kiyai Ragawangsa, lumebet mring kabupaten, tur priksa maring dipatya, solah tingkahing putra. Sang dipati dhawuhipun, kang lanang kinen ngrebuta.

12. "Uwis karepe pribadi, cinekela urip pejah, satuhu luputnya dhewe. Sun paringi rewang sira, Dyan Wanenggati miwah, Wanenggita kalihipun, ajaken nututi enggal."

13. Ragawangsa angabekti, wus lengser saking ngayunan, sarwi ambekta gamane mangaler palajengira. Kocapa Dyan Kumuda, langkung bramantya tyasipun: "Heh uculna rabiningwang!!".

14. Kudasantryan tan mangsuli, dadya yuda kalihira, aburu binuru rame, dreg-udregan bandayuda. Dyan Santeran ngeliga, dhuwunge ingunus sampun, Kumuda amandhi tumbak.

15. Saben numbak den tangkisi, dumugi kali sabrangan, saler Gantangan prenahe, Santeran kencing katumbak, kang jajatrus walikat, wates kali labetipun. Ragawangsa nuli prapta.

16. Kudasantryan ngemasi, tiningalan tatunira. Ragawangsa lon sabdane: "Layak mati sira radyan, de sacengkang jeronya, kang waos malebeng kalbu." Kumuda tumulya nyabrang.

17. "Lah bangsat uculna aglis, puniku, rabiningwang, yen tan sira uculake sira mati sun tumbak!!". Kudapanolih sugal: "Apa ujarira iku, yen wani mara nusula!!".

18. Lir sinabet karnaneki Kumuda lumayu sigra, tinumbak Raden Panolih, kang tumbak cinandhak sigra, sinuduk pun Kumuda, tan pasah panon sumaput. kang rama anuli prapta.

19. Lawan Sutawaneng prapti, katiga Siwanengraga. Wanengpati rengu tyase, Panolih nuli tinrajang, tan mawi suba seta, saking panase tyasipun, andulu polahnya radyan.

20. Wus jagur-jinagur sami, miwah tendhang-tinendhangan, suduk sinuduk arame, dadya ruket perangira, Rara Mendut lumajar. Kudapanolih sinuduk, kenging jaja nulya dhawah.

21. Raden sampun angemasi, layon wus tinanem sigra, ran kubur Jaran Panoleh*), kang rayi tinanem marang, kidul kali prenatalnya aran Kali Segodhiku, palestha pananemira.

22. Kuburan dipun saeni. maksih kadanging pangeran, Arya Panjaringan mangke. Kumuda lan Ragawangsa, lawan kadwi tamtama, samya sareng wangsulipun, sowan marang sang dipatya.

23. Wus katur sesolahneki, jeng pangeran angandika: "Rayi paduka rahaden, saking nggennya murang tata, mangke sampun siniksa, dening kang darbeni Mendut, sampun sirna dosanira.

24. Mung kuburipun puniki prayogi den becikana." Sang dipati lon delinge: "Adhuh kangmas jeng paduka, sampun walang wardaya, kula mangke ingkang mangun." Pasowan gya bubarana.

25. Kyai Ragawangsa mulih, barengan lawan kang putra, miwah katiga mantune, prapteng wisma langkung suka, lajeng sami dhaharan. Nengna kang dhahar lir kaul, rampung dhahar mring pungkuran.

XVII. PANGKUR

1. Sigegen kang andon suka, amangsuli carita duk ing nguni, Rahadyan Baron winuwus, Sekeber kang ngawula, ing Palembang minta ajar caranipun, tata cara tanah Jawa, sampun tamat sadayeki.

2. Wong bagus ageng dedegnya, muka tajem irungnya raga inggil, kulit pethak semu pingul, atag wicaksana. Sagung karya tan ana tinampik wau, wus salin panganggenira, mimba lir manungsa Jawi.

3. Umatur mring sang pandhita, ingkang mulang tata caraning Jawi: "Yen tuwan pareng saestu, kawula arsa kesah, andugekken sedyamba ingkang rumuhun, mugi eyang ngidenana, arsa dagang angajawi."

*) Kuburan Jaran Panolih punika, kathah sanget tiyang ingkang sami pados pasugihan mrika.

4. Pan sarwi ngaturi reyala, katur yatra seket dinar puniki. Langkung bingah sang awiku, sarwi mojar mangkana: "Baya iki siswa kang dahat pinunjul. katara sawang-sawungnya, baya sira trah narpati?"

5. Dyan Baron alon aturnya: "De kawula sanes trahing narpati, sudagar leluhur ulun, nanging amengku praja, pan ing mangkya ulun arsa dagang umur, dhumateng ing tanah Jawa, sampun eyang nyuwun idi."

6. "Lah angger bener ing sira, krana iku iya agung kang melik, nora trima telung suku, karepmu ngambra-ambra, dagang nyawa sedyanta iku satuhu, pun bapa angaminana, manggiha slamet basuki."

7. Dening kasoking katresnan, kakalih ngrangkul gapyuk wola-wali, sinartan wedaling eluh. Dyan Baron nulya nembah, katur sembah wus lumengser saking ngayun, wus lepas ing lampahira, mangkat maring tanah Jawi.

8. Kocapa nagri Mataram, senopati ingkang jumeneng aji, lenggah lan sang rama wiku, Ki Juru neng ngayunan, Kyai Juru munjuk ing ngarsa sang prabu: "Dhuh angger sri naranata, senopati sira kaki.

9. Aywa sira eca-eca, watara ku sira bakal nemoni, ana gawe perang pupuh, nanging tan asor sira, sabab dening wingi bengi katoningsun, ana taksaka gung prapta, arsa mangsa paduka ji.

10. Sandeyaning jeneng para, dadi yuda taksaka sira banting, dadya sirna sipatipun, wusana ponang ula, malih bocah anjaluk gendhong sireku, sira nuli suka-suka, tan rinasa bocah uning."

11. Sri nata alon turira: "Lah ta bapa puniku kadi pundi, wardikane supeneku?". Ki Juru angandika: "Ana gawe nanging sira unggul, ing tembe tumut ing sira, nging sireku tan udani."

12. Sri nata ing aturira: "Dahat karya gawoking nala mami, saking pundi mengsah wau?". Ki Juru angandika: "Nora weruh sangkane mungsuh puniku, kaya awrat sangganira, marma den awas sayekti.

13. Prayogi neges mring sukma. Payo lunga sira saiki ugi, nepia pucaking gunung, nunggang gajah kewala. Sembahyanga salat kajat rintem dalu, salebeting pitung dina, manawa antuk wewangsit."

14. Sang nata matur sandika: "Ulun inggih tan lenggana nglampahi ing dhawuh rama sang wiku." Ki Juru delingira: "Iya kulup aywa kwatir jroning tyasmu, tapaa sanginggil sela, de ingsun sangisor neki."

15. Wus mangkat kalih sarengan, ingkang rama Kyai Juru tut wuri: "Dhuh dhuh angger sang aprabu, muga-muga antuka, kanugrahan wewangsitira Hyang Agung." Dupi wanci dalu mentar, samudana lamun sakit.

16. Datan miyos siniwaka awat gerah aneng sajroning puri, gerah wadi sang aprabu, tan kenging weruh janma, ingkang nengga muhung rama garwanipun, sadaya nora kalilan, marek ngabyantara aji.

17. Wus lepas ing lampahira, Senapati Panembahan Kiyai, tanpa abdi lampahipun, nitih esthi wus prapta, Senapati minggah maring luhuripun, Ki Juru kang aneng ngandhap, sendhen sela mangun teki.

18. Wus antak sakawan dina, jam satunggal nuju sajuga ari, Jumuwah Kaliwon dalu, tidhem tan na sabawa, Senapati wus ngadeg ing saladipun, salat kajat rong rakangat, mandeng pucuking grana ji.

19. Nutupi hawa sesanga, sirnanira pancadriya kang keksi, tan lingen ingkang winuwus. Sepi sampun pinanggya, sonya teka tan ana swara kaprungu. Kocapa sira Rahadyan, Baron Sekeber ling miling.

20. Mider-mider kadya undar, milang-miling kadya jangkung tumiling sinawang tawenging kukus, kumlun nawangi tingal, nganan ngering ngidul-ngetan keksi suwung, suwunge cipta tan duga, gegana sumirat kuning.

21. "Lah iki paran daruna, ing gegana ana sumirat kuning, andulu mangaler ngidul, madyaning tanah Jawa, sadangunya ingsun ngambah tawang suwung, ngumbara tambuh sinedya. Wus ngungkuli luhur neki.

22. Panembahan senapatya, kenging salad Sekeber tumibeng siti, gumebrug ing siti lungguh, gumeter amarlupa. Dyan Sekeber panggrahitanireng kalbu, tanah angker nggennya dewa, tantara nulya ningali.

23. Ana janma luhur sela, ngadeg jejer tan mawi mobah mosik, dinalih dewa satuhu. Sekeber nulya nembah, trap pranata mangkana ing aturipun: "Dhuh dewa sinten paduka, kawula ayun udani?"

24. Senapati tan ngandika, lagya kendel amusthi cipta ening, tinakonan pindho telu, senapati tan ngucap. Sru bramantya Sekeber ing nala bendu, gya sebrak narik curiga, sinabet wetenge nuli.

25. Tan pasah ping kalih tiga, kadya nyabet wayangan datan busik, dadya kewran manahipun, sayekti iku dewa, dheprok nembah matur nuwun nuwun: "Lah sinten paduka dewa?". Sang nata mudhar ciptaning.

26. Sarwi andangu mangkana: "Sira iku sapa aranmu yekti, miwah miwah ngendi wismanipun, paran ingkang sinedya?". Dyan Sekeber mangkana ing aturipun: "Kawula ingkang winastanan, Dyan Baron Sekeber inggih.

27. Tyang saking nagri Walanda. Ulun arsa ngupaya ratu Jawi, Senapati namanipun, nedya sun sirnakena, perang tandhing nagari-nya kula pundhut, kadarbe ingsun parentah, ing mangke wonten ing pundi?!!.

28. Sang nata dupi miyarsa, nulya matek kang aji jaya sekti, dene Kyageng Juru sampun, miyarsa wuwusira, aneng ngandhap wus prayitna prang pupuh, kapireng guneme samya. Sang nata angandika ris:

29. "Wruhanira iya ingwang, ingkang asma sang Prabu Senapati, ratu Jawi iya ingsun." Radyan Baron bramantya: "Kaleresan saben dina ingsun lurus. Heh heh sira glis teluka, nora wurung sira mati!!".

30. Senapati sahurira: "Sakarsanta sira ngajak mring mami, baya sira ngemping lampus, anggenjah lara sira, jaluk mati mung-suh lawan jenengingsun!!". Sekeber angkat pedhang, sarwi ngucap memedeni.

31. "Bilahi antakanira, nora wurung sirna lan pedhang mami, sinabet sapisan sampun, kumencreng tan tumama, kaping kalih kaping tiga medal latu!!". Dyan Sekeber sru angucap: "Lah payo malesa aglis!!".

32. Senapati gya tumandang, narik dhuwung sinogok datan busik, kaping kalih kaping telu, Sekeber nora pasah. Kalihira sami teguh timbulipun, nulya ganti perang tangan, dhupak jejeg ganti banting.

33. Arame buwang-binuwang, sampun supe tataning prang tandhing tengah dalu sih prang pupuh, kaleres pajar wulan, durung ana kang kasambut prang pupuh, maksih rame perangira. Ki Juru awas ningali.

34. Senapati kari gagas Kyai Juru lajeng enggal nulungi, maca donga ayat pitu, amatek kawijayan. Dyan Sekeber datan kuwat badanipun, gya oncat saking payudan, ngayuh gegana tan keksi.

35. Pan sarwi ngucap mangkana: "Senapati sun kalah dina iki, antenana patang taun, sun bali mungsuh sira, mangsa wurung sira mati dening ingsun!!". Senapati sabdanira: "Benjang wani mene wani!!".

36. Raden Baron anggegana, ngumbara ngupaya guru kang sek-ti, pados bumi ingkang singup, kinarya maratapa. Saya ngaler Dyan Baron ing lampahipun. Tan winarna anggegana, gunung Murya kang kaesthi.

37. Ardyo geng tan medal brama, puniku ingkang kacipta ing galih, sedyanya martapeng gunung, lagya lumayang tawang, mulat nganan mulat ngering kang dinulu, saya nglempreh iberira, luru papan ingkang sepi.

38. Wus prapta sakidul Murya, tembing wetan punika kang kaeksi, Pateayam gunungipun, kadulu saking wiyat, ngriku keksi kathah balung agung-agung, mesthine enggon raseksa, digdaya memangsa janmi.

39. Sekeber tumurun sigra, amurugi panggenan kang kaeksi, tan ana manungsanipun, balung gung anggalasah, sami lan balung-ing mahesa puniku, utawi balunging gajah, lawan balunging raseksi.

40. Gawok mulat sira radyan, atanapi kathah bebek kaeksi, watara luwih sing satus, bebek Bali Manila, lawan kucing kathah ing ngriku puniku, wusana ana manungsa, wus tuwa akaki kaki.

41. Ngedhungkruk ngarsaning guwa, guwa singup neng sumur toya wening. Sekeber tumurun gupuh, ngadeg neng pangayunan: "Kaki kaki sapa aranmu satuhu, lawan iki guwa apa, ana bebek ana kucing.

42. Ingkang darbe iku sapa, sumur iku de toyane luwih we-ning!?”. Kang tinanya sahuripun: ”Kula ajar ing kuna, para tiyang kang sudi mastani ulun, Sadu Hening nama kula, megat nyawa aneng ngriki.

XVIII. MEGATRUH

1. Nenggih kula punika kekasihipun, Ugrawangsa duk ing nguni ingkang darbe putra jalu, Prabu Kangsa Madureki. Ugrawangsa kang wirangrong.

2. Duk gesange ing ngriki pratapanipun, kula ingkang nedya nyantrik, tengga patilasipun, Ugrawangsa duk ing nguni, pejah perang lan Permados.

3. Tilasane kula ingkang darbe dhukuh, guwa sumur lawan kucing, bebek lawan emasipun, kawula ing darbeni, lamun dika niku takon.”

4. Sadu Hening mangkana ing sahuripun. ”Dhuh bagus paduka pundi, prapteng ngriki taken ulun?”. Raden Baron anahuri: ”Ingsun ingkang aran Baron.

5. Ngulandara tan darbe wisma lan dhukuh, lelana jajah nagari, marma takon ing sireku, sumur iki dene bening, resik kalamun tinonton.

6. Apa iku padusane Ugra wau, puniki pertapaneki?”, mangkana ing aturipun. Sadu Hening weca jati: ”Yekti ulun tan weroh.

7. Mungguh jenenge Ugrawangsa puniku, kula uning sampun sepi, nanging saking wartanipun, punika tilasaneki, Ugrawangsa kang wus layon.

8. Duk mangsah lawan Arjuna pejahipun, guwa niki dadya sepi, sampun lami panggihipun, suwung lajeng kula nggeni, sadaya kang gadhuh ingong.

9. Marma amba ngakeni kekasihipun, dene asring kula pang-gih, lawan yinanira wau, Ugrawangsa gusti mami, ingkang sampun lami layon.”

10. Radyan Baron Sekeber nyipta jro kalbu: ”Ingsun arsa tapeng ngriki, manjing sumur langkung singup, kayeku kang sun ulati, bisa tulus amirangrong.

11. Lamun ingsun sida tapa aneng ngriku, janma iki nguwatiri,

nora wurung tutur-tutur akeh janma kang ngudani, nora lawas ingsun manggon.

12. Becikira sun pateni uwong iki, kalamun uwus ngemasi, yekti tutug tapaningsun.” Samana ngandika nuli: ”Dhuh kaki pamintaningong

13. Patyuripmu dina iki ingsun pundhut.” Kaki Sadu tan nahuri, den lirik Baron puniku, astane anggerayangi, pedhange arsa linolos.

14. Kaki Sadu jenggirat aglis lumayu, cineluk celuk tan bali, nora noleh saya mamprung. Raden Baron gya nututi, kang pedhang sarwi binopong.

15. ”Kaki Sadu mandhega aywa lumayu, nora wurung ange-masi!”. Ki Sadu nangis lumayu: ”Biyung biyung aku mati, dewa tulungana ingong!”.

16. Saya repot palayune Kaki Sadu, ambekane metu kuping, pelajenge gruyah gruyuh, niba tangi gulung koming, napase pating semborat.

17. Saya parek palajenge Kaki Sadu, nrajang wana jurang trebis. Sekeber nuli amumbul, sakedhap sampun kapanggih, Ki Sadu sinabet pothol

18. Tigas pancing gumlethak erah sumembur. Dyan Sekeber anyumbari: ”Iku ingkang sira jaluk, wus pesthine sira mati, marga dening astaningong.”

19. Nulya ana suwara sru nguwuh-uwuh: ”Adhuh Baron sira iki, mateni marang ragengsun, tanpa dosa kok pateni, tan wurung males wakingong.

20. Benjang sira pinatenan dening ratu, tan tutug karepmu benjang.” Dyan Sekeber sru sumahur: ”Nora wedi ingsun iki, lawan sira kang wus layon!”.

21. Maring guwa Dyan Sekeber nulya wangsul, niti priksa sajro guwaning, jinajah sadayanipun, langkung asrep raos neki, arsa tapa neges manon.

22. Anging dereng tumameng sajroning sumur, arsa yun udani dhingin, tebaning jajahan riku, nulya nganglang milang-miling, awas tumingal tinonton.

23. Iki ana nagari katon sing dhuwur, de kawuryan dahat asri, mengo mangetan kadulu, jajahan desa lan nagri, keksi padunungan ayom.

24. Nulya tedhak Sekeber maring ing dhusun, Kemiri nama-ning desi, andulu kang alun-alun, labetira sampun lami, tilas pe-thane kang gedhong.

25. Pasareyan ing jeron wus dadya kubur, langkung sukaning tyas keksi, nedya jajah madyeng kubur. Sasampuning nuli mijil, lumaku andulu genthong.

26. Genthong iku mesi tirta manggung agung, tantara ana ka-eksi, nenggih prawan luwih ayu, langkung sangisor waringin, rupa ayu moblong-moblong.

27. Radyan Baron kasmaran sajroning kalbu: "Bocah iki, teka manis, semune wijang alurus, sapa darbe anak estri", ngadhang margi Raden Baron.

28. Mulat ngering nganan tan na janma mlaku, kasmaran saya ngranuhi, ewuh aya manahipun, Dyan Baron ngaton tumuli, mapagken kang anom.

XIX. S I N O M

1. Kawarna ingkang lumampah, wong ayu anolah-nolih, wu-ninga wonten satriya, bagus gagah merak ati, mapagken lakuneki, angadhang marang delanggung, sarwi ngucap mangkana: "Mandhega wong ayu kuning, ingsun iki arsa tanya marang sira.

2. Sireku anake sapa, lan sapa aranmu yayi?". Sumahur ingkang tinanya: "Kawula aran pun Sari, anak randha puniki, pun biyung aran bi Sanggul, pun bapa sampun pejah, pak Sigul namane nguni, penajunge Dipati ing Pasantenan."

3. Ni Sari sampun awayah, semune rada berahi, ing ati rada karasa, rasaning seneng ing ati, dene bagus wong iki, ngujiwat sarwi amuwus: "Lah sinten jengandika, dene kula dereng uning, lawan pundi inggih wisma jengandika?".

4. Sumahur kang tinakonan: "Ingsun iki dudu janmi, anak ejim raganingwang, kang tunggu kubur puniki, Jim Kembang aran mami, yen dadi leganing kalbu, ingsun arsa memitran, ing ndika bilih marengi." Saurira Ni Sari teka mangkana.

5. "Kadipundi sesanakan, ndika jaler kula estri, tan wandea salah mangsa!". Sekeber wuwusnya manis: "Dhuh dhuh mirah wong kuning, kang dadi telenging kalbu, ndika yen tan lenggana, mangke dalu kula prapti." Nini Sari "Sumangga arsa paduka."

6. Sekeber malih tetanya: "Ing pundi wismanta nini?". "Punika kang pinggir wetan, griya alit mung satunggil." Sakeber angling malih: "O. . . O niku sampun weruh, dhumateng wismandika, marmanira Nini Sari, amba arsa wangsul tumameng kuburan."

7. Ni Sari matur prayoga: "Mangke dalu ndika prapti", andum wilujeng pisahan. Sekeber musna tumuli, Dyah Sari grimang-griming, semune rada kapencut, tuhu pinunjul warna, kagagas sajroning ati, "kaya apa kaya apa yen wus prapta."

8. Wus lepas ing lampahira, Sekeber sih ngetut wingking, wus weruh ing wismanira, nulya wangsul kubur malih. Wayah wus sirep janmi, kocapa kang rangu-rangu, mbok Sari dereng nendra, enget patembayaneki. Baron prapta thothok-thothok minta lawang.

9. Kang kori sampun binuka, damarira sampun mati, Nini Sari mapag sigra, bisik-bisik swara ririh, suwawi dipun aglis, Sekeber anyandhak gupuh, pinondhong nini rara, liniling dipun arasi, tandya samya lumebet ing pasareyan.

10. Kalih dalu don asmara, yen siyang kesah tumuli, singidan ing pasareyan, Dipati Santenan nguni, tan ana kang udani, dupi dalu nuli wangsul. Lulut satengah candra, karongron sih lan ni Sari, duk samana Sekeber emut ing karya.

11. Sawijining dalu prapta, mekas dhateng ingkang rayi: "Dhuh dhuh ni Sari wruhanta, lamun sira wawrat yekti, insun arsa kuliling, anjajah nagara sagung. Lah enya iki dinar, salawe kanggoa benjing, nukokaken sandhang pangan putranira!".

12. Nini Sari nangis ngucap: "Dhuh kangmas ulun ywa kari, pundi sapurug andika, kawula ugi umiring!". Sekeber ngandika ris: "Sira datan kena tumut, krana sira wanodya, aywa sira gung kuwatir, besuk lamun wus mukti sira sun gawa!".

13. Sekeber tumulya mentar, nini Sari brebes mili. Dyan Sekeber gya martapa, tumameng sumur tumuli, tapa mendhem sa-

warsi, sru dahat nggennya mangunkung, lamun slusup sawarsa, tan mawi timbul sing warih. Tan winarna kang tapa neng Pateayam.

14. Kocapa kang kari wisma, Ni Sari wus tigang sasi, katara kalamun wawrat, biyunge takon tumuli: "Dhuh gendhuk sun takoni, apa sira wawrat iku, apa sira bedhangan, karo sapa sira nini, lah kandhaa mengko aku lapur prentah?!".

15. Nini Sari lon manabda: "Meteng kalih sinten mami, de kawula maksih legan, sira narka wawrat mami?". Biyunge anahuri: "Nora kena mukir gendhuk, sira uwus ketara, ingsun datan ulap malih, tandhanira janma wawrat tigang candra!!".

16. Anake sumahur sugal: "Sapa kandha meteng mami. Dhuh dhuh adhu de tinarka, mbok kaliru ing pamanggih?!". Biyunge gya nudingi: "Puniku apa wetengmu, lan bathuk mili lenga, bayu ijo angatoni, lawan maneh awan turu tangi ngrujuk!!".

17. Anake mesem angucap: "Biyang biyang sun wewarti, satuhu meteng kawula, nanging boten lawan janmi, andon lulut lan ejim, kang tengga sareyan kubur, nika napa tandhanya, sung dinar salawe iji!!". Wus ingurut dinar saking udhetira.

18. Kumrompong dhawah ing lemah, ting galebyar sunar neki. Mbok randha tan bisa ngucap, andulu dinar mblerengi. "Sajega ingsun urip, lagi iki aku weruh, rupane dinar emas, begja temen awak mami, dene sira dhemen ejim sugih dinar."

19. Warnanen sampun mangsanya, sangang wulan anggarbini, kang tangga gumuyu padha, si Sari meteng pribadi. Wusana bayi lahir, metu lanang kembar bagus, tangganya sami prapta, mbok randha nganyar-anyari, tuku gedhang tuku slendhang dhuwit dinar.

20. Kawarta ing manca desa, ing Kemiri ana bayi, kembar lanang tanpa bapa, baguse angleluwihi, kuncara kanan kering, sami prapta padha dulu, bekta popok suwekan, empon-empon dulang neki, ana ingkang aweh lenga lawan yatra.

21. Ana asung sata sedhah, ana aweh beras pari, asung kopi lawan gula, nyai randha saya sugih. Wus katur sang dipati, Jaya-kusuma puniku, ana prawan nak anak, bocah lahir kembar sami, ing Kemiri putune si Nyai randha.

22. Apan nuli tinimbangan, wus katur sabiyang neki, dinangu

sapa bapaknya, umatur kalawan ejim, kang tengga kubur gusti, ing Kemiri asalipun. Dipati angandika: "Yen bisa padha lumaris, bocah iku karo pisan sun karsakna."

23. Pan sarwi sinungan aran, Janurwenda kang satunggil, kang anom Sirwenda aran, binekta mantuk tumuli. Pan umur kalih warsi, sekelangkung lagangipun, Janurwenda Sirwenda, pinundhut kinarya abdi, pan kinarya panakawan sakembaran.

24. Kalangkung bagus kang warna, lawan aneh tingkah neki, saben enjing palajengan, kang raka lawan rayi, lan sami ambujengi, kupu kinjeng lawan jangkung, binuru kathah kena. Dipati kalangkung asih, saben dina tan pisah lawan gustinya.

25. Kocapa pan sampun lama, antawis sataun malih, sang Dipati nuju nendra, rahina aneng pandhapi, rare kalih nunggoni, Janurwenda Sirwendeku, sarwi nyepeng lar badhak, ngebuti nggenira guling, saben dina mangkana pakaryanira.

26. Pinuju ari sajuga, sang Dipati wus ngalilir, saking anggenira nendra, umiyat ing kahanan kering, kathah laler ngemasi, pejah sami angalumpuk, sarwi anandhang brana tatu weteng kencing tugi, wulu pari sadaya laler kang pejah.

27. Kagagas sajroning nala, wau sira sang dipati, pagene laler puniku, padha mati tatu tugi, tuginya isih kanthil. Puwara ngandika arum: "Sirwenda Janurwenda, sun arsa takon sireksi, sabab apa laler padha nandhang brana?"

28. Umatur pun Janurwenda: "Dhuh gusti laler puniki, sakalangkung degsuranya, paduka sare ngrusuhi, sarira den anciki, yen arsa kawula gebug, lamun kencing paduka, sing ajrih ulun puniki, marma ulun lajeng samya yasa panah.

29. Klayan adhi pun Sirwenda, gandhewa sada puniki, kang kendheng sing serat alit, panahipun inggih tugi, lajeng ulun panahi, sami pejah laleripun." Sirwenda tinakonan, aturira sami ugi, lawan malih angaturken kang gandhewa.

30. Kakalih gandhewanira. Sang dipati gawok uning: "Digdaya bocah punika, mendah benjang sepuh neki, ingsun rada kuwatir, dene anehira klangkung." Ginalih saben dina, saya krasa jroning galih, pan mangkana Dipati Jayakusuma.

31. Karsanira sang dipatya, arsa sowan mring sang yogi, Ba-

gawan ing Kandhuruwan, tingalira langkung sidik. Wus tindak sang dipati, abdi kalih atut pungkur, Janurwenda Sirwenda, tan mawi numpak turanggi, muhung dharat gondhelan buntuting kuda.

32. Ewadene sareng prapta, tumurun sang adipati, turangga kinen anjaga, panakawannya kekalih: "Tunggunen jaran iki, aja sira melu mlebu, ngong sowan sang pandhita, aja sira wani-wani, ngarubiru kekembangan patamanan!!".

33. Janurwenda lan Sirwenda, kalihe umatur inggih. Wus manjing sang adipatya, lumebeng daleme resi, panembahan tan keksi, pinuju neng langgaripun, sarira tan sakeca, sareyan ing lebet panti, sang dipati kinen manjing jroning langgar.

34. Wus manjing sang adipatya, mapan sampun tata linggih, sang pandhita menembrama, bageya sarawuh neki, tinampi pam-bagi. Wus sami atur rahayu, samana sang dipatya, umatur marang sang yogi: "Marma ulun sowan maring jengandika.

35. Kawula pan darbe bocah, kembar saking ing Kemiri, warna bagus luwih prayoga, kawula remen ningali, ananging walang ati, lamun ing tembe puniku, krana kalangkung guna, saged manah laler urip, namung tugi kang kinarya panahira.

36. Sandeyaning manah benjang, yen ageng ambilaheni, datan wande wrat sangginya. Yen pareng karsa sang yogi, arsa ulun pateni, mindhak damel rusuhipun, Pathi ingkang nagara." Ngandika sang maharesi: "Adhuh ri sang dipatya atur kawula.

37. Kalamun lare punika, linampus wekdal samangkin, tan ana paedahira, sabab niku kang darbeni, atmaja kang sayekti, satriya langkung pinunjul, saking nagri Walanda, Sekeber namanireki, de samangke martapa neng Pateayam.

38. Marmanira iku tapa, badhe mengsah sri Bupati, Senapati ing Ngalaga, ipe paduka sayekti", tinutur sadayaning. Dipati kalangkung ngungun: "Sumangga karsa tuwan, kawula dhateng umiring." Tan winarna asmaranira gumantya.

XX. ASMARADANA

1. Kocapa lare kekalih, Janurwenda lan Sirwenda, kang tengga turangga dene, Dipati Jayakusuma, jawi regol punika, bocah loro ting tharenguk, angantya bendaranira.

2. Pun Sirwenda angling aris: "Dhuh kakang si Janurwenda, pagene gustimu kiye, munggah gunung luru apa, de wus watara lama, sapa darbe wisma iku?". Janurwenda lon wacana.

3. "Omahe pandhita yayi, kabare langkung digdaya, weruh durung winarahe." Sirwenda alon wacana: "Lah kakang iku nyata, mangkono ing wartanipun, ayo kakang padha nyoba.

4. Iku ana genuk cilik, kathik nganggo pepelenan, apa iku kang den ombe, payo padha linebonan, tumuli ingisingan, apa iku bisa weruh!". Jarane padha cinancang.

5. Suku kuda den taleni, lawan oyod lelawatan, lare kalih kesah age, apan sarwi nyenyeluman, mangsa weruha sira, karone banjur lumebu, aneng genuk kang padasan.

6. Ceciblon ning jroning warih, ting cekikik gyunira, supran-dene nora weroh, samana saklangkung bungah: "Lah kakang uyuhana", "Mengko dhisik lagi adus", kasaru sang resi pirsu.

7. Saking langgar angaruhi: "Bocah apa kurang ajar, padha manjing padasane, padasan dianggo dolan, padha rasakna sira, lah mengko sesak endhasmu!". Kagyat sira Janurwenda.

8. Sirwenda mangkono ugi, endhase sesak kalihnya, ning awake sela bae, suku samya ceceblungan, endhas tan bisa obah, saya sesak endhasipun, dangu-dangu saya lara.

9. Kocap wau kang kacepit, sing nepsu genuk pinancal, tan pecah wau genuke, sami getun kalihira, saya tan betah lara, nulya nangis kalhipun: "Dhuh kaki nyuwun ngapura.

10. Kula boten wantun malih, sembrana maring paduka, paduka awas yektine." Kaget sira sang dipatya, mriksani kang padasan, panakawan kalhipun, kacepit neng jro padasan.

11. Arsa medal nora bangkit, "dhuh gusti nuwun ngapura", Sang dipati gawok tyase." dene bocah kurang ajar, wani manjing padasan, lah sandhangan laranipun!". Panembahan lon ngandika.

12. "Wis padha metua aglis, banyu padha salinana, rusuh kabeh iku thole!". Kalihe matur sandika, glis medal ngambil toya, sang dipati mijil sampun, mriksani ing kudanira.

13. Nora obah nora mosik, suku kalihnya cinancang, lawan oyod lawatane. Saya tan eca galihnya, lajeng malebeng langgar, matur dhateng sang awiku, sakalangkung kagawokan.

14. "Saya dangu pan katawis, kwatire manah kawula, dene kuda amba mangke, cinancang suku kalihnya, lawan oyod lawatan, suprandene kuda ulun, datan bisa polah-polah.

15. Tan wande rare puniki, benjang dados satru praja." Panembahan lon delinge: "Dhuh raden sampun kasesa, kalamun matenana, bapake langkung pakewuh, lamun ndika patenana,.

16. Yen putrane maksih urip, bapake malah ngawula, yen perang abot sanggane, marmanta ijengandika, minggaha Pateayam, bektaa prajurit agung, lare niku binektaa.

17. Lah punika japaneki, ndika waca ngajeng guwa, ngungkulana ing sumure, niku aji sabda tunggal, lajeng ngger sumbarana.-- Sekeber metua gupuh, iki sumur darbekingwang.

18. Iya sun nata ing Pathi, kang misesa Pateayam, aja sira tapa kene--, niku mangke lajeng medal, angajak bandayuda, lamun yuda angger ewuh, tan bisa amatenana.

19. Lamun niku ngadu tandhing, ngajak betah slulup toya, saguhana raden kuwe, ajaken ing balenderan, ndika manjinga gawa, Sekeber dimen salusup, sataun aneng sagara."

20. Sang dipati matur inggih, lajeng pamit mantuk nulya, sang pandhita ngiringake. Prapteng dalem dandan samya, samekta ingayuda, bekta bala anung-anung, nenggih wolu kathahira.

21. Siji Sutawanengpati, kalih Sutawanenggita, Wanenggati katigane, papatira Sambapradan, Sambapilis limanya, Rujakbeling nenemipun, wolu putra kalih kembar.

22. Sasanga sang adipati. Ing marga tan winursita, samya minggah gunung age, anrajang ri bebondhotan, wus prapta Pateayam, ngupaya guwane sampun, kapering kidul nggenira.

23. Samana sampun ningali, kang guwa asri kalintang, ing ngajeng ana-sumure, kathah ingon-ingonira, nanging sepi kewala, tan ana janma kadulu, wusana ningali toya.

24. Ana sumur langkung wening, suprandene tan katingal, kang tapa neng sumur nggone, anulya sang adipatya, matek ing ajinira, sabda tunggal saking guru, pan sarwi ngucap mangkana:

25. "Lah endi rupanireki, kang aran Sekeber sira, aja sira tapa kene, iki sumur darbekingwang, metua yen prawira, ayo tandhing lawan ingsun, payo ngadu kadigdayan.

26. Iya sun Dipati Pathi, kang aran Jayakusuma, kang kuwasa gunung kiye, Pateayam bawah ingwang, sireku kumalancang, la-mun sira nora metu, glis mundura samangkya ga!!”.

XXI. D U R M A

1. Duk miyarsa Sekeber ing sahurira, Jayakusuma bengis, wudhar nggennya tapa, malumpat aneng jaba, warnanira tan pra-yogi, lumut sadaya. Anyandhak tangan aglis.

2. Sang Dipati Jayakusuma cinandhak, pan sarwi mojar be-ngis: ”Heh Dipati sira, banget degsuranira, amudhar ing tapa mami. Sapa wewarta, pan sira bisa uning!!”.

3. Sang dipati mangkana saurira: ”Mesthi weruh pribadi, ka-beh karsanira, ingsun pan ora ulap, sumur iki darbek mami, pagene sira. wani tapa tan idin.”

4. Dyan Sekeber asugal ing sahurira: ”Tan ganggu ing sireki, pagene ta sira, angganggu marang ingwang, apa sira nggenjah pati, angemping lara, becik mundur sireki!!”.

5. Dyan Sekeber andulu lare punika, sedhat karasa ati, kaya rupaningwang. Nulya nrajang anendhang, atendhang-tinendhang sami, padha prawira, junjung banting binanting.

6. Kalihira tan ana ingkang kuciwa, Sekeber leren aglis: ”Mengko malih yuda, ingsun arsa nganggoa, busana neng guwa iki. Sang dipati apa karepmu!!”.

7. Raden Baron enggal manjing jroning guwa, tan dangu nuli mijil, ngagem cara Landa, bagus gagah prakosa, ngasta pedhang angajrihi, nuli asumbar: ”Ya ingsun Baron sekti.

8. Sun Sekeber kadange Raja Nederlan, becik teluk sireki, tan wurung matia, dening pamedhang ingwang!!”. Jayakusuma Nahuri: ”Sun kari apa, kadangira narpati!!”.

9. Gya nerajang Sekeber anyabet pedhang, prandene tan nedhasi, nanging krasa lara. Dipati amalesa, enggal nuli narik keris, anyuduk sigra, Sekeber nora busik.

10. Warna-warna yudanya sami digdaya, pan sampun tigang ari, tan ana kang kalah, abdi tan melu perang, amung surak ange-ploki, ajrih gustinya, pan sampun kawan ari.

11. Lamun dalu samya leren nggennya yuda, yen siyang cam-puh jurit. Samana rahadyan, Sekeber gya ngucap: "Tan ana ram-punge jurit, padha prawira, ing braja datan busik.

12. Tanpa guna lamun perang adu rosa, ayo angadu sekti, sapa ingkang kalah, mesthine angawula, kang unggul den kawula-ni, apa wania!!". Sumahur sang dipati:

13. "Lah Sekeber apa ing sakarepira, ya ingsun ngeladeni, sira ngajak apa, ingsun mangsa mundura." Sekeber ngandika malih: "Ayo betaha, salulup aneng warih.

14. Sapa ingkang mancungul dhingin punika, sayekti kalah jurit, dene ingkang betah, punika ingkang menang." Padha silem sumur iki. Sang adipatya," dudu lanang sireki.

15. Wani slusup jerone sumur kewala, kalamun sira wani, silem neng sagara, lor kene apan ana, sagara jero kang pinggir, padha pra-wira!!". Sumaur "Iku becik."

16. Nuli mangkat kalihe numpak turangga, pra abdi ingkang ngiring, Sekeber sinungan numpak kudanya Samba, ajar lan adi-pati, teka sembada, ing aprang oleh tandhing.

17. Rujakbeling numpak kuda aneng ngarsa. Tan winarna neng margi, wus celak siti bang, salere Ardi Murya, Belenderan namane-ki, nuli atata, kalihe nganggo tali.

18. Padarane apan samya tinangsulan, panjang satu dhepeki. Kang tali cinancang, kang kinen jaga talya, rare kalih siji-siji, Se-keber yitna, percaya bocah iki.

19. Ing semune bocah iki resep mring wang." jaga kang ati-ati, sapa ingkang kalah, suraka iku benjang, kang seru aja alirih, dimen isina, nadyan aku tan wedi.

20. Lamun ingsun kari enggal dudutana." Janurwenda tur ing-gih. "Yen dipati kalah, sira tutur saweca." Sirwenda matur pan sami, "kang kari sapa, nuli sira anarik."

21. Sampun pepak kang prabotira abantah, nulya umanjing warih, Sekeber angucap: "Ambles bareng kewala!". Sang dipati mojar "Becik, ingsun pantesnya, kang salulupa dhingin.

22. Awit ingsun kang anduweni sagara, sira weruh pribadi." Sekeber angucap: "Iya ingsun wuninga." Sang dipatya slulup aglis, nuli rahadyan, Sekeber anututi.

23. Ambles toya kalihnya salulup toya, nanging Dipati Pathi mentas marang guwa, ing ngriku eca-eca. Sang resi sadhiya bukti, ana lawangnya, kang medal saking tebih.

24. Sang dipati sedyanira sambhi tapa. Kocapa sampun lami, wus jangkep sawarsa. Sekeber asung tandha, yen dugi salulup neki, blekuthuk sigra, antara kalih ari.

25. Kang winarna samana nuli amedal, Sekeber nuli mijil, Janurwenda enggal, andudut sang dipatya, enggal sira sang dipati, malebeng toya, blekuthuk nulya mijil.

26. Lenging guwa metu sajroning sagara, anulya nimbun aglis. Sekeber wuninga, dipati saweg medal, wus rumangsa ingkang ati, kalah digdaya, salulup kalah mami.

27. Kari betah anuli mentas kalihnya, wus prapta dharat sami, Dipati ngandika radyan Jayakusuma: "Lah priye karepmu milih?". Sekeber nembah: "Satuhu teluk mami.

28. Salaminya kawula boten puruna, dhumateng sang dipati, sedya angawula, nanging panuwun kula, mugi kula den lilani, warni turangga, dados titihan gusti.

29. Lamun kula taksih awarnia janma, sanget merang ngembani, sami trah kusuma, mugi anglilanana, dadi teluk wedi mati, mila kawula, klilana rupa wajik."

30. Sang dipati mangkana pangandikanya: "Ya sira sun lilani, dadya rupa kuda, malah dahat prayoga." Sekeber sidhakep nuli, amatek mantra, wus dadya kang turanggi.

31. Jaran dhawuk surine cemeng sadaya, tracaknya cemeng sami, gawok kang tumingal, Sekeber dadya jaran, pan nuli sinungan nami, si Juru Taman, dhateng sang adipati.

32. Pan respati gambare turangga, nuli dipun lapaki, tinumpakan sigra, ngatepang ngayam alas, kondur abdi ingkang ngiring, wus prapteng wisma, langkung suka dipati.

33. Pan samana cinatur sampun alama, kuda dipun tresnani, mangan kaya janma, tan arsa rumput dhedhak, gedhogan dipun slamboni, ing saben dina, Jru Taman den priksani.

34. Saya lami kawentar ing gunanira, lamun dipun titihi, lampahan tri wulan, prapta amung sadina, kang sadina bisa prapti, sakedhap netra, sing sektining kang wajik.

35. Kudanira Dipati Jayakusuma, bisa angawiyati. Samana rahadyan, Jayakusuma sira, katimbangan sang dipati, ipe narendra, Sri nata ing Matawis.

36. Katimbangan dhateng ing nagri Mataram, duta kinen rumiyen, uwus sapta dina, kang duta sampun prapta, dipati mangkat tumuli, bisa barengan, mila tan mawi kanthi.

37. Nulya dandan sumiweng ngarsa narendra: "Sami wilujeng yayi", sang dipati nembah: "Kacadhong asta amba, pineteken murda mami, Sinuhun bagya, dadosa jimat pripih.

38. Sakalangkung pamundhi panuwun amba, saking kucahan bagi." Senapati nabda: "Pirang dina neng marga?", kang rayi matur tan yekti: "Inggih nem dina, jatine mung saari."

39. "Sapa ingkang umiring salakunira?", kang rayi matur aris: "Kawula priyanga, pra rencang taksih wuntat." Senapati kraseng galih, wanter sanyata, lumaku tanpa kanthi.

XXII. KINANTHI

1. Wus dangu pasowanipun, Senapati manjing puri, amundhut ingkang dhaharan, kang rayi dipun timbali, andherek adhendhaharan, lawan kang pra garwa sami.

2. Sampuning dhaharan wau, kinen masanggrahan nuli, ing dalu sira sang nata, dangu ingkang abdi, saking Pathi tinimbangan, kabener lurah pekathik.

3. "Sapa sira ta aranmu?", "Kawula dipun wastani, Gatisaya inggih amba, pekathiknya sang dipati." "Gatisaya ingsun tanya, gustimu kapan lumaris.

4. Pirang dina neng delanggun?", Gatisaya aturneki: "Pan inggih sareng sadina, gadhah kuda kadya mimis, ingkang nama Juru Taman, kang ulun gondheli wingking."

5. Duk pireng ing aturipun, lajeng kondur narapati, enjing miyos ing pandhapa, dhedhaharan lan kang rayi, tinimbangan nulya prapta, wus kembul dhaharan sami.

6. Ri sampunnya dhahar rampung, nulya sami tata linggih, ngandika sri naranata: "Yayi ingsun pireng warti, lamun sira darbe kuda, rupanira klangkung adi.

7. Juru Taman aranipun, manawa lega ing ati, rakanta badhe wuninga, rupane jaranmu yayi." Rahaden Jayakusuma, tan saged umatur sisip.

8. "Nuwun kangmas atur ulun, sayekti ulun darbeni, kuda nama Juru Taman." Sang nata ngandika aris: "Lah yayi tuduhana ingwang, kaya pa rupaning wajik?"

9. Kang rayi umatur "Nuwun, punika wonten ing ngriki, ambaancang wonten saka, ing tratag rambat puniki." Senapati gya tumingal, dinulu nora kaeksi.

10. "Endi yayi rupanipun", dipati umatur aris: "Saestu boten katingal, kalamun datan darbeni, donganira sabda tunggal", kang raka ngandika aris:

11. "Dhuh yayi weruhna ingsun, jatine jaran puniki?". Kang rayi bebisik nulya: "Wus saged sri narapati", kang kuda lajeng katingal, tuhu bagus ingkang warni.

12. Sang nata jumeneng sampun, arsa mirsa ponang wajik, kang rayi andherek wuntat, samana sampun mriksani, langkung ascaryeng wardaya, umeksi kuda puniki.

13. Satamating priksanipun, ngandika Jeng Senapati: "Heh heh yayi kudanira, asalipun saka ngendi?", sang dipati nora weca, matur dora punika jim.

14. Sanes kuda kang saestu, saking Murya asalneki, "Dhuh yayi lamun sembada, ing karsanira puniki, ingsun pinta lilanira, sun pundhut kudamu yayi.

15. Lamun ingsun darbe iku, titihan uga prayogi, nanging sapi rupanira, arane Pragola iki, sektine lamun lumampah, kebatira ngluwihi.

16. Sawulan linakon tutug, sapasar wus bisa prapti, dene lekakon sapasar, bangkit tekan mung saari, lamun lakon mung sadina, saejam kewala prapti.

17. Mung kacek sethithik iku, pantes sira kang darbeni, kudamu iku sun tedha, apa pareng sira yayi?". Sang dipati jrih lenggana: "Sumangga karsa narapati.

18. Kawula darmi puniku, sadaya kagungan aji", nanging tyas dereng alila, margi remen kang turanggi, nanging jrih lamun lenggana, pramila matur tan yekti.

19. Sang nata ngandika arum: "Ya banget tarima mami", anulya kinen ngambila, titihan dalem puniki, kang aran sapi Pragola, rupa cemeng ageng inggil.

20. Menceret ing ulesipun, apindha pinrada kuning, dinulu langkung prakosa, bisa mlampah lir turanggi, adheyan anjojog nyongklang. "Pantes yayi kang darbeni."

21. Wus tinampi sapi sampun, pamit mundur sang dipati, anumpak sapi Pragola, dangu-dangu pan kawarti, darbe sapi tetunggangan, Pragola araning sapi.

22. Ki Pragola namanipun, kagungan Nata Pathi. Rahaden Jayakusuma langkung runtik ing penggalih, lajeng lami nora seba, dhumateng sang Senapati.

23. Sang dipati wau tinimbalan mring Mantawis, kinen nanggulang karaman, Gunung Pandhan den jageni, anganti praptaning kraman, nggennya baris wadya aji.

24. Kocapa dipati wau, lamun dalu mundhut selir, parawan ayu tur endah, cinareman andon resmi, sampun wonten tigang dina, samana mungsuh nekani.

25. Campuh yuda lan wadya gung, prang dwi ari brandhal enting, bubar manggalaning kraman, sampun lolos saking ardi, wadyanira sampun sirna, jinarah sanggrahan neki.

26. Sang dipati Pathi wau, antuk boyongan pawestri, putri kalih endah, wus katur sri narapati, kang rayi nora sinungan, marma sakit ing penggalih.

27. Duk semana sampun dalu, sang nata pinuju guling, dereng kondur mring Mataram, dupi wancenjang udani, wonten abdi tur priksa, wau dalu sang dipati.

28. Wus bidhal langkung rumuhun. Sang nata sampun andugi, watawis sakit ing manah, kondur tan pamit sang aji, ginagas dhateg sang nata, anging sinamur ing galih.

29. Jeng Sinuhun sampun kondur, mring Mataram lawan selir, kekalih asal boyongan, wus wuninga yen kang rayi, Dipati Pathi punika, mbokbilih runtik penggalih.

30. Marma lajeng boten purun, sumiwi ngabyantara ji, ca-eca neng dalemira, lelangen larasing gendhing, sesendhon lelangen beksa, tanapi langen sarimpi.

31. Nengena ingkang maladkung. Kocapa nagari Pathi, sira wau Dyan Kumuda, kalayan ingkang sumawi, mbok Dewi Mendut rabinya, ayune pan saya dadi.

32. dene nora darbe sunu, misuwur ing manca nagri, Rara Mendut ayunira, tan ana ingkang madhani, tuhu endah tur prasaja, kang dulu samya sru brangti.

33. Wong kuning kang asung gandrung, lembeyan merak kasingir, asta lurus anggandhewa, jaja wijang pundhak sari, sarira kadya parada, dariji lit mucuk eri.

34. Jaiting netra sumunu, kang pipi duren sajuring, alise nanggal sapisan, bathuke nyela cendhani, idepira roning imba, rikma ngandhan-andhan becik.

35. Lentrek-lentrek yen lumaku, yen lungguh dhemes amanis, seduwa kathah kedanan, yen ngadeg kathah kang brangti. Rara Mendut ayunira, dadi tamba lara mengi.

36. Sigegen mbok Rara Mendut, kocapa parawan Sunthi, ingkang sampun sinarenan, dhumateng sang adipati, Rahaden Jayakusuma, wus katara anggarbini.

37. Dupi prapta mangsanipun, jabang bayi nuli lair, medal estri ayu endah, kathah ingkang yun ningali, dene prawan darbe putra. Samana sampun kawarti.

38. Kalamun ramane iku, Dipati Pati nagari, Rahaden Jayakusuma, iya Raden Pragoleki. Warnanen aneng Sebandar, babah Sambong ingkang nami.

39. Anebas tambangan agung, sugihira sawatawis. Karungu marang pawarta, parawan darbeni siwi, anggarbini lan dipatya, Jayakusuma ing Pathi.

40. Jabang bayi luwih ayu, Ki Bandar welas ningali, biyunge pan nora bandha, mila lajeng den parani, jabang bayi gya tinumbas, kang pinrih turun dipati.

41. Tinumbas salawe sampun, kaki biyung den asungi, sandhang pangan warna-warna, wus tinampa jabang bayi, karsanya babah Sebandar, mamet putra jabang bayi.

42. Darbe putra kalih kakung, nama babah Ontang Anting, tan darbe kadang wanodya. Samana pan sampun lami, cinekak sampun diwasa, wus wayah rumaja putri.

43. Sebandar salaminipun, ngambil putra angkat putri, saya kathah begjanira, sugihe ngungkul-ngungkuli, mila sang dyah den dedama. Pramila uwus kawarti.

44. Wong agung Lamongan iku, Anggajaya sang Ngabei, andarbeni putra priya, kasengsem marang pawestri, wit sampun wanci diwasa, marma lajeng den tontoni.

45. Sang dyah rara pinet mantu, ingaranan Raraswati, lami-lami ingkang raka, ingangkat tumenggung dadi, ajejuluk Angga-wangsa, neng Lamongan kang nagari.

46. Nengana Radyan Tumenggung, kocapa sri Narapati, Senapati ing Mataram, langkung suka ing penggalih, darbe kuda Juru Taman, kasmaran lamun lumaris.

XXIII. ASMARADANA

1. Mangsuli carita nguni, Juru Taman sampun lama, ngabdi dhateng sang akatong, narendra ing Mataram, dadya titihanira, yen arsa tindak puniku, mung sakedhap sampun prapta.

2. Yen dalu nganglang nagari, pribadi datanpa rowang, amung kelayan titihane, Juru Taman mandraguna, meh sami lan sang nata, yen sore sinandhing lungguh, kuda bagus tan bendana.

3. Ananging cacadireki, Juru Taman nora setya, taksih enget mring mungsuhe, sira Ratu tanah Jawa, sang Prabu Senapati, "Apa baya marginingsun, bisa males matenana.

4. Ingsun alap kang nagari, kalawan kang garwa putra, ingsun bisa madeg katong, amasesa tanah Jawa, saturun-turun ingwang!, ananging tyas taksih emut, ing sektine Senapatya.

5. Samana nata siniwi, pinarak lawan kang garwa, dyah ayu Sekarkadhaton, lawan selir pepingitan, sami ngadhup sadaya, garwanira langkung ayu, jejuluk Dyah Lesmengpura.

6. Yen cinandra ingkang warni, langkung warna kurang candra, langkung endah ing citrane, pindha hapsari suwarga, dhasar wingit jatmika, pantes dayita sang prabu, panunggul para dayita.

7. Kumepyur sajroning ati, dupi Juru Taman mulat: "Dene ayu temen kuwe, warnanira putri Jawa, tan betah ingsun mulat, kaya-kaya tekeng lampus. Yen sang nata sampun laya.

8. Ingsun' bangkit andon resmi, lawan garwa sri narendra, pancen iku mungsuh ingong, rumuhun tekeng samangkya, kapan bisa mrawasa, dene nguni janjiningsun, amung nganti kawan warsa.

9. Samengko wus limang warsi, durung bisa bandayuda, malah-malah raganingong, uwus ngabdi dadi kuda. Dhuh sang Hyang Maha Mulya, mugl paring marginipun, nigas lungaya sang nata.

10. Ponang nagara sun ambil, garwane sun alap pisan, wong kuning manis wuwuse, pantes ingsun kang mondhonga, lamun ana kang mulat, sun tigas gulune rampung, ah benjing mangsa wurunga!!".

11. Ngacemong ing batineki, panganta-antaning nala, kasengsem marang garwane, Senapati ing Mataram, nanging tan antuk marga. Samana bubaran kondur, sami manjing dhatulaya.

12. Enengena sri bupati, kocapa sang Adipatya, ing Pati kawungu tyase, tan condhong lawan narendra, pernah kadang tur tuwa, wewah sandeyaning kalbu. Abdine kalih prawira.

13. Janurwenda Sirwendeki, putrane si Juru Taman, kang rama sampun andherek, dhateng Nata Mataram, marma ing tyas kemengan: "Mbok tembe aperang pupuh, tumut ngiloni Mataram.

14. Lami-lami mesthi uning, lamun iku putranira, dadi ewuh manah ingong, kadya bebasaning sloka, satru mungging cangklakan, jati katlusuban ruyung, dadi telik ngendrajala."

15. Patih Sumerja tur bekti: "Pukulun sabda paduka, kasinggihan ing lerese, tan wande lare punika, Janurwenda Sirwenda, rembag lawan bapakipun, marma suwawi rinembag.

16. Murih golonging pambudi, kalawan jeng ramanira, Kyai-geng Panjawi dene, wadya lan ipe paduka, Panjaringan rahadyan." Sadaya pan sami kumpul, rerembagan sadayanya.

17. Ri sampuning kumpul sami, rembagan saabipraya, arsa nglunas dhateng rare, Janurwenda lan Sirwenda. Mangkana sabda-nira, Kandhuruan sang awiku: "Dhuh angger dipun prayitna.

18. Rare kalih iku sekti, lamun dede jengandika, kang merjaya temahane, tuna dungkap dak ing karya, temah rare ngumbara, sinten baya bisa buru, yen ucul saking asta.

19. Mila paduka ngawaki, ingkang nglunas dhateng bocah, mrih tan sumelaning karyeng." Kyai Panjawi manabda: "Mung

pusaraning praja, sun pasrah marang sireku, mangsa borong marang sira.

20. Kalawan yayi maharsi, Kandhuruan sang pandhita, krana ingsun wus wayahe, magawan tan melu ngreksa, ruwet rentenging praja, kaya kaya raganingsun wus tutug ing mangsanira.

21. Benjang kalamun wus lalis, jisim ingwang ywa winawa, mring Mataram pamintengong, kinubur Pati kewala." Kang putra atur sembah: "Dhuh dhuh inggih rama ulun, saestu amba estok-na."

22. Samana bubaran sami, samya mantuk sowang-sowang, mung Kyai Kandhuruane, ingkang kantun manjing pura, anggunem kang prakara, sulayane lan sang prabu, lan pejahe Janurwenda.

23. Klawan Sirwenda kang ari, dadya kuwatiring nala, saratri ginunem bae. Enjingira siniwaka, andher kang wadya-bala, sadaya wus sinung weruh: "Ywa na melu-melu samya.

24. Klamun ingsun andon jurit, tontonen saking tebihan." Abdi kalih sampun kraos, Janurwenda lan Sirwenda. Dipati lon wacana: "He he kulup kalihipun, Janurwenda lan Sirwenda.

25. Haywa dadi tyasmu kaki, dene ingsun arsa minta, apa sira iku aweh", abdi kalih atur weca: "Sumangga karseng tuwan, kawula tan malang kalbu." Dipati aris ngandika:

26. "Sun jaluk patimu sami", Janurwenda lan Sirwenda, tan ngucap gya ngadeg age, pan sarwi mojar mangkana: "Gene ingsun pinatyan, nora dosa raganingsun?". Sami ngaler plajengira.

27. Janurwenda menggok margi, mangilen palajengira, den buru sapalajenge. Sang dipati atut wuntat, kang dhuwung Kyai Gambang, liniga kinarya buru, kajeglong pun Janurwenda.

28. Rebah lajeng den larihi, pejah datan bisa sambat. Sang dipati wangsul age, angupaya pun Sirwenda, kang malbeng wana wasa, pernah kidul wetanipun, padhukuhan ing Gantangan.

29. Labet tilas tan ketawis, jinajah sang adipatya, pra abdi angiringake. Samana Jaka Sirwenda, linari wus pinanggya, arsa mlumpat balumbang gung, tuna dungkap nuli tiba.

30. Tinubruk sang adipati, pun Sirwenda pinarjaya. Kalihe sampun alayon, lajeng kinen ananema, winor siji kalihnya, kinubur

wonten ing riku. Sampun sirna kalihira.

31. Tandyana swara kapyarsi: "Heh dipati den prayitna, ing tembe yun males ingong, tan trima ingsun tan dosa, dene sira niaya, marma benjang nak putumu, mutah getih kadya ingwang."

32. Sang dipati wus udani, pratignyaning si Sirwenda, ing jro tyas pan maksih kukoh, nadyan besuk nora ulap, samengko ya prayoga. Samana ana lindhu, pratandha wong agung dosa.

33. Ri sampunnya kondur sami, maring wisma sowang-sowang, sang dipati panggagese, esmu duka mring sang nata. Sinegeg kang sungkawa, kawarnaa sang aprabu, Senapati ing Mataram.

34. De sampun saklangkung lami, nggene sami rerembagan, arsa sowan ing gurune, Ki Seh Adi ingkang mulya, Pulo Putih kang wisma, kabeneran waktu iku, sagung murid tinimbangan.

35. Dhumateng sang Seh puniki, krana nuju wulan Besar, Jumuwah Legi arine, kinumpulken sagung siswa, ngrembag bab pangawikan, sadayane samya kumpul, tan mungkur dhawuh sugata.

XXIV. PANGKUR

1. Kocapa murid sadaya, pra dipati Pangeran Cerbon prapti, tanah Jawi padha rawuh, lan malih sang Pangeran, ing Madura Majagung wis padha rawuh, Sultan Plembang uga prapta, sagung wali samya prapti.

2. Mung sang prabu ing Mataram, ingkang dereng kaeksi angrawuhi, awit ngegungken sang prabu, sektine Juru Taman, marma wau tindakira sang aprabu, Senapati ing Mataram, surup surya gya lumaris.

3. Bakda ngisa sampun prapta, Pulo Putih sowan sang Maha Yogi, anuli sang nata mlebu, tur bekti ing gurunya, "Bageya sapraptanta ingkang Sinuhun, tanapi narpa dayita." Sang prabu turira aris:

4. "Kacadhong ing asta amba, kasugengan antuk sabda yogi, wangsul sembah amba katur", "Kapan sireku pangkat", "Surup surya amba budhal sing kadhatun, numpak kuda Juru Taman", sang Yogi sampun udani.

5. Sadaya sampun pepakan, para wali pangeran lan dipati,

mamrih seneng manahipun, ananggap wayang purwa, kathah ingkang samya mulat wayang wau, rame supenuh busekan, wayang perang gangsa muni.

6. Kocapa si Juru Taman, aneng jawi emut tyas nyalawadi, arsa mantuka rumuhun, ngendrajala sang nata, pan mangkana panglociteng jroning kalbu;" lah sang nata mengko sira, karasa ing tangan mami.

7. Ingsun tigas murdanira, mangsa bisa mulih satengah sasi, yen ta layar sira besuk, sawulan lagya prapta, nora wurung ing dalem sun karya lebur. mangsa sira bangkit wikan, de yen prapta sun tandhingi."

8. Juru Taman sigra mentar, mantuk mring Mataram yun ngrumiyini, arsa malebeng kadhatun, nyidra resmi sang retna, marma laju kesah datan mawi matur, anjujug ing dalem pura, sakedhap kewala prapti.

9. Sapraptane ing Mataram, matek aji mancala malih warni, mendha warni sang aprabu, Senapati Ngalaga, wus tiniru sandhang pangagemanipun, warna solah tingkahira, wus tan wingwang pin-dha aji.

10. Wola-wali nothok lawang: "Adhuh nimas bukaken ponang kori, krana ingsun ingkang rawuh." Ri sang narpadayita, wungu lajeng kanggeg arsa bukak pintu, lereh mawi dipun ganda, saking saselaning kori.

11. Ganda ngambar datan ana, tandha sekar Jayakusuma adi, marma ewuh sang retnayu, ing galih tan sakeca, dene nata tan ngagem sekar puniku, mbokmanawi sanes nata, kalamun Jeng Senapati.

12. Psthine Jayakusuma, sampun ngambar malbeng neng ti-lam sari, dene iki gandanipun, wangi prengus tan ngambar, mila lajeng sang retna umatur arum: "Dhuh sang nata pamintamba, sampun tuwan manjing mriki.

13. Kula lagya memuja, de paduka prayogi sare jawi, ing ben-jang kewala rawuh, klamun bakda samadya." Senapati dhawuh-ipun pait madu: "Dhuh yayi aywa lenggana, marmanta ngong enggal mulih."

14. "Lepat kawula kewala, lamun prabu maksih jumeneng aji,

yen sare lan garwanipun, tan nganggo kasusua, mangsa kirang para selir cethi manggung, dene nora sabar, mring putra mamrih prayogi.”

15. Juru Taman rum manabda: ”Iya yayi sun nuruti sakarsi, yen kasusu dede ratu”, pramila lajeng kesah, dhateng gedhong panggonane selir arum, ginugah ambuka lawang, langkung suka tyasnya cethi.

16. Gustinya dalu kang prapta, angrawuhi pasthi karsa mring mami, enggal busana di, punjul, sesaji kinonyehan. Senapati manjing tilam sare sampun, nulya medal sare liyan, karsanya angemaruhi.

17. Warata sadalu natas. Para selir sami garjiteng galih, dene seje lan rumuhun, sang nata solahira, teka gragas kaya ngono tandangipun, sagung selir rerasanan. Warnanen sira sang putri.

18. Saklangkung sungkaweng driya, dene iki saklangkung nyalawadi, ing nala dahat margiyuh, sang dyah retnaning pura, sajroning tyas tan sakeca raosipun, nyipta kalamun sang nata, Senapati kang bilahi.

19. Gya manjing mrong prabayasa, yun samadi neges karsaning Widi, pinesu weninging kalbu, Ratu Kidul gya medal, nora nganggo medal kori tindakipun, Ratu Kidul wus wuninga, kalamun dede sang aji.

20. Nyai Rara Kidul weca, matur dhateng sang retna les-mengpuri;” satuhu sanes sang prabu, paduka kang weweka, ponang kori prayogi tinutup sampun”, nengena kang aneng pura. Kocapa ing Pulo Putih.

21. Wancinira madya ratya, wayang rame tinetel tyang ningali, gangsanira rame umyung, sang resi lon ngandika: ”Lah ta jebeng Senapati sira tuhu, klebon dhustha katiwasan, maling sandi mamrih estri.”

22. Duk pireng sira sang nata, ing dhawuhe sang yogi Pulo Putih, kagyat sira sang aprabu, sarwi matur mangkana: ”Lah ta sinten Panembahan ingkang mandung?”, Sang yogi pangandikanya: ”Lurunen titihan neki.

23. Manawa si Juru Taman, ingkang mlebu karaton dadi maling, enggal sira sang aprabu, medal marang ing jaba!”. Aningali

Juru Taman tan kadulu, anyana lamun sanyata, Juru Taman ingkang maling.

24. Sang nata langkung sungkawa, dene wau enget tan bisa mulih, tininggal titihanipun, mantuk amasthi lama, rawat waspa Senapati aneng ngayun, apan sarwi unjal napas. Sang yogi sampun udani.

25. Senapati sungkaweng tyas, enget dene ora bisa mulih, angandika sang awiku: "Dhuh jebeng ywa sungkawa, enya iki teken sira gawa mantuk, lah iki sira gawaa, karyanen marjaya maling."

26. Senapati matur sembah: "Dhuh, dhuh adhuh sang yogi kadipundi, bisane mejahi pandung, de kawula tan bisa, mantuk marang Mataram dene wus dalu, sarta kinalang samodra, layaran satengah sasi."

27. Sang wiku alon ngandika: "Coba sira malebu gobah mami, panggonan pasyudanku, ecis iku ginawa." Atur sembah Senapati mring sang wiku, gya jengkar saking ngayunan, arsa mlebu gobah aglis.

28. Jumangkah malebeng gobah, uwus tinutup salambu tan keksi, mung garwa ingkang kapanggih, lan Ratu Kidul ana, kang pinanggih ing jero gobah puniku, jatine sampun aprapta, pasareyan ing Matawis.

29. Sang retna sekaring pura, wus wuninga kang raka rawuh yekti, de angganda sekar arum, nenggi Jayakusuma, nuli tedhak kalihe anembah sampun, ingaras dhateng kang raka, umatur sadayaneki.

30. Samana kang mimba warna, maksih sare kalayan selir aji, angandika sang aprabu: "Yaiku Juru Taman, dhustha wani ngeramui selir insun, bilahi mengko heh sira, lah ta timbalana aglis.

31. Insun andhelik singidan, neng selambu bukaken, ingkang sisih, tutupen sasishipun, lawang nuli binukak, lah undangan dhustadimene malebu." Wau dyah sekaring pura, enggal ambukak kang kori.

32. Sarwi ngenguwuh mangkana: "Adhuh kangmas paduka sun aturi, sampun luwar pujaningsun!". Kaget sang Juru Taman, mi-

reng lamun ingundang Sekarkadhatun, jenggelek nuli amedal, anjujug sareyan aglis.

33. Sang putri maksih neng lawang, Senapati kalayan ingkang rayi, nimas Ratu Rara Kidul, sami neng pasareyan. Juru Taman anjujug manjing tilam rum, agahan tumameng tilam, wus pirsia Jeng sri bupati.

34. Sinogok ecis punika, kenging mripat ingkang kanan rah mili, kalumah mripat malethus, dahat anandhang brana, gulang-saran aneng siti kathah marus, ya ta tan antara lama, Juru Taman wus ngemasi.

35. Marmanira prapteng laya, awit saking mandinya ecis, si Juru Taman puniku, kenging walating Ajar, Sadu Hening pinantenan tan dosaku, marma turunnya tumpesan, bapa putra ange-masi.

36. Lelakyan tan prapteng sedya, Dyan Sekeber tapanya datan dadi. Senapati kang cinatur, anulya sumbar-sumbar: "Lah sandhangan Juru Taman sira iku, angayoni marang ingwang, tan wurung sira ngemasi!!",

37. Kang murda arsa tinigas, narik dhuwung Senapati tumuli, jisime anuli mumbul, pangucap mangkana: "Heh ta iya Senapati kalah ingsun, nanging benjang males ingwang, lamun ana jaka prapti.

38. Bocah bule mata siwar, lah ta iku yektine iya mami, amesesa ing turunmu." Senapati ngandika: "Nora wedi prapta esuk sorenipun, miwah kakek moyangira, tan ajrih pamocung.

XXV. POCUNG

1. Critanipun sang nata kang manggung wuyung, dhemen mring turangga, suprandene tan lastari, esmu duka sang nata jro-ning wardaya

2. Malhipun kapejahan abdinipun, kuda Juru Taman, nora nana den titihi, de Pragola pan sampun pinaringena.

3. Rayinipun Dipati Pati puniku, marma sri narendra, cegah dhahar lawan guling, lamun dalu sareyan aneng pandhapa.

4. Karsanipun nglelipur panggalhipun, yen dalu sang nata, ingkang kagagas ing galih, mung kang rayi Dipati Jayakusuma.

5. Dene sampun lami tan seba maring sun, mila kagagas. "apa baya sira yayi, arsa nglawan maring ing karatoningwang."

6. Duk puniku kang kemit aneng kadhatun, Panggedhe Jambeyan, lawan Plangitan Kyai, ingkang jagi aneng pandhapa paseban.

7. Wus dinangu ya ta pangandikanipun: "Heh Panggedhe sira, Jambeyan Plangitan ugi, paran baya sira weruh purwanira.

8. Ariningsun, nggone nora seba mring sun, apa darunanya, de lami tan ana prapti, datan karsa seba mring karatoningwang.

9. Laminipun saprene wataranipun, wus ana nem warsa, apa baya yayi sakit, lah Penggedhe matura ing yektinira."

10. Nulya matur Kyageng Jambeyan puniku: "Dhuh dhuh gusti kula, nuwun duka amba yekti, pireng ulun rayi tuwan sang dipatya.

11. Sampun ngumpul Dipati Pati puniku, sagung praboting prang. arsa nglurug mring Matawis, kinten amba datan dangu nulya prapta."

12. Sang aprabu andangu mrih terangipun: "Apa sababira, yayi iku arsa balik, paran baya purwane wani maring wang?".

13. Ki Tumenggung amiyagah aturipun: "Mireng wartos amba, ri tuwan arsa nggentosi. ing kapraban Mataram arsa rinebat."

14. Jeng Sinuhun pan dereng pracayeng kalbu, dhateng Ki Jambeyan, nulya gentos dangu malih, marang wau Ki Ageng ing Palangitan.

15. Kalihipun samya kareh bawahipun, marang sang dipatya, ing Pathi tur caket nagri. "Lah Plangitan kapriye pamirengira.

16. Ariningsun Dipati Pati puniku, apa bener arsa, nglurugi marang Matawis?". Ki Plangitan ature pan ngamandaka:

17. "Dhuh gustengsun sayektos rayi pukulun, arsa mengsah perang dedamel sampun cumawis, kanton nganti kumpule para punggawa.

18. Malihipun saben ari gulang pupuh, marma datan seba, mireng amba sakit galih, dene kuda Juru Taman kinarsakna.

19. Marmanipun puniki darunanipun. Kaping kalihira, wektu baris Pandhan Ardi. jeng paduka tuk putri kalih yu endah.

20. Mung pukulun kang mundhut kekalihipun, boten binageya, rayi Pati nora tampi, mila lajeng dalu kondur tan pamitan."

21. Sang aprabu karaos ing galihipun, baya bener ika, arinta lara kang galih, lajeng legeg kadya tugu sinukarta.

22. Lajeng malebeng maring kadhatun, sare sri narendra, kagagas sajroning guling, katon yuda lan rayi sang adipatya.

23. Rayinipun Jayakusuma kapupuh, marma enjingira, sira wau sri bupati, tur pariksa dhumateng rama pandhita.

24. Sang awiku kang kinarya tuduh. Tan antara prapta, nulya samya tata linggih, gya sang nata ngaturken supenanira.

25. Ri wus katur supena dalu anggalur, Kyai Juru mojar: "Dhuh dhuh angger sri bupati aywa sira mestuti marang supena.

26. Datan perlu ngandel mring supena iku, lawan malihira, apa perlunira sami, sira arsa memungsuhan lawan kadang."

27. Matur arum sang nata marang sang wiku: "Krana saking kuda Juru Taman kula ambil, sun lintoni kalawan Lembu Pragola.

28. Malihipun duk baris neng Pandhan gunung, sun antuk boyongan, pawestri kalih puniki, kang satunggal dereng kawula paringna

29. Rayi ulun lajeng mantuk tanpa tutur, punika purwanya." Kyai Juru ngandika ris: "Adhuh angger aywa sira cekak ing tyas.

30. Datan wurung ing tembe masthi kaduwung, datan wurung sira, kaduwung sajroning ati, dene kadang priyangga arsa mungsuhan."

31. Aturipun Senapati "inggih sampun, kula antuk tandha, Ki Gedhe Jambeyan kalih, Kyai Ageng Palangitan kang wewarta.

32. Kadwinipun tur priksa lamun saestu, arsa ngajak perang, sampun tata gaman neki. arsa nglurug nagari Mataram."

32. Kyai Juru ngandika marang sang prabu: "Apa bener baya, ature kalih puniki glis undhangan ingsun arsa atetanya."

34. Ki Tumenggung myang Ki Gedhe sowan gupuh, ri sampunnya prapta dinangu dening Kiyai, aturira tan beda lawan sang nata.

35. Ngantos dangu Panembahan kaki Juru, datan saged ngucap, puwara ngandika aris: "Kaki nata ingsun asung warta sira.

36. Becikipun paringa layang rumuhun, dhateng arinira, murih pinanggih prayogi, apa bener yen arsa nedya mbalela.”

37. Sang aprabu datan suwaleng jro kalbu, nulya karya serat, pandangan marang kang rayi, wosing serat lir sinom ijemanira.

XXVI. SINOM

1. Ri wusnya palestheng karya, nawala dhateng kang rayi, Rahadyan Jayakusuma, Dipati nagari Pati . Warnanen ingkang tulis, wus dadya winaos sampun, ing ngarsane kang rama. Mangkana kanang kinteki: ”Salam ingsun praptaa mring yayi sira.

2. Arinta Jayakusuma, Dipati nagari Pati, wiyose ingkang kadyeka boya ngapa muhung saking, sing dahat kangen mami, wus, lama sira tan rawuh, marang nagri Mataram apa baya manggih weri, mugi-mugi lah yayi glis sung pawarta.

3. Paran baya nandhang roga, utawa amanggih westhi, miwah kang dadya daruna, de yayi datan sumiwi, apa ta arsa mukir, dhumateng karatoningsun, kalamun tuhu nyata, suwawi dipun beciki, beteng kandel sagung gaman di mirantya.

4. Tan wurung ingsun tumedhak, krana dahat kangen mami, de lami nora kapanggya.” Sampun titi ponang tulis, saking raka narpati, ing Mataram prajanipun, kang kwasa tanah Jawa, Panembahan Senapati, sinung tandha asma tapak astanira.

5. Satamating kang nawala, nulya pinaringken maring, duta anggandhek kembaran, tur sembah mentar tumuli. Daton winarneng margi, samana pan sampun rawuh, Pati ingkang nagara, wus seba marang Dipati, kang wilapa pan sampun ingaturena.

6. Binuka sinukmeng driya, winaos tembunging tulis, kadhadha ijemanira. Jayakusuma Dipati, tan pati-pati angling, anggeget ing wajanipun, krana suraseng serat, tan tuhu iku nimbali, mung kinarya samudana pepulasan.

7. Reka-reka sri narendra, yektine yun mangun jurit. Serat lajeng winangsulan, serat pinaringken aglis, utusan atur pamit, lumengser pan sampun wangsul. Daton winarneng margi, cinatur pan sampun prapti, ing Mataram cumundhuk ngarsa narendra.

8. Wus katur serat wangsulan, binuka sinukmeng tulis, kadhadha jroning wardaya, ki Juru minta udani, saraosing kinteki,

pramila winaca sampun, mangkana wahyanira: "Pahargyan winantu bekti, mugi katur dhumateng raka narendra.

9. Kang masesa tanah Jawa, ngrenggani Mataram nagri, ri sampuning bekti amba, wiyosnya sampun amundhi, paringan nawala ji, animbali dhateng ulun, tuwin narka patik bra, mungkur mring karaton aji, dhuh dhuh aduh katura lepat kawula.

10. Miwah malih kinarsakna, amrayogi balowarti, dene Prabu yun tumedhak ngrawuhi nagari Pati, atur ulun sayekti, tan sedya amungsuh ratu, kalamun paduka karsa, rawuh dhateng nagri Pati, ing sawanci kawula sumanggeng karsa."

11. Titining pinang nawala, sembah sumungkem sing rayi, Dipati Pathi nagara, nganti-anti misudheng sih. Sampuning nawala di, winaos lajeng adhawuh. "pan ingsun arsa tindak, geguyon lawan Dipati." tur sandika kyana patih mepak bala.

12. Wus andher wadya balabar, saguning kliwon bupati, tumenggung kalawan arya panewu demang lan mantri, satriya kang pinilih, wus pepak neng alun-alun, umbul-umbul daludag, bandera maneka warni, kuda liman sadaya sampun samekta.

13. Ingkang binekta mangsah prang, kinarya tunggangan sami, keh wadya tinon balabar, tabuhan mawarni-warni, gong bendhe lawan beri, tinabuhan rame umyung, urut ing marga-marga, tan ana kang lereh sami, sampun tebih lampahnya pra wadya bala.

14. Sentana ji mung kang putra, kalawan Juru Kiyai, kang minangka tuwanggana, kyana patih tangga nagri. Aselur lampah neki, tigang ari dereng kemptut untape wadya bala, saking karaton Matawis. Tan winarna kang mangkat umangsah yuda.

15. Kocap Dyan Jayakusuma, sang Pragola adipati, tan nedya mepak kang bala, gegaman nora miranti, satuhi karsaneki, datan nedya nglawan pupuh, dhumateng ingkang raka, sang Prabu Nata Matawis. Patih matur dhumateng sang adipatya:

16. "Pukulun atur pariksa, lamun wau sri bupati, arawuh ambekta bala, paduka dereng nyawisi, parentah dhateng abdi, samekta mangun prang pupuh, sinten ingkang mapaga." Angandika sang dipati: "Nora susah uwong cilik melu yuda.

17. Ingsun dhewe kang mapaga, yudane sri narapati, pan iku kang kinarsakna. Sapa kalah angemasi. Tyang alit tan udani, ma-

rang dosane wong agung, tan liya pamintengwang, amung surak kepok neki, benjang lamun wus tempuk kang bandayuda.”

18. Kocapa wau sang nata, Senapati sampun prapti, ing Pati sakidulira, bangawan kang mili maring, Juwana ponang kali. Wadya bala ingkang nglurug, lereh neng desa Jethak, mungsuhe nora kaeksi, ingkang nglurug wus miranti mangun perang.

19. Sang nata sedya utusan, Ki Juru ngandika manis: ”Lah ta jebeng dipun sabar, wong perang kang ngati-ati, aywa amburu runtik, wekanana kang pakewuh, yogya wadya leremna, aneng sakiduling kali, antenana wantune sang Adipatya.

20. Dipati Jayakusuma, tan kena karna kasriwing, wantune prajurit tama. Lah mara dhawuha gusti, nggegulang kang prajurit, pasangan mriyem kang agung, Kiyai Kalantaka, tan wande arimu prapti.” Duk samana sang nata nulya parentah.

21. Prajurit ajar brondongan, ajar tumbak lawan bedhil. Kocapa sang adipatya, ing Pati sampun miyarsi, nimbali abdi siji: ”Lah Sutawanenggiteku, ingsun krungu suwara, mriyem Kalantaka muni, mbokmanawa kaka Prabu uwus prapta.”

22. Patinggi atur pariksa, lamun wonten mengsah prapti, baris sakidul bangawan, dhusun Jethak den enggeni, inggih saking Matawis, Senapati ingkang rawuh. Dipati nulya tedhak, pan sarwi mundhut turanggi ingkang ngiring rakanta Pangeran Arya.

23. Kalawan ingkang tamtama, mung nenem kathahireki, sawiji Patih Sumerja, kalih Sutawanengpati, kalawan malih ngiring, Sutawanenggita telu, sakawan Sambapradan, Sambanipis limaneki, kanemira Rujakbeling atut wuntat.

24. Demang Bau nusul sigra, wus prapta tepining kali, Adipati nuli nyabrang tan ajrih waler ing nguni, miwah wana: Dhuh kangmas Nata Matawis sami sugeng rawuhnya paduka nata.

25. Rawuh Pati arsa yuda, arinta sumanggeng karsi, nanging panuwun kawula, sampun ngaben kang prajurit, tyang alit boten uning. dosanya ngawula ratu, suwawi glis miyose, kawula tur pangabekti, rayi tuwan ing Pati mangsa mundura.”

XXVII. D U R M A

1. Dupi wau Senapati ing Ngalaga, mireng sumbaring yayi,

sang Jayakusuma, nantang madyaning rana, ngajak tandhing prang pribadi, kalangkung suka: "Yayi aywa kuwatir.

2. Nora watak pun kakang anglesanana, tan lingsem ran narpati, ingsun sarah sira, apa karsamu baya, ingsun turut sang dipati." Sang adipatya, mangkana atur neki:

3. "Lah ta kangmas paduka kang maringana, pun rayi ingkang ngiring." Bendu Senapatya, anumbak jajanira, jumbleles lir pendah wesi, ingkang tinumbak, ping kalih den tibani.

4. Ping tiganya sang Dipati nora pasah. Asurak wong ing Pati. tabuhan Mataram. umyung swaranira, gong beri gumuruh atri, asurak-surak, ngandika Sri Bupati:

5. "Lah ta yayi wus tita panumbak ingwang, mara genti sireki, sun tamengi jaja, padha trahing kusuma, aja nganggo walang ati." Rayi tur sembah: "Dhuh kangmas nuwun amit."

6. Pan tinumbak Senapati kenging jaja, swaranira cumengkling, anglir numbak waja, tinumbak sami waja, rasukan pan nora bucik, surak pra samya, wong Mataram nahuri.

7. Swara umyung tetabuhan sesauran, gong beri slompret muni, nulya malih ngangkat. Dipati asru numbak, kumencring swaraneki, malih asurak, kuda nyongklang sesirig.

8. Mire nganan kalihe samya anganan, yen ngering sami ngering padha prawiranya, sayekti mandraguna, lumayu wangsul nututi, wus pepanggihan, tumbak tinumbak sami.

9. Nuli ganti kalihe buntar-binuntar, gebang-ginebang sami, sadina mangkana, tan ana kang kasoran, tantara kasaput wengi, sapih kang yuda, bubaran sadayeki.

10. Enjingira wus sami atata bala, kang baris nganan-ngereng, wadya ing Mataram saklangkung kathahira, wong Pati namung sakedhik, jitus saminya, prandene mung nyuraki.

11. Salin yuda Senapati lan Dipatya, ganti pedhang pra sami arame perangnya sabet-sinabet pedhang, aganti tangkis-tinangkis, udreg-udregan, pedhang putung pra sami.

12. Ganti keris suprandene nora pasah, nyuduk ganti-aganti, tan ana kang tedhas. tatu maneh tatua, busik kewala tan mawi, nyata prawira digdaya antuk tandhing.

13. Sampun serap lereh nggennya bandayuda. Enjingira prang malih, sami perang dharat, tan mawi nitih kuda, ganti pedhang ganti keris matak kang mantra, tan ana kang nedhasi.

14. Senapati mangkana pangandikannya: "Lah rayinta den eling, perang lawan kadang, den nganggoa watara, panyudukmu den nemeni. manawa sayah, temah ngunduri."

15. Aturira Rahaden Jayakusuma, tur sembah konjem siti: "Rakanta sang nata, sampun awalang driya, wantune rayi ing Pathi, mundur plarasan, punika boten kepi."

16. Yudanira apan uwus tigang dina, tan ana kang kalindhih. Warnanen samana. pinuju dintenira, Kemis Pon anggennya jurit, sang nata nabda: "Becik salin kang jurit.

17. Ngadu jaya-kawijayan lawan ingwang, kateguhaning jurit, payo ngadu rosa, golek margining lena, kantar bau kih ingungkih, ngadu prakosa sarana taker getih!! '.

18. Sang dipati umatur "Inggih sandika, sakarsanta sang aji, raka Ronggengira. rayi dados badhutnya", sumenteg nala sang aji, "pancen prawira si adhi wani mati."

19. Nuli perang ganti sendhal-sinendhal, dhupak dhinupak sami, junjungjinunjungan, enggok puter gelutan, supe prangira prajurit, saking dangunya, sami kaken ing galih.

20. Pan mangkono Senapati sru manabda: "Dhuh yayi leren sami, ayo padha siram, sarira kuthah lemah!", kang rayi umatur "Inggih, suwawi kangmas, sirama dhateng sani.

21. Pan punika sumur saking tilarannya, Kangjeng Sinuhun Kali, toyanya kawuryan", Senapati ngandika: "Iya yayi iku becik", Wah wanci asar, numpak kuda umiring.

22. Para mantri tumenggung kang aneng wuntat, wus prapta aneng sani, tedhak saking kuda. Dipati aturira: "Suwawi kangmas rumiyin, siram punika, kawula aneng wingking."

23. Senapati lajeng manjing ing padusan, samana aningali, sumur wonten teja, anggantheng trus ngakasa. Bakda siram Senapati, ganti arinya sang Dipati ing Pati.

24. Sang dipati malebet ing sumur sigra, pan inggih aningali, sumur ana teja, manginggil purugira, nanging pegat tejaneki, sang adipatya wus kraos jroning galih.

25. Kalamun ing yuda badhe katiwasan, saking tandha ningali, teja ing akasa nanging pegat kang teja, mangka duk sang Senapati, siram weh tandha, teja manther manginggil.

26. Lajeng sami kondur marang pasanggrahan, ing ratri kang winarni, Dipati ngandika, dhumateng abdinira, nenggih Suta-wanengpati: "Lah benjang enjang, lamun ingsun ngemasi.

27. Enggal sira muliha marang nagara, sireku ingsun tuding, lampusen garwanta, belakna marang ingwang, agung alit ywana kari, ingsun tan lila, binoyong mring Matawis."

28. Wanengpati turira "Inggih sandika." Warnanen Senapati, matur Panembahan, kahananing payudan: "Kadipundi rama Yogi, awrat sangginya, pun yayi Adipati.

29. Pan kawula tan saged amatenana; dhumateng adipati." Sang wiku ngandika, mangkana delingira.

"Benjang lamun sira jurit purihen sumbar, iku apes wong Pati.

30. Wus wantune Dipati Pati rayinta, tan betah den sumbari, yen purun sesumbar, dadi apes jayanya." Senapati matur malih: "Kadi punapa anggennya nyenyumbari.

31. lamun kula larihi lajeng tur sembah, de yen males tur amit, boten tilar krama; kados pundi ken sumbar, satindak tanduking rayi, tan tilar tata, sasat tan ana sisip."

32. Kyai Juru mesem jro tyas sarwi nabda:

"Gampang bae ngakali, wantune rayinta, ing Pati barangasan, nora betah den campahi, marmanta sira, numpaka kuda dhisik.

33. Yen wus numpak nuli sira ngandika:

"Layak sira Dipati, kandel kulitira, de nganggo kere wlanda, pesthine tan pasah wesi, pesthine sumbar, adhimu adipati."

34. Senapati wus tampil wangsit mangkana, enjing gya tata baris, nuju ri Jumuwah, Wage pasaranira, pancen apese wong Pati, dinten punika Senapati miyosi.

35. Numpak kuda apan sarwi mandhi tumbak, Kyai Plered pinundhi, sarwi sumbar-sumbar: "Lah payo yayi mara, padha sami andon jurit aywa ngucira, ya ingsun Senapati!!".

36. Sang dipati nulya nitih kudanira, napas ules wajik, ngembat lawungira Ki Bedru namanira, sasirig madyaning jurit, wus ayun-ayunan, sang nata ngandika ris:

37. "Lah ta yayi sira glis andhisikana!", umatur ingkang rayi: "Sumangga paduka, namani dhateng amba", Senapati angayati, nanging kang tumbak, pan sarwi dipun tinggil.

38. Pamrihira mantep tibanya kang tumbak, kenging jaja amuni, jumbleles swaranya. Senapati ngandika: "Layak adhi sira sekti, tan pasah tumbak, nganggo kere Walandi!".

39. Sru bramantya Dipati Jayakusuma, rasukan dipun wingkis, kang jaja katingal, sarwi sumbar mangkana: "Boten watak tiyang Pati, lamun nganggea kerene tyang Walandi!!".

40. Senapati wus awas pandulunira, jajanya katon kuning, lir kulit wanodya, lajeng sinogok tumbak, Kyai Plered ingkang manjing tumameng jaja, Dipati dhawah nuli.

41. Wus kajodhi Dipati Jayakusuma, tatu lambung kang kering dhawah saking kuda, ingkang kuda lumajar, gelang-gelang layon neki, aminta toya: "Kangmas aywa kawuri."

XXVIII. PANGKUR

1. Sri narendra angandika: "Mara nuli sinungan toya di, mrih ruwating ingkang lampus." Tirta sampun cumepak, nanging sang dipati nora purun, mangkana pangandikanya: "Kalamun prajurit mati.

2. Kasambut ing ngadilaga, pangombene dede toya kang wening, nging toya peresanipun, talethonging turangga." Nulya dhawuh meresaken sampun, ingunjuk tumunten seda, sira wau sang adipati.

3. Warnanen Pangeran Arya, Panjaringan kalayan para abdi, Sutawanenggati ngamuk, lan Patih Dyan Sumerja, Sambanipis, Sambapradan datan kantun, tinadhahan wong Mataram, perang rame silih ungkih.

4. Pangamuke tanpa guna, saking gunging wadya bala Matawis jitus sasat tandhingipun, ngamuke saya nengah, saya prandene, mungsuh tan keguh, nadyan teguh timbul rosa, sayekti datanpa kardi.

5. Sira Sutawanenggita, ingkang aneng pura nenggani siwi, Dyan Janaka kang waruju, saweg yuswa sawarsa, duk samana Sutawanggati ngamuk, emut dhawuhing bandara, gustine kinen mateni.

6. Nuli manjing ironing pura, garwanira Dipati den pateni, garwa putra selir sampun, sadaya sinudukan, sampun pejah amung kanton putranipun, sajuga Raden Janaka, binekta lumayu ngungsi.

7. Dening Sutawanenggita, medal wingking terus palajeng-neki, kang jinujug sedyanipun, arsa den delikena, aneng guwa pratapaning bapakipun, supaya bisaa gesang, den ajak ambangun teki.

8. Kocapa kang bandayuda, sira Raden Arya ingkang pepulih, tatu panah gegeripun, duk ngamuk madyeng rana, nuli lolos mantuk marang Pathi sampun, malebeng masjid sembahyang, lawan bekta terbang neki.

9. Sekargadhung namanira, kang tinabuh ana sajroning masjid, lawan nyandhing waosipun, kang ran Kyai Konang, Kyai Balok puniku namaning dhuwung, rina wengi nora pisah, sangu kudhi lawan keris.

10. Sumawana gamanira, rina wengi nora pisah sinandhing. Ngeca-ece nggennya lungguh, klayan tabuhan terbang, wus ru-mangsa datan menang perangipun, sedyanira arsa kesah, marang Mekah munggah kaji.

11. Warnanen kang taksih aprang, Sambanipis kang taksih perang tandhing, duk uning bandaranipun, Pangeran Panjaringan, sampun lolos lah punapa kang den rebut, gustine sampun palastra, lajeng mundur mantuk nagri.

12. Atanapi patihira, Dyan Sumerja wus mantuk mring nagari, wadya bala ingkang kanton, sami mantuk sadaya, sampun bibar baris kang neng Pati wau, tan mirib lamun ayuda, tanpa bala lawan jurit.

13. Sinegeg kang mantuk aprang, dyan warnanen wau sang Senapati, arsa mundhut layonipun, Dipati Pati ika, ingkang seda aneng paprangan winuwus, de dereng sisig punapa, nora paras mungsuh jurit.

14. Sang nata alon manabda: "Nyata wanter rayinta adipati, dene iku tandhanipun, mangsah prang tan siyaga, tan samekta punapa ing caranipun, satriya kang mangsah yuda, nora paras nora sisig.

15. Mring Pati sang nata tindak, tinimbalan wadya bala kang kari. Wus pepak seba neng ngayun, penuh byantara nata, sang

aprabu pangandikanira arum: "Dhuh sagung kawulaningwang, sa-Pati den parek sa-Pati den parek sami.

16. Lah sapa aranmu baya?", aturipun "Ulun pun Wanengpati, Sambapradan kalhipun, Rujakbeling tiganya, Raden Patih Sumerja sakawanipun, lawan sagung kang tamtama", sang nata ngandika aris:

17. "Heh heh prajurit sadaya, becik sirå nungkul mring mami, sun wuwuhi palungguhanmu, kang sapuluh rongdasa, ingkang satus ingsun ganjar kalih atus." Pra wadya matur lenggana, nuwun bela marang gusti.

18. Sang nata narik curiga, suprandene tan ana kang nedhasi, tinumbak lawan sinuduk, binedhil nora pasah, samya ngucap mangkene paturanipun, murih enggaling palastra, sedya bela marang gusti.

19. Wanengpati aturira: "Pan kawula saged pejah puniki, kalamun amba ingekum", Wanenggita turira: "Amba gusti saged pejah raga ulun, kalamun dipun prakosa, jinunjung lawan binanting."

20. Sambapradan aturira: "Pejah amba sinruduk dening sapi", Sambanipis aturipun: "Den tong kawula pejah." Sang aprabu dhawuh nglunasi mrih lampus, kang minta bela gustinya, tan arsa ginawe becik.

21. Wus palestha sadayanya, pejahira samya mawarni-warni. Sawusing pakaryan rampung. wonten abdi tur priksa, jroning masjid taksih wonten kang pitekur, sang prabu lajeng tedhak, minggah masjid mariksani.

22. Tuhu wonten satunggal, sujanma pitekur sajroning masjid, sarwi nabuh terbangipun, nyandhing dhuwung lan tumbak, sri narendra mangkana pandangunipun: "Lah ta jeneng sira sapa?", kang dinangu angabekti.

23. "De amba Pangeran Arya, Panjaringan kaipe lan Dipati, marmanta amba pitekur, tan nedya mangsah yuda, sedya amba badhe minggah kaji tuhu", ngandika sri naranata: "Dene sira tan nuturi.

24. Mangka kang kaprenah tuwa, sabab apa dene tan melu jurit?", kang tinanya aturipun: "Amba tan wuninga, sedyanira

ari amba ing satuhu, yektos sedyamba punika, arsa nyantri mung-
gah kaji.

25. Tan tumut mangreh nagara, sampun lami pitekur aneng masjid." Sang nata angandika rum: "Coba pinriksa badannya, apa bener dheweke nyata pitekur!". Puwara klambi binukak, ana tatu gaman siji.

26. "Dhuh gusti punika tandha, gegerira tatu panah sawiji, tabet pan maksih kadulu!", sri nata sru manabda: "Yen mangkana kakang tan tuhu aturmu, dene katon tabet panah, lawan maneh nyandhing keris.

27. Kudhi sangut lawan tumbak, nggih punika pirantine wong jurit. Jeng Pangeran matur "Nuwun, pan saking ajrih amba, sajatosé rayi paduka puniku, tan nedya lumawan aprang, mung ngladeni pamundhut ji."

28. "Yen makatenipun kakang, sasirname adhi sang adipati, jengandika ingkang patut, gumantos adipatya, gentosipun Adipati Pati wau, pepatih Raden Sumerja, matihi rama pribadi.

29. Lawan malih kula tanya, mungguh uwa Panjawi wonten pundi?". Pangeran Arya umatur: "Rama tuwan wus seda", "Wonten pundi pasareyanira wau?", kang tinanya aturira: "Sumare neng dhusun Sani."

30. Sayektine matur dora, mangka sinareken neng Siti Inggil, neng Parenggatang puniku, krana sampun winekas, kuburipun sampun katur sang aprabu. Sasampunira mangkana, sang nata tumulya mijil.

31. Medal saking pasalatan, den iringken Pangeran lawan siwi, arsa manjing jro kadhatun, mariksa dalem pura, kadang estri pinanggih pan sampun lampus, seda kenging ing curiga, putra selir megat ragi.

XIX. MEGATRUH

1. Sang aprabu pariksa mring kadangipun, garwanira sang dipati, pejah lawan putranipun, gumuling neng tilam sari, tatu keris pernah lambong.

2. Inggang pejah sadayanya tatu dhuwung, sang nata trenyuh

ningali, tan tegel mulat retna yu, kadang estri den rungkebi:
"Adhuh yayi kadang ingong.

3. Paran baya dene yayi padha lampus, sapa ingkang amejahi, apa bela mring rabimu, trisna temen sira yayi, den pilaur prapteng layon."

4. Wonten emban ingkang matur sang aprabu: "Punika ingkang mejahi, Sutawanengpati wau, saking dhawuh sang dipati, mrih sampun ngantos binoyong."

5. Sang aprabu myarsa atur langkung ngungun: "Dhuh dhuh adhiku dipati, apa margane sireku, dene numpes anak rabi, kaya duwe satru batos."

6. Nulya wau sang aprabu malbeng pungkur, mariksa mring dalem puri, pariksa yen arinipun, adipati nora yekti, nggennya nedya perang pupoh.

7. Awit dene pusakanira sawegung, tumbak keris aneng pethi, nora ana kang den jabung, ing landheyanira sami. tandhane tan nedya rempon.

8. Lawan yayi durung sisig wajanipun, sayekti tan nedya jurit, dene saking aturipun, Ki Gedhe Jambeyan sisip, Palangitan iya goroh.

9. Nora kena ginugu ing aturipun, baya samya arsa ngendhih, palungguhe kadangingsun, matur dora nora yekti, iku dosa gedhe yektos.

10. Tiyang kalih tinimbangan sang aprabu, Jambeyan Palangitaning, wus prapta ing ngarsanipun, tumulya dipun pateni: "Pagene caramu rusoh.

11. Adhi Pati nora nedya perang pupuh, aturmu anggulang jurit, tumbak keris tan jinabung, iku tandha sira sisip, lah rasakna sira karo.

12. Saturunmu tan ana mulya ing besuk, tyang Jambe tan jaya malih, kaluhuran nora tulus!!", Sasampuning sri bupati, mradana ngandika alon.

13. Kunarpane kang rayi dipati wau, klayan garwa putra selir, tanapi pra wadyanipun, ingkang samya bela pati, kinen sami ngubur, awor.

14. Aneng Sani dipati panguburipun, benjang iku sun boyongi, dhumateng praja Mataram. Ri sampunnya sri bupati, arsa kondur agadhaton.

15. Nulya kondur mring Mataram nagrinipun, raja-brana tan den ambil, piningken kadangipun, Pangeran Arya puniki, jume-neng Dipati gantos.

16. Lawan Patih Rahaden Sumerja wau. Tur bekti sagunging sisip. "Dhuh kakang kantun rahayu, kawula aminta pamit, kondur marang ing kadhaton."

17. Sampun bidhal sang nata lan wadya sagung, tinon dahat sri kaeksi, ambalabar wadya kebut, tabuhan rame amuni, tandha menang andon pupoh.

18. Tan winarna sang nata ing konduripun, mangsuli kang nedya ngungsi, kang wus kasebut ing ngayun, putranira sang dipati, ingkang binekta lunga doh.

19. Dening emban Sutawanengraga sampun, mlebet guwa amertapi, belenderan guwanipun, pratapane sang dipati, karsane ingkang amomong.

20. Dimen gesang sawiji punika besuk, panjanga lelakon benjing, trah tumerah anak putu, malbeng guwa jroning siti. Saben ri-ari pinondhong.

21. Pan kinudang mangkana ing wuwusipun, sang dipati sampun lalis, Dyan Janaka ingkang kantun, gugup medal arsa dhelik, saemper lir bocah bodho.

22. Ing saparan-paraning lare lumaku, lir bocah bodho sayekti, kabanjur bodho saestu, wit alit den jak martapi, lami lami nuli manggon.

23. Aneng kreteg desa Tayu aranipun, kathah bakul kang nyangoni, yen laris anuli kaul, asung kembang boreh saji, dhumateng ing Jaka Bodho.

24. Yen tinanya Rahaden sapa aranmu: "Aku suta Bodho kyai", nora sanes sahuripun, "Embah suta iya mami", lami-lami pan kawartos.

25. Akeh janmi ingkang sami nyadran kaul, dhateng wau raden kyai, Suta Bodho kreteg Tayu, awase lare ngluwihi, durung winarah wus weroh.

26. Ing sadaya punapa pitakenipun, Kyai Suta mesthi uning, dadya kathah ingkang rawuh, asung pangan ana picis, kembang boreh kongsi nglumpok.

27. Pan misuwur kaloka mring liyan dunung, kalih taun lami neki, lajeng ical lare wau, wus kajiman dadya ejim, Dyan Janaka iku yektos.

28. Nuli ngalih marang Clering anggenipun, gunung sepi den dunungi, kathah ejim sami tumut, ngawula mring raden pekik, dadya ratuning gendruwo.

29. Ingkang ngratu dhateng rahaden bagus, kathah sami angarani, Kyai Suta Bodho iku, jatine raden puniki, tapa banjur salah dados.

30. Sapungkure manungsa tan ana weruh, wus marayang kadya ejim, peri perayanan ngumpul, jim roban samya umiring, miwah mandhalika awor.

31. Ing Jepara punika pasabanipun, lamun ana janma sedhih, Kyai Suta sebutipun, tinedhan sakarsa dadi, sinajenan jambe suroh.

32. Srebat degan nora lali nganggo candu, cengkaruke gimbal gendhis. klasa anyar kendhi agung, saben Jumuwah ngutugi, Kyai Suta yekti rawoh.

33. Kang mangkana iku ngiwa dadinipun, kasebut manganan kalih, aywa pisan sira enut dadi lampah tan prayogi, saksat mukir mring Hyang Manon.

34. Nanging kathah wong paraon samya kutug, saking piyandeling galih, yen lelayar ywa kaganggu, Kyai Suta gunung Clering, ombak ageng dadi adoh.

35. Wus dilalah karsane Hyang Maha Agung, akeh janma ingkang kerid, ing pamanggih nora jujur, katut kaluyu ing jajil, yekti tan manggih krahayon.

36. Titi tamat pitutur ingkang tumuntur, wahyaning rawi ginurit, surya sangkaleng winangun, tataning aksi trus aji. tetenger-ing cariyos.

T A M A T

SERAT BABAD PATI

A. M. Sosiosumarto / S. Dhyosudir
Yanti Darmono



PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

Perpustakaan
Jenderal K

899..

SOS

S